12+

12

2014





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2014

12

2014

# ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2014

## НОМЫРЫ ИС:

**Цитатæ** 5

*КЪОДОТЫ Альберт.* **Æуyæнчы фарн.** Æмдзæвгæтæ 6

*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Мæйты дæргъæн aзтæ.** Дарддæр 17

*РÆМОНТЫ Геор.* **Дзымандытæ.** Æмдзæвгæтæ 48

*ГУСАЛТЫ Барис.* **Стæмтæй иу.** Цардвæндаджы уацау. Дарддæр 51

**МИГЕЛЬ ДЕ УНАМУНО: 150 АЗЫ**

*Мигель де УНАМУНО.* **Радзырд, æмдзæвгæтæ, афоризмтæ, цитатæтæ** 95

**НÆ АХУЫРГÆНДТÆ**

*ГАСАНТЫ Валери.* **Хорздзинад нæ сæфы.** Уац 109

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Дзесты Куыдзæджы сфæлдыстад** 114

**ÆВЫД –ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Рæстæгæй иппæрд æмдзæвгæтæ** 130

*БЫГЪУЫЛТЫ Къола.* **Æлвæст хъуыдытæ** 134

**«МАХ ДУГ» 2014 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА** 135

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци*
*алкæд разы нæ вæййы*

Адæмы астæу дæ бынат ссар æмæ ахæм ран сбад, дæлдæр абад, зæгъгæ дын куыд ничи зæгъа.

*Ирон æмбисонд*

* * *

Цы бынат дын æмбæлы, уымæй дæлдæр сбад.

Дæлдæр абад, зæгъгæ дын зæгъой адæм, уый бæсты зæгъæнт: уæлдæр сбад. Йæхи уæлæмæ чи тæры, уый хуыцау æрæппары, бонзонгæйы та уæлиаумæ сисы.

*Талмуд*

*КЪОДОТЫ Альберт*

# ÆУУÆНЧЫ ФАРН

* * *

Адæм æмæ цардыл
Цасфæнды дæр худ –
У цыбыр дæ рæстæг,
У цыбыр дæ дуг.

Нæй зæххыл рæстдзинад...
Сайынц нæ ныр дæр.
Дзурынц – уыд сæрибар
Адæймаг кæддæр.

Фæлæ мæ нæ уырны –
Уымæн æмæ нæй
Барвæндонæн райсæн
Арвы бын ныфсæй.

Цардæн гуырд нæ фесты
Адæм... Æмæ... Гукк! –
У цыбыр нæ рæстæг,
У цыбыр нæ дуг.

* * *

Мæ зæрдæ мын рæвдауы
Дæ фæлмæн худт – мæ цин...
Мæ рог хъысмæт нæ фауын,
Хуымæтæг у мæ дин.

Нæ дæ агурын бирæ –
Æрмæстдæр у лæгæн.
Куыд фæбæззæм нæ Ирæн
Нæ дыууæ дæр ныфсæн.

Цæр мын æмæ дæ цардæй
Лæджы зæрдæ рæвдау,
Куыд нæуал курон зардæй
Æууæнчы фарн æфстау.

Æмæ йæ зон: зæдыстæг
Хуымæтæджы нæ дæ –
Ды дæ лæгæн йæ хъысмæт,
Йæ Хуыцау дæр ды дæ.

* * *

Дардта дымгæмæ йæ хъус
Пепела-гæлæбу.
Стæй уæд сабыргай ныхъхъус
Уардийыл æгънæгау.

Хурæй не ‘мбæхсы йæ цин.
Буц уардийыл – сихæй.
Сты йæ базыртæ зæрин,
Фатау раст – йæ рихи.

Ничи... Чи байсдзæн йæ тых
Стъалыты ‘хсæн æрдзæн?
Йемæ адæймаг æдых
Нæу æмæ нæ уыдзæн.

У йын алцыдæр æнцон,
Алцыдæр ын барст у.
Нæй йæ диссæгтæн кæрон,
Арæн та – йæ уарзтæн.

Æмæ æрдзимæ æмдзу –
Рæстæгыл æгънæгау.
Хъазы хуримæ мæ уд –
Пепела-гæлæбу.

* * *

Цы уæлдай ма у ныр?!. Кæй дæ нымайын хардзыл,
Кæй ма мын дæ зынаргъ, кæй ма дæ уарзын, уый?..
Уыдис нæ царды уарзт. Уыдис нæ царды уалдзæг.
Уыдис нæ царды мæт... Уыдис – æмæ фæци!..

Цы уæлдай ма у ныр, кæцæй ныл дымы дымгæ?..
Цы уæлдай ма у ныр, кæмæн кодтон хатыр?..
Æз райдыдтон дæуæй. Æмæ хуыссын дæ зынгæй...
Цы уæлдай ма у ныр?!. Цы уæлдай ма у ныр?!.

Нæй рæстæгæн кæрон... Æниу – цы у, нæ зонын.
Цæмæн æм кувы лæг?.. Кæдæм кæны лæджы?..
Уыдис мæ царды уарзт, æвдадзы хос æй хонын.
Уыдтæ мæ царды ды. Уыдтæ мæ царды ды!..

Куыддæр ныхъхъус уа бон, куыддæр ныхъхъус уа æхсæв,
Куыддæр фæуой сæ дзырд æрхæндæг æмæ маст, –
Цу! Мауал кæс мæнмæ æвæлмасæй, æдыхстæй...
Фæндагсар дын мæ уд. Фæндагсар дын мæ уарзт.

Цы уæлдай ма у ныр, кæй ныккастæн мæхимæ?..
Кæй мыл ныккалди арв, дæ цæстытау æмыр?..
Кæй мæ азылдтæ, уый, мæ фидæнимæ иумæ?..
Цы уæлдай ма у ныр!.. Цы уæлдай ма у ныр!..

* * *

Ма кур иу сом дæр æфстау.
Искæй ныфсæй ма цæр.
Мастæн, бауæнд мыл, æгъдау
Никуы уыди хъацæн.

Зæрдæ никуы уыд мæгуыр,
Фæлæ сæр мæгуыр у –
У йын искæй худ ыстыр,
Хи худ та гыццыл у.

Нæй нæ гæнæнтæн гæрæн.
Æмæ цæр дæхицæн.
Царды алцыдæр лæгæн
У кæнгæ йæхицæй.

Ма у зыд, дæ тыхтæ бар.
Уый бæрц дæ цы хъæуы?
Æмæ йæ дæ зæрдыл дар,
Алцыдæр кæй фæуы.

Æрдз цæры. Цæры ныфсæй,
Бирæ сты йæ хæстæ.
Æмæ бацархай, цæмæй
Баззайа дæ фæстæ.

Цард куыст у. Цæрын дæр – куыст,
Сахуыр дзы у кусын,
Æмæ макуы зæгъ – æммыст,
Ницы ис æнусон.

Ма кур иу сом дæр æфстау,
Искæй зондæй ма цæр.
Мастæн, бауæнд мыл, æгъдау
Никуы уыди хъацæн.

* * *

Уынын æй ныр, æввахс кæй у мæ кæрон.
Тыхсы Хуыцау?.. Цыфæнды дæр кæнæд!
Хъæуы йæ цард? – Хъæуы, æмæ цæрæд!
Мæ фæлладæн æнусон цард æгæр у.

Стæй чи загъта, къуырма уæвын æвзæр у?
О, у уæззау, у тынг тызмæг мæлæт!
Зын уыдзæни йæ райдиан, æлгъæд,
Фæлæ йæ зонын – хорз уыдзæн йæ кæрон.

Мæ рихи даугæ, ингæны хуысдзынæн,
Æнæдастæй, чъырау хусæй, къæдзæй,
Дымст зулчъытимæ зарджытæ кæндзынæн,

Кæнæ мæхи æлгъитдзынæн хъæрæй,
Цæмæй фæсурон хæйрæджы мæ фынæй,
Æмæ нæ уыдзæн бонджындæр мæнæй.

* * *

Мæ иунæгдзинад, ма мæ ардау цардыл.
Фæлтау мын ракур судздза хурæй зынг,
Ныфсы фарн – хæхтæй, амондæй – уылынг,
Æмæ сæ ног кæрц бахуыйон мæ зардæн.

Кæдмæ зилдзынæ дунейыл æнкъардæй?
Ис рæстæг – æмæ нæу æдзух фæрныг!
Фæлæ мæгуыр у, чи йæ хоны рыг,
Æмæ йæхи уд чи нæ уыны дардæй.

Цы стæм, æцæг, æнæ адæм, зæгъ-ма?
Ды та, мæ хæлар, разындтæ къуырма.
Мæ иунæгдзинад, фегад дæ мæ цæсты.

Ныууадз мæ! Цæр! Æнæ мæнæй æрмæст.
У цонгджын. У æппæтæй дæр æххæст.
Фæлтау... хъыбыл ысхæсдзынæн дæ бæсты.

* * *

Куы нæ дæ уарзин, уæд æртæхы цъыртт нæ уаин.
Нæ уадзин милау уæд къуымтæ-къуымты мæ фæд.
Уæд архаин тыхæй. Сæнттæй мæхи нæ саин.
Дæрзæг уаид мæ дзырд, куы нæ дæ уарзин, уæд.

Куы нæ дæ уарзин, уæд уырдыг нæ лæууин хурæн,
Нæ мын уаид зыны æфсымæрау йæ тын.
Зындæр мын уаид уæд мæ сау хъуыдытæ сурын,
Зындæр мын уаид уæд дæ сау зæрдæ быхсын.

Куы нæ дæ уарзин, уæд нæ рыст хæхтыл æртыхсин,
Ныллæмарин мæ уд рæгъæд сынкъау ызнæт.
Зæгъин дын уæд æргом: «Мæхи удыл нæ тыхсын.
Ды уыдтæ æмæ дæ мæ рис æмæ мæ мæт».

Куы нæ дæ уарзин, уæд ныппырх кæнин мæ фæндыр,
Æмæ ыскæнин арт æз йе схъистæй хъырнгæ.
Мæ худ хæрдмæ æхсин – цы дзы зонын æцæг дæр?
Дыуумæ мучъийы ис, мæ хæрдзтæ та – сæдæ.

Куы нæ дæ уарзин, уæд æфсис нæ зонин уарзтæй.
Нæ цæуид уæд фæсмон мæ зæрдæмæ хæстæг.
Æвзонг талайау уæд ысраст кæнин мæ астæу,
Уæндон уаид мæ каст, куы нæ дæ уарзин уæд.

* * *

Нал кæнын мæ сæрæн,
Бадомдтат лæджы –
Иуырдыгæй зымæг,
Иннæрдыгæй ды.

Ехх, æвæдза хорз уыд
Раджы кæддæр цард, –
Уыд сыгъдæг мæ зæрдæ,
Уыд уæндон мæ зард.

Ныр кæсын мæхимæ,
Ныр кæсын дæумæ.
Алцæуыл дæр – разы,
Алцæмæ – цæттæ.

Æмæ мын мæ мукъу
(Цин кæныс, хæрзаг!)
Зивæггæнгæ хойы
Мустучъийæ уад.

* * *

Хур йæ хъару фесæфта,
Ма йæм кæн хæрам –
Бауæнд мыл, дæ зæрдæйы
Баззади йæ хъарм.

Нæй цæрæн æнæ ныфсæй,
Æмæ ма кæн хъаст, –
Зонын æй, фæлывдæй дыл
Рацыди дæ уарзт.

Ма йæ æлгъит, курын дæ,
Ма йæм кæн хæрам, –
Бауæнд мыл, дæ зæрдæйы
Баззади йæ хъарм.

Цин æмæ æнхъæлцауæн
Никуы уыд цæлхдур, –
Райсом та дæ тавдзæни
Ног тыхимæ хур.

* * *

Хур фæуагъта мигъты
Фæскъæсæр кæмдæр.
Хъазы, калы авгау
Дун-дуне цæхæр.

Цъиуы цъиу æйййафы,
Зары зарæг дон.
Ис гæрæнтæ цардæн,
Фæлæ нæй кæрон.

Арвæй нæм йæ бæхыл
Уастырджи æрхызт.
Уæдæ ды цы кусыс?
Гъа-ма, тагъддæр сыст!

Зæхх тæлфы фырцинæй, –
Æмæ сты уæлдай
Хъаугъа æмæ бустæ,
Хыл æмæ тæргай.

Амонд æмæ уарзтæн
Никуы уыд æфсис.
Сис дæ къух дæ хъыгтыл,
Цины сыкъа сис!

Алцыдæр нывыл у,
Иугæр нын Хуыцау
Радта зæхх цæрынæн,
Фарнæн та æгъдау.

Судз, мæ хур, дæ зæрдæ,
Ног фæндæгтæ мыс.
Ды – йæ уидаг цардæн,
Цалынмæ цæрыс.

Æмæ ма фæрс тарстæй:
«Зæрдæйыл цы ‘рцыд?»
Хъуыд, æнæмæнг, фæззæг,
Фæлæ сæрд дæр хъуыд.

* * *

Уазал уыд ызнон дæр,
Рахъарм и æваст,
Æмæ у уæндондæр
Бур хурæн йæ хъазт.

Буц у арв йæ цъæхæй,
Фæлæ у мæгуыр.
Амондæн бæллæхæй
Чи ‘хгæны йæ хъуыр?

Адæм, ма ут хицæн!
Иумæ стут æфсад.
Барæй цард уæхицæн
Ма кæнут æнад.

Æмæ у, мæ зæрдæ,
Барджындæр ды дæр.
Ма аздæх дæ фæндæй
Æмæ дарддæр цæр.

* * *

Фыццаг хатт мын мæ иунæгдзинад дзуры:
«Дæ æрдзы уидаг, цалынмæ цæрыс,
Дæ хивæнд уд сæууон æртæхæй ныхс,
Ыстæй æрхон дæ сидзæр фынгмæ хуры».

Æмæ, æцæг, цы уæлдай у, цы куры
Лæгæй Хуыцау? Цæмæй гуырд у йæ чырс?
Дæ тыхстæн аххос цасфæнды дæр мыс,
Уæддæр лæг дæ æмæ дæ рæстæг суры.

Нæй фидæн зæххæн, рæстæгæн дæр нæй,
Æмæ уæ курын – ма дзурут хъæрæй.
Ныууадзут, адæм – ма хъазут уæ тыхæй!
Фыццаг хатт у мæ иунæгдзинад раст –
Кæрæдзи тонынц амонд æмæ маст,
Æмæ сæ тох нæ фæуыдзæн æмдыхæй.

* * *

Мыстæй мыст гуыры, хъугæй та рæуæд.
У æрдз æргом, гæды митæ нæ зоны. –
Кæсаг хуылыдз у, батардта йæ доны,
Цъæх бирæгъæн та бабар кодта хъæд.

У афтæ æмæ афтæ дæр фæуæд.
Хъыбыл хъыбыл у, у æмæ йæ зоны, –
Хъыбылы цард ын стыр æрдзæй тæрхон у,
Æмæ йын у зынаргъ æмæ æгъгъæд.

Фæлæ сылгоймаг... Атона йæ арс.
Цæмæй конд у? Цы зæд хæцы йæ фарс?
Йæхицæй царды ницы ис ыстырдæр.

Нымад æм не сты рæстæг æмæ æрдз, –
Йæ хивæндæй куы не скæны æфхæлц,
Уæд гуырынц уымæй мыст æмæ хъыбыл дæр.

* * *

Рудзынг, цы кодтай?
Рæстæгау раст
Ивыс дæ цæсгом,
Ивыс дæ хъазт.

Иу уысмыл урс дæ,
Иннæйыл сау.
Цыма нæ арыс
Амонд мæнау.

Æви йæ зоныс –
Ме ‘мгъуыд æрцыд.
Урс дæр фын уыди,
Сау дæр фын уыд.

* * *

Чи мын дæ, зæгъ-ма йæ?
Цæй, нырмæ кæм уыдтæ?
Уарзын дын дæ бахудт,
Уарзын дын дæ дзырдтæ.

Алæууыс мæ цуры –
Базыртæ мыл зайы.
Сабыргай мæ зæрдæ
Хуры тынау тайы.

Не ‘мбарын, кæцон дæн,
Не ‘мбарын, цы кусын,
Æмæ дын дæ дзырдтæ
Алы хатт нæ хъусын.

Ацæуыс мæ цурæй –
Мастæн мын æгъгъæд у.
Атæхы мæ хъуыды
Уайтагъддæр дæ фæдыл.

Нал мæм хъуысы рæстæг,
Нал мæм хъуысы цард дæр.
Цыма зæхх фæкъæртт и,
Æмæ дзы ныххаудтæн.

Хъуысынц ма æрмæстдæр
Хаттæй-хатт мæ дзырдтæ –
Чи мын дæ, зæгъ-ма йæ,
Стæй нырмæ кæм уыдтæ?

*ДЗАСОХТЫ Музафер*

# МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ*

*Цыбыртæгондæй*

* * *

Хæсты хæдфæстæ уыдис уый. Адæмæн сæ туг сæ цæстытæй каст, фæлæ, фашистон Герман йæ зонгуытыл кæй лæууыд, уый зæрдæты ныфс уагъта, адæммæ пырх горæттæ æмæ хъæуты сæрты зынд хуызæр фидæн. Уæвгæ, хæст йæ тæккæ цыренæй куы уыд, уæд дæр æууæнк нæ сæфти, цард мæлæты коммæ нæ каст, рæстæг йæхиуæттæ домдта.

Афтæ кæй уыд, уымæн хорз æвдисæн – Ирыстоны куырыхондæр лæгтæ: Абайты Вассо, Багаты Никъала, Дзанайты Иван, Боциты Барон æмæ Епхиты Тæтæри уæхскуæзæй куыстой ирон адæмы цытджындæр хæзна – Нарты кадджытæ æмбырд кæнын æмæ мыхуыры рауадзыныл. Сæ арфæйаг фæллой сцæттæ æмæ боны рухс федта 1946 азы. Куы зæгъын, хæсты фæудыл афæдз йеддæмæ нæма рацыд, афтæ.

Чиныджы рацыд ирон адæмæн уыд бæрæгбоны хуызæн, алы ирон хæдзары къæсæрæй дæр чи бахызт, алы ирон зæрдæйы дуар дæр чи байгом кодта. Адæм кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг уадысты, цин кодтой стырæй, чысылæй.

Мæныл уæд дæс азы дæр æххæст нæма цыди, фæлæ мæ цин иннæты цинæй

* Дарддæр. Райдайæн 2010 азы 8 – 9-æм æмæ 2011 азы 10 – 11-æм номырты, стæй ацы азы 11-æм номыры.

къаддæр нæ уыд. Чиныг куы федтон, йæ фæлгонцимæ йын куы базонгæ дæн, уæд зæххыл нал хæцыдтæн. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма нæртон хъæбатыртæм мæхæдæг дæр цыдæр бар дардтон, стæй мын сæхæдæг дæр æцæгæлон нæ уыдысты. Уæвгæ та «цæмæдæр гæсгæ» дзæгъæлы зæгъын, уымæн æмæ нæ таурæгъон фыдæлтæ – нæртон адæм алы ирон адæймагимæ дæр тугдадзинтау баст сты, сæ цард æмæ архайды не 'гъдæуттæ ирдæй зынынц, нæ фарн æмæ дзы уæздандзинад æрттывдтытæ калынц.

Цæмæй мæ цин йæ гаччы сбадтаид, уый тыххæй мæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд, цалынмæ мæ мад быдырæй æрбаздæхтаид, уæдмæ. Æртæ туманы – уый аргъ уыди чиныг – сидзæргæсы хæдзары æвдæлонæй кæм хъуамæ лæууыдаикккой! Æнæмæнг сæ хъуыди искæмæй æфстау ракурын.

Мæ мадæн хъуыддаг куы бамбарын кодтон, уæд сагъæсы бацыд. Нæ сыхæгтæ махæй бирæ хъæздыгдæр нæ уыдысты, стæй куы уыдаикккой, уæддæр курын зын у. Æнцондæр нæ уыд, цы ракуырдтаис, уый бафидын, мæ мад æхца кæм ссардта, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ, æмхæст æртæ сырх туманы мæ къухы куы бафтыдысты, уæд фæстæмæ дæр нал фæкастæн, афтæмæй дуканимæ фæцагайдтон. Сырхсырхидцъар дынджыр чиныгимæ фæстæмæ нæхимæ балæууыдтæн. Цалынмæ мæ къухтæ ныхсадтон, уæдмæ йæ рафæлдахын мæ зæрдæ нæ бакуымдта.

Раздæр ын фæцин кодтам йæ нывтыл. Сæ алкæцыдæр нæ-иу æнахуыр дунейы балæууын кодта, сæвзæрд-иу нæм æнæкæрон сæрыстырдзинад.

Уыцы диссаджы уысмтæ мæ никуы ферох уыдзысты. Мæ дыууæ кæстæр хойы скъоламæ нæма цыдысты, мæ мад та æнахуыргонд уыд, фæлæ æнæхъæн бинонтæй дæр æмбæрстам, нæ хæдзары фыццагдæр цы чиныг фæзынд, уымæй кæй фæхъæздыгдæр стæм, нæ фарныл кæй бафтыд. Ноджы диссагдæр та уыди, кæсын æй куы райдыдтон, уæд. Цастæ мын æнтысти, фæлæ уæддæр. Кастæн, цас мæ бон уыд, уыйбæрц. Суанг ма-иу нæм сыхæгтæ дæр æрбацыдысты хъусынмæ.

Абоны хуызæн мæ цæстыл уайынц, «Нарты каддæжыты» цы диссаджы ныв тæ уыдис, уыдон. Сæ алкæцы дæр мæм дзы дзуары хуызæн каст. Чи сæ сфæлдыста – Тугъанты Махарбег, – уый дæр зæххон адæймагыл нæ нымадтон. Уæларвон тыхæй хайджын æй æнхъæлдтон. Уæвгæ, уый æнæмæнг дæр афтæ уыди...

* * *

Битъи бригадирæй куыста. Адæм дзы хъаст кодтой. Семæ дзырдта тызмæгæй, хатыр никæмæн кодта. Йæхи-иу дзы чи куырдта, уый-иу хъæры бын фæкодта. Адæймаг цы уавæры ис, уый йæм никуы бахъардта. Иуахæмы та Лезурханимæ сбыцæу. Сылгоймаджы тынг смæсты кодта, æмæ йæм уый дæр нал фæлæууыд:

– Рынчын нæ кæныс, фæлæ мæлгæ дæр нæ кæндзынæ? Уæддæр дæ нæ фервæздзыстæм?!

* * *

Алан йæ мадимæ уыдис Цъæйы. Уыцы рæстæджы уым йæ улæфт уагъта мæ зонгæ профессор йе мбæлттимæ. Лæппу, æвæццæгæн, фыдуаг кодта, æмæ йæм Хъайто бавзыста, фæлæуу, æз мæнæ Музаферы фенон æмæ, ныхасмæ кæй нæ хъусыс, уыдæттæ йын радзурон. Алан дæр дзыххъы лæуд нæ разынд:

– Æз та уæхимæ ныффысдзынæн, Хъайто Цъæйы алы бон дæр йе 'мбæлттимæ нуазы, зæгъгæ.

* * *

Фыссæджы ныхас кæдæмыты хъуысы, уый диссаг у. Нудæсæм æнусæй Николай Некрасов йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта æмæ йæ ныхæстæ дыууын фыццæгæм æнусмæ хæхтæ æмæ быдырты сæрты азæлгæ æрхæццæ сты:

*Где вы – певцы любви, свободы, мира*
*И доблести?.. Век «крови и меча»!*
*На трон земли ты посадил банкира,*
*Провозгласил героем палача...*

Æмæ дарддæр зæгъы:

*Толпа гласит: «Певцы не нужны веку!»*
*И нет певцов... Замолкло божество...*
*О, кто теперь напомнит человеку*
*Высокое призвание его?..*

Æцæгæйдæр, чи?

* * *

Дæ хæлæртты быцæуы бацæуыны бæсты де знæгты быцæуы бацу, уымæн æмæ дæ хæлæрттæй иуы дæхицæн знаг скæндзынæ,

де знæгтæй та – лымæн. Уый ног эрæйы агъоммæ куырыхон Биант загъта. Фæлæ мæнæ ацы зондджын ныхас чи загъта, уый нæ зонын: «Дæумæ дæр – фæткъуы, мæнмæ дæр. Куы сæ баивæм, уæд нæ иумæ дæр фæткъуы уыдзæн, не 'ннæмæ дæр, фæлæ, цы зонæм, уый кæрæдзийæн куы радзурæм, уæд дыууæйæ дæр фæзонджындæр уыдзыстæм».

* * *

Фылдæр адæм хæрзхотæ æмæ хæрзæфсымæртæ вæййынц. Фæлæ ма вæййы æндæрхуызон хотæ æмæ æфсымæртæ дæр: мадæй – иу, фыдæй – хицæн, мадæй – хицæн, фыдæй – иу. Цымæ дзы кæрæдзимæ кæцытæ хæстæгдæр сты? Зын фарст дæттын мæхимæ, ахæм хæстæджыты бафæрсынмæ та мæ ныфс нæ хæссын. Кæмæ куыд фæкæсдзæн, чи мæ куыд бамбардзæн – Хуыцау йæ зонæг.

Мæхинымæр та æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: æвæццæгæн, мадæй – иу хотæ æмæ æфсымæртæ хæстæгдæр сты. Чи зоны, фыдæй – иу.

Мæгъа...

* * *

Рихитæ йыл ис, суанг ма боцъотæ дæр, фæлæ адæм, йæ митæм куы бакæсынц, уæд фæзæгъынц:

– Ауыл рихи нæй. Амæн йæ рихи даст у!..

* * *

Фырхъалæй скъуыдты цæуыны бæсты фырмæгуырæй æмпъызтыты цу.

* * *

– Къубал даргъ æмæ лыстæг цæмæн у, сæр та тымбыл æмæ стыр?

– Цæмæй галстук хæрдмæ ма хауа.

* * *

Иуахæмы мæ бафарстæуыд, Шекспиры, дам, ирон æвзагмæ цæмæн тæлмац кæныс. Кæй фæнда, уый, дам, æй уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй нæ бакæсдзæн?

Цыдæртæ йын загътон фæрсæгæн.

Ӕнхъæлдæн, Марк Твен загъта, Шекспиры англисæгтæ дæр нæ кæсынц, зæгъгæ. Фæстæдæр ныффыстон ахæм цыппаррæнхъон:

*Нæ зонын æз, кæдæм цæуы мæ Ир,*
*Тæрсын куынæуал разына йæ фæд...*
*Куы нæ хъæуы йæхи ʻвзагыл Шекспир,*
*Кæй бахъæудзæн ирон æвзагыл уæд?*

* * *

Азты дугъæн бауромæн нæй, адæймаджы цардæн иу хатт йеддæмæ æрлæууæн куыд нæй, афтæ. Цæуынц бонтæ, къуыритæ, мæйтæ. Иу рæстæджы азты нымæц ахæм бæрзæндмæ схизы, æмæ сæ цъуппæй фæстæмæ ракæсын кæд фæхъæуы. Бирæ адæм уыцы цъуппæй ракæсынц æмæ дисы бацæуынц: уыцы гакъон-макъон фæндæгтыл æз фæцыдтæн, уыцы хæрдтæ æмæ уырдгуыты фæсте фæуадзын мæнæн бантыст, уыцы къуыппытæ æмæ дзыхъхъыты сæрты æз ахызтæн? Кæд æцæгæйдæр афтæ уыди, уæд ахæм уæлиаумæ куыд тагъд схæццæ дæн? Мæ зæрды ма дарддæр цæуын куы ис, фæлæ мæ хъарутæ куынæуал амонынц.

О, цардæн райдайæн куыд ис, афтæ йын ис кæрон дæр. Цасфæнды бирæ куы фæцæрай, уæддæр дæм афтæ фæкæсдзæн, цыма рæстæг, куыд ын æнхъæл уыдтæ, уымæй тагъддæр цыди, æмæ, куыд тагъд агæпп кодта, уый дæр уымæн нæ бамбæрстай...

Уый уыд уартæ 1963 азы, «Рæстдзинад» йæ дыууиссæдз азы куы бæрæг кодта, уæд. Нæ кусджытæ иууылдæр æрæмбырд сты æмæ нæ къам систам. Уæвгæ, иууылдæр нæ уыдысты. Алы аххосæгтæм гæсгæ дзы нæ бахаудысты... Чи дзы нæ бахауд, уыдон дæр мын зындгонд сты. Нæ хæларзæрдæ, «Рæстдзинад»-ы дæсгай азты дæргъы зæрдиаг фæллой чи фæкодта, уыцы Мамонтов Федор мын къам куы радта, уæд дзы чи нæ уыд, уыдоны мыггæгтæ йæ чъылдыммæ ныффыстон. Къамы чи ис, уыдон бæрæг сты, фæлæ иннæты дæр хъуамæ фæстагæттæ зоной æмæ, кæд Хуыцауы фæнда, уæд сæ иуахæмы ныммыхуыр кæндзынæн...

Уыцы къаммæ куы ʻркæсын, уæд мæ цæстытыл ауайынц, иуæндæс азæй фылдæр кæимæ фæкуыстон, уыдоны рухс цæсгæмттæ. Бирæ амондджын бонтæ арвыстон семæ æмæ, цасфæнды куы фæцæрон, уæддæр, кæддæр цы ныхæстæ загътон, уыцы азтæ æмæ уыцы азты кæимæ куыстон, уыдон мæрдты дæр мемæ уæнт, зæгъгæ, – уыдоныл мæ къух никуы сисдзынæн,

уымæн æмæ, уæд цы базыдтон, федтон æмæ фехъуыстон, уыдон мын разындысты æнусон фæндаггаг.

Æнгомдæр адæмæн скæнæн нæ уыди. Адæмы хъæр чи не 'мбæрста, уыдон редакцийы бирæ нæ фæстиат кодтой. Йæ бон-иу чи базыдта, уый-иу йæхæдæг ацыд æмæ, дон йæхи сыгъдæггæнгæ куыд цæуа, афтæ редакци дæр сыгъдæгæй сыгъдæгдæр донвæдты лæгæрста. Афтæмæй ралæууыд йæ дыууиссæдз азы юбилей.

Уыцы бон цы къам систам, уымæ арæх æркæсын æмæ иу хаттæй иннæ хатмæ мæ равг мæгуырдæр кæны. Иуæй-иумæ фæцыдысты, «Рæстдзинад»-ы тырысайыл фидар къухтæй чи хæцыд æмæ йæ бæрзæндты чи хаста, уыдон. 2008 азы 29 апрелы та йæм куы æркастæн, уæд ма дзы фараст æмæ дыууиссæдзæй æгас уыдыстæм æрмæстдæр фондзæй: Гуытъиаты Замирæт, Дарчиты Нинæ, Цæрукъаты Таймураз, Мæхæмæтты Ахуырбег (куыдхистæрæй сæ нымайын) æмæ æз. Уыцы хъуыдытæгæнгæйæ мæм равзæрдысты ацы рæнхъытæ:

*Нæ уыд нæхицæй хъалдæр...*
*Ныр ма нæ баззад цалдæр –*

*Кæнынц ныл азтæ уæз.*
*Замирæт æмæ Нинæ,*
*Таймураз æмæ Зинæ,*

*Ахуырбег æмæ æз.*
*«Рæстдзинад»-ы тырыса*
*Хæссæм, уадз дардмæ хъуыса*
*«Рæстдзинад»-æн йæ кад.*

*Цы дуг уыди, цы рæстæг –*
*Уыд зæрдæмæ куыд хæстæг,*

*Цæйбæрц уыди нæ цин!*
*Цы газет уагътам раздæр! –*
*Нæ уыд йæхицæй уаздæр,*
*Нæ куыст хуыдтам нæ дин.*

*Ныр атахтысты азтæ,*
*Нæ фылдæры нын байста*
*Æнæхатыр мæлæт.*

*Кæдмæ цæуæм нæ къæхтыл,*
*Лæгъз быдыртыл уа, рæгътыл –*
*Зындзæн зæххыл нæ фæд.*

Ныр уыдонæй, ома 2008 азы ма ægас чи уыд, уыдоны æхсæнæй дæр фæхъуыдысты Дарчиты Нинæ æмæ Цæрукъаты Таймураз. Фараст æмæ дыууиссæдзæй ма фараст æмæ дыууиссæдз азмæ кæддæры бæзджын «Рæстдзинад»-æй ægас стæм æрмæстдæр цыппарæй.

Рухсаг уæнт, йе нусон фæндагыл чи ацыд, уыдон иууылдæр! Æгæстæ та, сæ разæй чи фæци, уыдоны арфæтæй хайджын уæнт! Марды арфæ æмæ, дам, дзуары арфæйæн иухуызон тых ис.

* * *

Æфсымæры лæппу, дам, æфсымæр нæ комы. Цæуыннæ, цымæ? Хойы лæппуйæн, ома хæрæфыртæн диссаджы бартæ куы ис, йæ мадырвадæлтæ йæ сæ кæцыфæнды бинойнагæй дæр дæлдæр куы нæ ‘вæрынц, кадджыныл æй куы нымайынц, уæд æфсымæры лæппуйæн хойы лæппуйæ къаддæр кад цæмæн ис? Йæ фыды хо йыл йæ зæрдæ цæуыннæ дары?

Ис ма æндæрхуызон æмбисæндтæ дæр: «Минас кæнын дæ куы фæнда, уæд дæ мады хомæ бауай, смæстджын уæвын дæ куы фæнда, уæд та дæ фыды хомæ». «Мады хойæ мады ад цæуы».

Кæд æфсымæры лæппу дæр æфсымæр уымæн нæ комы?

* * *

Нæ хъæуккæгтæ иу номæн бирæ хуызтæ кæй раттынц, уый тыххæй ма фыстон. Уæд мæм Михаилы кой уыди. Фæнды ма мæ Владимиры тыххæй дæр зæгъын.

Ахæм ном Бæрæгъуыны кæуыл сæвæрдтой, уыдонæй иумæ дæр уыцы номæй нæ дзырдтой. Иуты дзы хуыдтой Валодя (Чехойты, Дзасохты, Хъантеты, Цогойты, Хлойты, Цомайты, Беккуызарты, Мзокты, Хуыдæлты æмæ афтæ дарддæр. «Афтæ дарддæр» уымæн зæгъын, æмæ, уæлдæр цы Валодяты кой скодтон, уыдон мæ рæстæджы цардысты, ома æз хъæуы куы цардтæн, уæд. Зыдтон дзы алкæй дæр лæгæй-лæгмæ. Ныр, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдоны нымæц фæфылдæр уыдаид, уымæн æмæ хъæуы куынæуал цæрын, уæдæй нырмæ æнусы æмбисæй фылдæр рацыд), иннæйы Лади (Дзасохты, Хъуппеты), аннæтæй кæй Ладе

(Кобесты) хуыдтой, кæй – Ладемыр (Беккуызарты, Дзасохты, Цогойты), кæй – Валоккæ (Беккуызарты).

Афтæмæй дзы, куы зæгъын, мæ хъæуккæгтæ йе цæг ном – Владимирæй иумæ дæр нæ дзырдтой.

* * *

Мæ мадырвад мын ахæм хабар радзырдта: «Мæ сыхагæй уæздандæр лæгæн скæнæн нæй. Æгъдауылхæст, уазæгуарзон, фырнымд. Æрæджыйы онг-иу æй нæ сыхбæстæ æдзухдæр хистæрæн агуырдтой æмæ-иу алы хатт дæр фынг сфидауын кодта.

Мæ хæдзары – æз ныр æндæр сыхы цæрын – циндзинад уыди, æмæ йæм мæхæдæг хонæг фæцыдтæн, Хæмыц, мæ уарзон адæмимæ æртæ чъирийы скувынмæ хъавын æмæ дæ уырдæм хонгæ дæр кæнын æмæ дзы хистæрæн куы сбадис, уый дæр мæ фæнды, зæгъгæ. Дæ фарсмæ, дам, балæудзынæн, фæлæ мæм хистæрæй сбадыны ныфс нæй.

Æмæ мын йæ царды хабæрттæ ракодта. Цæвиттон, Хæмыцæн ис иунæг лæппу æмæ галиу фæндагыл ацыд. Ахæм фæндаг чи равзары, уымæн та йæ царды бонтæ æрцыбыр вæййынц. Мæ сыхаджы лæппу дæр, куыд мын радзырдта, афтæмæй уырдæм фæхæстæг. Уæддæр ма йæм ноджыдæр иу хатт æрхатыдтæн, адæмы ‘хсæнмæ куынæуал цæуай, дæхимæ хъусыныл куы фæуай, уæд бирæйы фаг не суыдзынæ, зæгъгæ. Фæлæ, марадззæгъай, кæд мын сразы. Хистæры бынаты, дам, куы сбадон, уæд, дам, мын исчи афтæ куы зæгъа, «дæ хæдзары уынаффæ кæнын куы нæ зоныс, уæд махæн зонд цы амоныс».

Куыннæ йын хъуамæ фæтæригъæд кодтаин? Хæмыц йæхæдæг – æцæг ирон, æгъдауджын, фæрнджын лæг. Дæ сæрæн мацы зон, дæ иунæг хъæбулæн фу-фу фæкæн æмæ ахæм бæллæхы бахау! Стæй рæстæджы ныхмæ дæр куыннæ дзура адæймаг, фæсивæды ахæм уавæрты чи баппæрста?

Галиу фæндагыл уыйбæрц цæуджытæ кæд уыдис раздæр? Кæд мардис уыйбæрц адæм æрыгонæй?

* * *

Лæг йæ хæрæджы йе ‘ккой скодта æмæ уынгты фæцæуы. Йæ сыхаг æй ауыдта æмæ йæм, дисы бацæугæйæ, дзуры:

– Де ‘ккойы йæ цæмæн хæссыс, сбад ыл æмæ дæ йæхæдæг хæсдзæн.

– Æмæ йæ цæмæй зоны, кæдæм мæ цæуын хъæуы, уый?

* * *

Цъайтæ, зæгъгæ, Ирыстоны иу ахæм цæрæн бынат ис. Иу хатт уырдæм иу лæг уазæгуаты бафтыд æмæ йæ донимæ æмхæццæ спъирттæй буц кодтой. Фысым йæ уазæгмæ сыхæгты дæр æрхуыдта æмæ уыдонимæ гаджидæуттæ уагътой. Иу гаджидауы фæстæ уазæг фысыммæ дзуры:

– Ам дон кадавар у æмæ мын æй сыгъдæгæй дæттут...

* * *

Бирæ чи зоны, уый йæхинымæр дæр никуы ахъуыды кæндзæн, бирæ зонын, зæгъгæ. Бирæ чи нæ зоны, уый хъуыды дæр æмæ зæгъгæ дæр кæндзæн, алцы зонæгæй дæр йæхи равдисдзæн. Кæддæр Абайты Вассойы бафарстон, цал æвзаджы зоны, уымæй, æмæ мын ахæм дзуапп радта: «Куыд æмбæлы, афтæ иу дæр нæ». Цæрæнбонты цы ‘взаг иртасыныл фæкуыста, ома ирон æвзаг, уым æрмæстдæр иу ныхас – «уырыхсны»-йы нысаниуæг кæй нæ зыдта, уый тыххæй.

Иронау чи фыссы, уыдонæй, æвæццæгæн, бирæты бафæрсынц, иу кæнæ иннæ дзырд цы амоны, кæнæ йæ уырыссагæй иронмæ куыд ратæлмац кæнын хъæуы, уымæй.

Айфыццаг мæм Мæздæгæй Медойты Барис сдзырдта, «дракон», дам, иронау цы хуыйны. Æваст ын цы дзуапп раттаин, уый нæ зыдтон æмæ хъуыдытыл фæдæн. Кæфхъуындарæй хуыздæр мæ бон æрымысын ницы баци æмæ йын афтæ загътон. Куы зæгъын, кæд бынтон раст нæ дæн, уæддæр нæ зонын, фæлæ бæлвырддæр дзуапп раттын мæ бон нæ баци.

Уымæй чысыл фæстæдæр та мæ къуырццæвæнмæ мæ хорз хæлар æрыдойнаг Баскаты Сослан батардта, куысыфтæг, дам, уырыссагау цы хуыйны. Телефонæй дзургæйæ, кæд хъуыды кæнынæн бирæ фадæттæ нæ уыди, уæддæр иудзæвгар фæхъуыды кодтон, фæлæ йын ницы дзуапп радтон.

Дыккаг бон, мæ зæрдæ кæуыл дардтон, уыдонæй кæй нæ бафарстон, ахæм нал баззад, фæлæ се ‘хсæн, куысыфтæджы хабæрттæ мæнæй хуыздæр чи зоны, ахæм нæ разынд. Басгæрстон дзырдуæттæ дæр. «Уырыссаг-ирон дзырдуаты» фыстой: «Куысыфтæг – особый сорт тыквы с бородавчатой коркой». Нæ фæцыд мæ зæрдæмæ. Ахæм заман мæ фæстаг ныфс вæййы Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат». Æркастæн уымæ дæр: «Куысыфтæг: полая тыква, употребляемая как сосуд». Нæ мæм фæкаст уый дæр æххæст дзуапп.

Чысыл уæлдæр цы ныхæстæ загътон, ома мæ зæрдæ кæуыл дардтон, уыдон иууылдæр бафарстон, зæгъгæ, уымæй бынтон раст нæ уыдтæн, уымæн æмæ мæ ферох мæ хъæуккаг Приты Дзибул. Фæлæ уал уый размæ, ирон æвзаг, стæй бирæ цыдæртæ мæнæй хуыздæр кæй зоны, уый тыххæй.

Чи уыди, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ та мæм цалдæр азы размæ чидæр æрбадзырдта, кусарт, дам, куы акæнынц, уæд ын, йæ риуыгуыдырæй цы тымбыл æргъиу ралыг кæнынц æмæ къулыл кæй батъæпп ласынц, уый иронау цы хуыйны. Нæ йæ зыдтон æмæ йын цы дзуапп раттаин? Бирæты куы фæфæрстытæ кодтон æмæ мын куы ничи баххуыс кодта, уæд Дзибулмæ ныддзырдтон æмæ мын æй загъта: кæразимаг...

Уыцы хабар мæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ та æххуысмæ Дзибулмæ фæдзырдтон, æмæ та мæ мæ уавæрæй фервæзын кодта: горлянка.

Дзибул ирон æвзагмæ, ирон кæй у, уымæй дарддæр ницы бар дары. Каст фæци Хетæггаты Къостайы номыл паддзахадон пединституты физикон-математикон факультет. Цæрæнбонты фæкуыста ахуыргæнæг, фылдæр та ахуыргæнæг-директорæй: Красногоры, Æрыдоны, Дзæуджыхъæуы, фæлæ у, бирæ чи федта æмæ зоны, ахæм адæймаг.

Ныхæстæ иууылдæр куысыфтæг расайдта, æмæ йæ куысыфтæгæй фæуон. Миллеры дзырдуаты куысыфтæджы тыххæй ахæм хъуыдыйад æрхастæуыд: «Уымæн йæ куысыфтæджы ницы ис».

Æвæццæгæн, мæн цæмæйты фæфæрсынц, уымæй, Дзибулы хуызæн йæ куысыфтæджы исты кæмæн ис, ахæмты фæрсын фæхъæуы.

* * *

Мæ гуырæн бон мæ хæлæрттимæ нæхимæ фынгыл бадæм. Иу заман нæм чидæр телефонæй æрбадзырдта, уæ телевизор, дам-ма бакæнут, уæ хæдзары хицауы тыххæй, дам, дзы равдыст цæуы. Кæстæртæй йæ чидæр сифтыгъта æмæ дзы æцæгæйдæр – æз интервью кæм лæвæрдтон, ахæм равдыст. Уымæй размæ ма йæ кæддæр æвдыстой æмæ йæ, æвæццæгæн, мæ гуырæн бон æрымысыдысты, программæйы дæр нæ уыди, хъусын дæр нын ницы фæкодтой, афтæмæй. Мæ уазджыты йæм бакæсын фæндыд, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд уыцы канал æвдыста. Æвдисгæ кодта, фæлæ кадртæ ратæх-батæх систой æмæ дзы бамбарæн ницы уыд.

Камал бахудт:

– Ахæм телевизортæ дыууиссæдз азы куынæуал уадзынц, уæд ма йæ сымах кæм ссардтат?

* * *

Мæ телефон ныдздзæнгæрæг ласта: Кучиты Эльбрус. Арфæ ракæныны фæстæ афтæ: «Де 'мдзæвгæ дын «Рæстдзинад»-ы бакастæн æмæ дзы иу рæнхъ адарддæр кодтон. Ды фыссыс: «Нæ акодтон æз иунæджы дæр уæй». Æз ма йæм бафтыдтон: «Кæй ауæй кæнæм, ахæмтæ нæм бæргæ ис, фæлæ сын æлхæнджытæ кæм ссарæм?» Ахæм хъуыды ма раздæр бирæ кæмæйдæрты кæд фехъуыстон, уæддæр мæм ног фæкаст, дарддæр мын цытæ радзырдта, уыдоны фарсмæ йæ куы 'рæвæрдта, уæд...

«Фæллой кæнын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæуы. Куыннæ мыл фыстаиккой хорз дæр æмæ æвзæр дæр! Æстдæс азæй фылдæр æнæниздзинад хъахъхъæныны министрæй фæкуыстон. Уæд мыл фылдæр хахуыртæ кодтой. Уырдыгæй куы рацыдтæн, уæд мыл хорзæрдæм дæр фыссын райдыдтой. Бирæ уыдысты уыдон дæр, фæлæ мыл журнал «Ногдзау»-ы куыд ныффыстой, уымæй дзы зæрдиагдæр нæма уыд».

Æцæгæйдæр, нæ журналы дыууæ азы размæ Уæлахизы 65 азы бонмæ ныммыхуыр кодтам æрмæг ахæм сæргондимæ «Æцæг адæймаг». Эльбрус канд сгуыхт дохтыр, разамонæг, æппæты фыццаг та – лæг нæу, фæлæ ма у сгуыхт хæстон дæр. Йæ хæстон сгуыхтытæ æмæ фæллойадон уæлахизты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы хæсты I æмæ II къæпхæны ордентæ, Фæллойадон Сырх Тырысайы дыууæ ордены, «Адæмты хæлардзинады» æмæ Кады нысаны ордентæ. Гъе æмæ уыдæтты тыххæй ныффыстам нæ журналы. Эльбрусы зæрдæмæ дæр уыцы æрмæг фæцыд.

* * *

Камал мæ фыдымадырвадæлтæй иуы фыдгой кодта. Людвигмæ уый диссагау фæкаст, æмæ, ау Музаферæн ахæм хиуæттæ дæр ис, зæгъгæ, фæкодта.

– Уæдæ Музаферы хæстæджытæй искæй адæмы мыггаг хоныс?

– Æвæццæгæн, дæхицæй дæр зæгъыс. Сиахс мын æййафыс, уый дæ ферох? Сиахсы хæдзайраг куы фæхонынц, хорз сиахсы та – æфсымæр.

Людвиг йæ мидбылты бахудт:

– Музафер, куыд тагъд ын æй афыстай?

– Уæдæ фыдымадæрвадæлты фыдгойгæнæгмæ хъусæй бирæ лæууæн ис? – дзуапп ын радтон æз.

* * *

Белоруссийы Президент Лукашенко саг лæг у. Йæ ныхæстæ, уæлдайдæр та – йæ хъуыддæгтæ, адæмы зæрдæмæ цæуынц, разы сты йæ митæй, фæлæ йæ ныхæстæй иуы хъуыды мæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Сæ фысджытæ хъаст кодтой, нæ уацмыстæ, дам, мыхуырмæ зынæй хауынц. Президент сын афтæ, мæнæ, дам... æмæ цалдæр генион фыссæджы мыггæгтæ ранымадта, ахæм уацмыстæ рахæссут, æмæ сæ уадздзыстæм.

Ахæм хъуыдыйы ныхмæ бирæ æвдисæнтæ æрхæссæн ис. Фыццаджыдæр, политикон архайджытæ дæр се 'ппæт Петр I æмæ Ленинтæ не сты, фысджытæ та Пушкинтæ æмæ Толстойтæ. Алчи дæр дзы йæхи бынаты фидауы. Хæхтæ иууылдæр Хъазыбегтæ æмæ Эльбрустæ куы уаиккой, уæд хуыздæр уаид æви, ныртæккæ куыд сты, афтæмæй фидауцджындæр сты?

* * *

Мæ къах рысти, æмæ мын мæ хæлар Габанты Солтан «золотой ус» дидинæгæй конд хос радта. Фатимæ мын дзы мæ уæраг байсæрста. Иуцасдæры фæстæ мæ чындз фæрсы:

– Фенцондæр дын?

– Золотой ус мын баххуыс кодта.

Нæ ныхæстæм Фатимæ хъуыста æмæ афтæ бакодта:

– Уый йын йæ сызгъæрин ус баххуыс кодта, дидинæг æнхъæл ын ма у.

* * *

Кадджыты дзæнæт æмæ зындон уымæн нæй... Нарты кадджыты дыууæ ахæм æнгæс хабары ис. Сослан мæрдты бæстæй фæстæмæ куы здæхт, уæд ын Бедуха афтæ: «Кæд мæрдтæм цæугæ 'рбакодтай, уæд уый – дæ хъаруйы фæрцы, æндæр Хуыцауы 'вастæй, мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн. Ды дæр иугæр мæрдтæм æрбацыдтæ, уæд дын фæстæмæ фæндаг нал ис. Фæлæ æз мæ цæстытæ куы 'рныкъулон, уæд дæ бæхы цæфхæдтæ

фæстæрдæм сагъд фестдзысты, æмæ-иу уæд цæугæ. Мæрдты адæм дæ фæсте сурдзысты, чидæр фæлидзы æмæ мах дæр лидзæм, зæгъгæ, фæлæ фæдмæ ‘ркæсдзысты, æмæ мидæмæ разындзæн; мæрдтæ раздæхдзысты фæстæмæ, алчи йæ бынатмæ».

Иннæ хабар та кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы ис. Уым кæсæм: «Лæппуйæн йæ буар Донбеттыртæ йæ сыджытыл сæмбæлын кодтой, йæ уд та атахт мæрдты бæстæм, æмæ уыцы ран Барастыры уæрагыл уыди йæ бадæн. Хъуыдыгæнæг æй куы нæ уыди, уæд лæппу тыхсын æмæ æнкъард кæнын байдыдта.

Уæд æй иуахæмы Барастыр фæрсы:

– Цæмæн æнкъард дæ, лæппу?

Æмæ йын лæппу зæгъы:

– Ацал-ауал азы рацыди, мæрдты бæстæм куы ‘рбацыдтæн, уæдæй ардæм. Мæ фыд Уырызмæг ма æцæгæлон адæмы кой дæр кæны, фæлæ мæ кой – нæ, марды кæнд мын нæй, иннæ мæрдтæй уæлдай дзæгъæл дæн æз ацы ран. Барастыр, курын дæ – мæрдты бæстæй мæ ауадз: æз мæхæдæг куы нæ бакæнон мæхи кой, уæд мæ фыдæй рохуаты баззадтæн. Дзырд дын дæттын: афæдзы кæндæн мæ цы хъæуы, уый куыддæр ссарон мæхи фæллойæ, афтæ фæстæмæ ам æмбæлдзынæн.

– Дæ зæрдæхудт райсын мæ нæ фæнды, фæлæ уымæн фæрæз не ‘рцæудзæн, – загъта Барастыр. – Куыддæр мæрдтæ уый базоной, афтæ дзы иу дæр ам нал фæлæудзæн. (Ам æппæты ахсджиагдæр у фæстаг хъуыдыйад: «...афтæ дзы иу дæр ам нал фæлæудзæн», ома суанг, дзæнæты чи ис, уыдон дæр! – Дз. М.)

– Уымæн дын æз амал ссардзынæн: мæ Аласайæн йæ цæфхæдтæ фæстæмæ асадздзынæн; мæрдтæ мæ фæдыл мæрдты дуармæ куы фæуой, уæд сын-иу зæгъ: «Æркæсут, æмæ кæд мæрдтæй æддæрдæм уа фæд, уæд уæ нал уромын, фæлæ, æвæдза, фæд мидæмæ у, уæд уын дзæгъæлы змæнтын, коммæ нæ кæсын аив нæу».

Барастыр сразы ис.

Лæппу Аласайæн йæ цæфхæдтæ фæстæрдæм асагъта æмæ мæрдты бæстæй рафардæг. Йæ фæдыл иннæ мæрдтæ базмæлыдысты æмæ дуармæ сарæзтой сæ ных.

– Кæдæм? – дзуры сæм дуаргæс.

– Мах дæр нал лæууæм ацы ран, кæд æмæ искæмæн ардыгæй фæндаг ис, уæд, – загътой мæрдтæ.

– Хъуыддаг уал бамбарут, стæй равзардзыстут, цы уыл æмбæлдзæн бакæнын, уый, æркæсут уал фæдмæ.

Мæрдтæ æркастысты, æмæ фæд мидæджырдæм куы уыди, уæд та сæ алчидæр æрæнцад йæ бынаты».

Ацы дыууæ хабары цæуыл дзурæг сты? Æвæццæгæн, мæрдты бæсты дзæнæты дæр уæлæуон цардæй æвзæрдæр у, ома цыфæнды æвзæр цард дæр дзæнæтæй хуыздæр у. Уымæн фæзæгъынц: «Цард цæфхадæй сæфтæджы ‘хсæн дæр мæлæтæй хуыздæр у».

* * *

Зыгъуытаты Русланы карикатурæтæй иуы хъуыды ахæм уыди. Лæг фæрынчын. Иуцасдæр сынтæгæй нал сыстад. Дзæбæх кæнынмæ куы хъавыди, уæд ма йæ йæ хæлæрттæй иу абæрæг кодта. Йæ фарсмæ æрбадт æмæ ныхæстæ кæнынц. Фæстагмæ йæ йе ‘мбал фæрсы:

– Цал боны фæхуыссыдтæ?

Уый рабадт æмæ сынтæджы бынæй водкæйы афтид æвгтæ исынмæ фæци. Фæстаг авг куы райста, уæд афтæ:

– Аст...

Ацы хабар хуымæтæджы не ‘рымысыдтæн. Æз та куы фæрынчын вæййын, уæд, цал æмдзæвгæйы ныффыстон, уый фæнымайын.

* * *

Студентæй рынчындонмæ бахаудтæн. Фыццаг курсы уыдтæн. Кæимæ ахуыр кодтон, уыдоны дæр дзæбæх нæма зыдтон æмæ мæ цас бæрæггæнджытæ хъуамæ уыдаид?! Стæй мæм исчи цыдаид, уый дæр нæ фæндыд. Фæлæ иугæр ахæм уавæры бахаудтæ, уæд дæм, рынчынфæрсджытæ цæуа, нæ цæуа, уый дæуæй аразгæ нал у. Чи дæ бабæрæг кæна, уымæн та, цæмæн мæ бабæрæг кодтай, зæгъгæ, нæ зæгъдзынæ...

Цыбыр дзырдæй, цалдæр боны фæхуыссыдтæн, афтæ мæм æрбацыд, институты, фæстаг курсы чи ахуыр кодта, ахæм уырыссаг лæппу. Дзæбæх æй зонгæ дæр нæ кодтон. Раст зæгъын хъæуы, фембæлгæйæ-иу кæрæдзийæн салам радтам, фæлæ мæ рынчыны хабар йæ зæрдæмæ афтæ арф айсдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Куы зæгъын, дзæбæх æй зонгæ дæр нæ кодтон. Зыдтон ма уый дæр: йæ хорз ахуыры тыххæй иста Сталины стипенди.

Хъыгагæн ын йæ ном æмæ йæ мыггаг дæр нал хъуыды кæнын. Уæвгæ, чи зоны, ном æмæ мыггаг сæйраг не сты. Сæйраг у стыр дамгъæтæй фыссын кæй хъæуы, уый – **Хорздзинад!** Уымæн та рохгæнæн нæй.

* * *

Бырус (Эльбрус) фыдуаг лæппуйыл нымад уыди. Скъолайыиу дзы ахуыргæнджытæ арæх хъаст кодтой. Се 'хсæн-иу, ницы дæ рауайдзæн, зæгъгæ, чи дзырдта, ахæмтæ дæр уыди. Фæлæ, йæ куыст хуыздæр чи зыдта, сывæллоны зæрдæ тынгдæр чи нкъардта, йæ фидæныл чи 'ууæндыди, уыдон сæрæн лæппумæ кастысты æмæ сæ уырныдта, хорз фидæн æм кæй æнхъæлмæ кæсы, уый æмæ нæ фæрæдыдысты. Эльбрус скъолайы фæстæ æнтыстджынæй каст фæци медицинон институт, рауади дзы, бирæ адæмæн чи баххуыс кодта, ахæм зындгонд дохтыр, сси рынчындоны сæйраг дохтыр дæр. Ныр, дам, цы скъолайы ахуыр кодта, уым лæппутæй исчи фыдуаг куы фæкæны, уæд æм, Эльбрусыл чи æуууæндыди, уыцы ахуыргæнджытæй иу афтæ бартхъирæн кæны: «Фыдуаг митæ ма кæн, науæд дæ сæйраг дохтыр рауайдзæн!»

Ам, æвæццæгæн Жан Жак Руссойы æрымысын дæр æмбæлы: «Вам никогда не удастся создать мудрецов, если будете убивать в детях шалунов».

* * *

Ацы фæззæг сентябры кæрон горæты уынгты фæцæуын æмæ мæ цæст æрхæцыд, фæндаджы был цы цалдæр фæткъуы бæласы уыд, уыдоныл. Æрæджы сагъд кæй æрцыдысты, уый бæрæг уыди сæ асæй дæр, сæ быны цы фæлмæн зæхх уыди, уымæй дæр.

Фæткъуыйы талатæ уыдысты цыппар. Кæройнаджы цурмæ куы бахæццæ дæн, уæд мæ дисæн кæрон нал уыд: дыууæ къалиуыл дзы фæзынди дидинджытæ. Уæвгæ дзы уадиссагæй дæр ницы уыд: хур ма сæрды хуызæн тавта.

Æртæ боны фæстæ та уыцы бæлæстæ бабæрæг кодтон, фæндыди мæ, цъæхæй рæгъæд талайы дидинджытæ цы баисты, уый базонын. Æрызгъæлын æнхъæл кæмæн уыдтæн, уыдон цыппар баисты. Уæллæгтæ, ома фыццæгтæ, бынтон райхæлдысты, иннæтæ, бинаг къалиутыл чи фæзынд, уыдон та райхæлынæввонг уыдысты. Сæ цуры æрлæуууыдтæн æмæ сæм кæсыныл фæдæн. Хæдзары дуармæ цы сылгоймаг лæууыд, уый мæ куы ауыдта, уæд мæм дзуры: «Мах дæр ыл фæдис кодтам, афтæмæй сæ ауалдзæг ныссагътам».

Диссаг у, æвæдза, фæлмæн цæстæнгас алкæмæ дæр куыд хъæры! Стæй канд хъаргæ нæ кæны, фæлæ ма хъарм цæстæнгасы руаджы, бæласы хуызæн, дидинæг æфтауынмæ дæр фæвæййы.

Уæвгæ хъарм цæстæнгастæ кæмæн ис, уыцы адæм дæр алыхуызæттæ сты, йæ роны дзы уазал дуртæ чи дары, ахæмтæ дæр ис...

Цал боны ма рацæудзæн, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ хъарм бонты фæстæ фæззыгон уазал куы ныффуттытæ кæна, уæд бæласæн хуры рæвдыд йæ фарсæй фæуыдзæн.

* * *

Мах рæстæджы диссаг цы у: диссæгтæн дзы ныккæнæн нæй, афтæмæй дзы иуыл дæр дисгæнæг нæй.

* * *

Рæдигæ чи нæ фæкодта, ахæм нæй, стæй нæй, чи нæ фæрæдидзæн, ахæм дæр. Уыдис дыууæ стыр ахуыргонды. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр бирæ хæрзты бацыдысты ирон адæмæн, фæлæ ныртæккæ ныхас ууыл нæ цæуы. Ныхас цæуы, дыууæйæ дæр кæй рæдыдысты, ууыл.

Иуы тыххæй иннæйы куы фарстой, уæд дзы афтæ загъта: «Цæрæнбонты дзæгъæлы æхца фæиста!»

Исты быцæйуаг фарст-иу мæм куы сæвзæрд, уæд-иу дзы дыккаджы куы фарстон, фыццагмæ та куыд у, зæгъгæ, уæд мын-иу æваст афтæ фæкодта: «Æвзæр!»

Хуыцау хорз, æмæ дыууæйæ дæр рæдигæ кодтой. Æвзæрдæр уыдаид, сæ ныхæстæ раст куы уыдаиккой, уæд.

* * *

«Мах дуг» кæцы æвзагыл цæуы, уый чи нæ зыдта, культурæйы ахæм министртæ дæр нæм уыдис.

* * *

Зæрондбæтæхъойыхъæуккæгтæ Хаджийæн хъаст кодтой, нæ кой газеттæ, радио æмæ телеуынынадæй арæх нæ вæййы, зæгъгæ. Цы сын загътаид районы разамонæг! «Зонæм æй, сгуыхт адæм стут, сымах хуызæн гыццыл хъæуæй Советон Цæдисы Хъæбатыртæ æртæ ничи радта. Хъаст кæнут, нæ кой газеттæ æмæ радиойæ никуы вæййы, зæгъгæ, æмæ цæмæй уæ кой кæнын райдайой, уый тыххæй хæст ракъахæм? Цалынмæ тохы лæгдзинад æвдисын бахъæуа, уæдмæ та уал хуыздæр кусут æмæ уæ кой дæр уыдзæни».

* * *

Зонгæтæ зианæй арæхдæр кæрæдзиуыл кæм фембæлынц! Къоста хуымæтæджы нæ фыста: «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр рæтты...»

Лæууæм зианы Малиты Хаджумаримæ. Ныхæстæ кæнæм. Рауади нæм, хæсты чи фæмард, уыдоны кой. Сæ ном сын никуы ницæмæй æрхъуыды кодтой. Сæрæгасæй чи баззад, уыдон бынтон рохуаты нæ баззадысты: алы бæрæгбон дæр сæ хорзæхтыл бафты, кæмæн машинæ раттынц, кæмæн – фатер. Кæй зæгъын æй хъæуы, се 'ппæтмæ фаг хъусдард нæй, зын уавæрты дзы чи цæры, ахæмтæ дæр ма ис, фæлæ уæддæр...

Бынтон æндæр цæстæнгас ис, Райгуырæн бæсты сæрвæлтау йæ цард нывондæн чи 'рхаста, уыдонмæ. Стæй ма уый уæлæмхасæн, сывæллонæй æнæдарæгæй, сидзæрæй чи баззад, сæ уыцы цотмæ дæр. Сæ бинойнæгтæн ма цыдæр зæрдæлхæнæнтæ акæнынц, фæлæ, куы зæгъын, фыды рæвдыд чи нæ бавзæрста, бæгънæг æмæ æххормаг дуджы фыдбонтæ чи арвыста, уыдоны уавæрмæ ацал-ауал азы хъусдарæг нæма фæци, афтæмæй бонæйбонмæ сæ нымæц къаддæргæнгæ цæуы. Рацæудзæн ма цасдæр рæстæг, æмæ, кæй кой кæнæм, уыдонæй æххуыс кæнын никæмæнуал хъæудзæн...

Мæхи тыххæй куы дзурон, уæд мæ фыд хæсты æбæрæгæй фесæфт, уый зонын, æндæр æвдисæндар, милуангай хæдзæрттты куыд нæй, афтæ нæ хæдзары дæр нæй. Ау, æппæты зынаргъдæр сæм цы уыди, – сæ цард, – уый чи нæ бавгъау кодта, уыдоны номыл иу æвдисæндар рауадзын уæддæр не 'мбæлы, сæ фæдонтæ сæрыстыр цæмæй уой, фæлтæрæй-фæлтæрмæ йæ цæмæй дæттой...

О, æмæ нæм Хаджумаримæ дæр уыдæтты тыххæй ныхас куы рауади, уæд мын ахæм хабар радзырдта.

Малийы-фырт адæмы уарзон лæг у. Бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста æмæ алы ран дæр ныууагъта фæрнæйдзаг фæд. Аргъ ын кодтой, хуымæтæг адæймаг йæ цæсты кадджын кæй уыд, лæджы уавæр бамбарыныл кæй архайдта, йæ бон æмæ йæ фадæттæ цас амыдтой, уыйбæрц хорздзинад кæнынмæ кæй тырныдта, уый тыххæй.

Иу рæстæджы куыста завод «Электроцинчы» парткомы секретарæй. Фатерхъуаг адæм уæд дæр уыдис, фæлæ тыхст адæммæ ныртæккæйы хуызæн æцæгæлон цæстæй нæ кастысты. Алы аз

дæр-иу заводы кусджытæй фатертæ лæвæрд æрцыд дæсгай бинонтæй фылдæрæн. Иуахæмы фатертæ дæттыны рæстæг номхыгъд Хаджумармæ æрбахастой. Æркаст æм æмæ дзы иу мыггаг – хахгонд. Гæздæнтæй. Парткомы секретарь сбæлвырд кодта, уыцы лæппу, Гæздæнтæй хæсты цы авд æфсымæры фæмард, уыдонæй иуы фырт кæй у. Профкомы сæрдары фæрсы: «Цæмæн æй ахахх кодтат?» – «Цалдæр мæйы йеддæмæ нæма кусы». – «Æмæ кæй лæппу у, уый зоныс?» Куы йын æй загъта, уæд хорзау нал фæци.

Ныр номхыгъды бын канд профцæдисы сæрдары къухæвæрд нæ уыди, фæлæ ма директоры къухæвæрд дæр. Уый та далæ Сыбырæй кæцæйдæр ссыд æмæ ахæм хъуыддæгтæм хъусдарæг нæ уыд, фæлæ Хаджумар йæхи фæнд атардта.

Æвæдза, æдзух закъоныл хæст куы уай, уæд æнæзакъон митæ бакæнæн дæр ис. Публий Теренций дыууæ мин азæй фылдæры размæ хуымæтæджы нæ загъта: «Крайнее соблюдение законности может оказаться крайним беззаконием».

* * *

Хъулаты Хъуыбадыйы фырт Сослан алы аз дæр сæ мыггаджы хистæртæн санаторимæ путевкæтæ балхæны æмæ, йæ фæллад сæ чи куыд уадзы, уый бæрæггæнæг хуынтимæ ацæуы...

* * *

Гуытъиаты Хъазыбег бирæ фæцард. Йæ дæс æмæ цыппарыссæдзæм азы бацыд, афтæ йæ йæ уарзон адæм афæндараст кодтой йе ‘цæг дунемæ. Бирæ фæцæрын хорз куыд нæ у, фæлæ уымæй хуыздæр та у сыгъдæгзæрдæ æмæ адæмæн уарзонæй фæцæрын. Уæвгæ, хуыздæрæй ноджы хуыздæр фæцæрæн дæр ис. Ахæм цард та батоны, йæ уарзон дзыллæйы зæрдæйы арф фæд чи ныууадзы, йæ фыды зæхх чи скадджын кæны, уыцы адæймаг. Гъе æмæ уыцы цытджын адæмы номхыгъдмæ Гуытъиаты Хъазыбеджы куы бахæссæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм, уымæн æмæ, Хъазыбег цы удуæлдай фыдæбон фæкодта, уый адæмæй никуы ферох уыдзæн, сæ зæрдыл æй дардзысты, æххуыс сын кæндзæн, сæ фидæнмæ фæндагыл цæугæйæ.

Хъазыбег цыт æмæ кадмæ никуы бæллыд. Ницавæр ном æмæ хæрзиуæгмæ тырныдта. Кæд истæмæ бæллыди æмæ тырныдта, уæд – ирон адæмæн исты хорзы бацæуынмæ, цæмæй хъæрзынц,

уымæй сæ фервæзын кæнынмæ, сæ размæ цы цæлхдуртæ лæууы, уыдон аиуфарс кæнынмæ.

Æвæццæгæн, фыдæлты туг нæ сæфы. Хъазыбеджы хæдзарвæндаг Иры историйы бæрæг дары. Цæмæй мæ хъуыдыйыл æнцондæрæй баууæндат, уый тыххæй скæндзынæн æрмæстдæр йæ фыды фыд Мысырбийы кой. Уæвгæ, ацы ном æмæ мыггаг фехъусгæйæ, бирæтæн сæ цæстытыл ауайдзæн Хетæггаты Къостайы хуыздæр нывтæй иу – «Гуытъиаты Мысырбийы сурæт». О, уый уыди Хъазыбеджы фыды фыд. Фæлæ дзы, цымæ, искуы исчи йæ кой фехъуыста?! Нæ фехъуыста, уымæн æмæ Гуытъиййыфырт йæ фыдæлтæн «рухсаг» дзырдта, фæлæ йæхæдæг «бæззыди».

Бирæ фæллæйттæ ныууагъта ахуыргонд йæ фæстæ. Уыдон дунейы рухс куы фениккой – кæй фендзысты, ууыл та зæрдæ дарæн ис – уæд Хъазыбеджы цард цæсты тынгдæр сахадид, ноджы зæрдиагдæрæй бацин кæниккам, ахæм стыр лæгимæ иу дуджы кæй цардыстæм, йемæ нын ныхас кæныны фадат кæй уыдис æмæ дзы бирæ ногдзинæдтæ кæй базыдтам, ууыл.

Адæймаг бирæ куы фæцæры, уæд æй бирæ фæндæгтыл ауайын бахъæуы. Уыдонæй та иу дæр лæгъз нæ вæййы, къуыппытæ æмæ дзы дзыхъхъытæ разыны, хæрдтæ æмæ дзы уырдгуытæ вæййы, уыдоны сæрты ахизынæн та лæгдзинад равдисын фæхъæуы. Хъазыбегæн сæрыстырæй йæ бон зæгъын уыд: мæхи никуы ницæмæй фæкъæмдзæстыг кодтон, мæ размæ цы хæстæ лæууыд, уыдон æххæст кæнгæйæ, мæхиуыл никуы бацауæрстон. Йæ бон зæгъын уыд, фæлæ йын йе ‘фсарм æмæ йæ уæздандзинад уый зæгъын никуы бауагътой æмæ йын сæ мах, йæ курдиат æмæ йæ лæгдзинадæн аргъгæнджытæ, йæ бæсты зæгъæм.

Хъазыбег йæ лæгдзинад дызæрдыггаг нæ фæкодта, нæ райгуырæн бæстæйыл уæззау рæстæг куы скодта æмæ йæ немыцаг тыхгæнджытæй хъахъхъæнын куы хъуыд, уыцы ныфс æмæ хъару æвдисæн рæстæг дæр. Тохы быдырæй сыздæхт хъæбатырдзинадыл дзурæг хæрзиуджытимæ. Хæрзиуджытæй къаддæр кады аккаг нæ уыд Хетæггаты Къостайы уацмыстæ фондз томæй мыхуыры рауадзынмæ кæй бацæттæ кодта, бирæ рæдыдтæ дзы кæй сраст кодта æмæ сын бæлвырд фиппаинæгтæ кæй ныффыста, уыцы удуæлдай фæллой дæр. Стæй канд Къостайы бынтæ бабæстон кодта! Адæммæ хуыны хуызæнæй рахаста Гæдиаты Цомахъы, Хетæггаты Дауыты, Дзанайты Иваны, Хъамбердиаты Мысосты уацмыстæ.

Уæлдай стырдæр сгуыхтыл банымаинаг у, Нарты кадджытæм цы цæстуарзон æмæ хæдзардзин цæстæй акаст, уыцы хъуыддаг. Йæ бирæ азты фæллойæ рауад фондз томы. Стыр хъыгагæн дзы дунейы рухс фыццаг том йеддæмæ никæцы федта. Уый мыхуыры рацыд къорд азы размæ. Адæм цин кодтой, цы хорздзинад сæм æнхъæлмæ кæсы, ууыл. Суанг ма йæ рагагъоммæ сæдæгай рафысджытæ дæр фæцис, фæлæ сæ цин фæдзæгъæл. Фыццаг том, зæрдæ куыд æвæрдтой, афтæ афоныл рацыд, иннæтæн сæ кой, сæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуыст... чингуыты хуызы. Хуыцау хорз, æмæ «Мах дуг» фæцарæхст, æмæ Хъазыбеджы сразы кодта йæхи орфографиимæ иннæ томтæ журналы уæддæр рауадзыныл. Фæстаг томæй фæстæмæ иннæтимæ, ома дыккаг, æртыккаг æмæ цыппæрæм чингуытимæ адæм базонгæ сты журналы фæрцы.

Хъазыбег бæркадкъух æфсинау фембырд кодта нæ адæмы хæзнатæ – ирон æмбисæндтæ æмæ сæ бæстонгондæй рауагъта хицæн чиныгæй. Уый бирæ хæрзты бацыд, ирон дзырд йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн у, сфæлдыстадон куыст чидæриддæр кæны, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр. Ирон дзырд Хъазыбегæн йæхи зæрдæмæ æнæкæрон хæстæг уыд. Бирæ хъуыддæгтæ йæ тыхсын кодтой нæ растфыссынады. Йæхи фыстытæ-иу ын чи мыхуыр кодта, уыдонмæ-иу æрхатыди, цæмæй йын йæ растфыссынадмæ ма ‘вналой. Ам уæлдай арфæйы аккаг у «Мах дуджы» редакци. Йæ фæндоныл дыууæ никуы загъта, тарсти йæ зæрдæхудты бацæуынæй æмæ раст кодта.

Цæмæй, Хъазыбег цы ‘гъдæуттыл хæст уыд, уый цæстыл иучысыл уæддæр ауайа æмæ йæ рæстдзинад бамбæрстæуа, уый тыххæй æрхæссын æмбæлы цалдæр чысыл, фæлæ бирæ цæуылдæрты дзурæг, æвдисæны. Зæгъæм, Хъазыбеджы хъуыдымæ гæсгæ фыссын хъæуы «фыдздзаг», «фыццаг» нæ, фæлæ, уымæн æмæ, дам, дзырды бындур «фындз» у. Иннæ ахæм «амæттаг». Фыссын æй кодта «амæддаг», йæ бындуры «амонд» кæй ис, уый тыххæй. Æмæ ма ноджыдæр иу æвдисæн: «дыккаг». Раст, дам, æй фыссын хъæуы афтæ: «дыггаг». Уæвгæ, Хъазыбег кæй нæ рæдыд, ууыл бауæндынæн бирæ нæ хъæуы. «Дыгай», зæгъгæ, куы зæгъай, уæд сбæрæг вæййы, дывæр цавæр дамгъæ кæны, уый.

Хъазыбег йæ уды бæрц уарзта литературæ. Нæ фысджытæ йæ иу рæстæджы сæхицæн сæрдарæй хуымæтæджы нæ равзæрстой. Стæй йæхæдæг дæр фыста, кæд сæ адæмы рæгъмæ нæ

хаста, уæддæр. Йæ тыхтæ фæлвæрдта тæлмац кæныныл дæр. Уæвгæ «фæлвæрдта» зæгъын, æвæццæгæн, раст нæ уыдзæн, уымæн æмæ йæ тæлмацтæ фæлварæнтыл банымайын тæригъæд хъуыддаг уаид, алцæмæй дæр æххæст кæй сты, уымæ гæсгæ.

* * *

Мæ рæстæджы институты чи ахуыр кодта, иу ахæм чызг бирæ азты фæкуыста техникумы. Цалдæр хатты мæ йе 'ххуыс бахъуыд – мæхи нæ, фæлæ мæ зонгæты – æмæ-иу мын алы хатт дæр мæ курдиат сæххæст кодта. Иу хатт ыл чингуыты дуканийы фембæлдтæн æмæ йын ме 'мдзæвгæты æмбырдгонд балæвар кодтон. Ууыл цасдæр рæстæг рацыд, афтæ мын мæ ныв фæлгæты æвæрдæй æндæхтæй хуыдæй æрбахаста. Куы мын æй лæвæрдта, уæд йæ цæсгом фæсырх, йæ цæстытæ æруагъта...

Бирæ цæуылдæрты ахъуыды кодтон уыцы уысм. Кæд æм мæнмæ исты æнкъарæнтæ уыд, уæд æртæ азы (уый мæнæй дыууæ курсы дæлдæр уыд) иу ран куы фæцахуыр кодтам, бон цалдæр хатты куы 'мбæлдыстæм, иу æмдзæрæны куы цардыстæм, уæд йæхиуыл комдзог иу хатт уæддæр куыд никуы рацыд?! Йæ зæрдæйы цы уыд, уыдон æмбæхсын куыд бафæрæзта?!

Ноджы ма цæуыл ахъуыды кодтон... Мæ ныв мын, мæ чиныджы цы къам уыд, уый æндæхтæй куы кодта, уæд йæ бинонтæ кæм уыдысты? Йæ цот, йæ сæрыхицау? Йæ цуры кæй нæ уыдаиккой, уый бæлвырд у, уымæн æмæ...

Цæуыннæ, уый æнæзæгъгæйæ дæр бæрæг у.

* * *

Мæ зонгæ æрдзон æгъдауæй къуылых у. Æрæджы мæ йæ ныхæстæ дисы бафтыдтой. Нывонг, дам, къуылых кæй дæн, уымæ хъус никуы 'рдардтон. Цыма иннæты хуызæн æз дæр æнæцудгæйæ цæуын, афтæ мæм каст. Ныр, мæ синтæ риссын куы байдыдтой, уæд мæм бахъардта, мæ иу къах иннæмæй бирæ цыбырдæр кæй у, уый...

Цæмæндæр гæсгæ мæм мæ зонгæ амондджын фæкаст: цыппарыссæдз азмæ æвваxс къуылыхæй фæцу æмæ йæ ацал-ауал азы ма бафиппай, дæхицæн æнæсахъат æнхъæл у!

...Фысджыты æмбырды-иу поэты лæмæгъ æмдзæвгæйы кой рауад. Чи йæ фаудта, уый ма йæ хъæрæй дæр бакаст, цæмæй йын йæ ныхæсты æцæгдзинадыл иннæтæ дæр баууæндой. Каст

куы фæцис, уæд йæ ныффыссæг фæгæпп ласта, йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцæвгæйæ, фæхъæр кодта: «Тынг хорз æмдзæвгæ у! Цы фау æм æрхæсдзынæ?!»

Ахъуыдыгæнгæйæ, йæ сахъат, йæ аипп чи не 'мбары, уыдонæй алчи тæхудиаг нæу... Ис дзы, рынчын рахонæн кæмæн ис, ахæмтæ дæр!

* * *

Къух бакæнæн кæмæ ис, ахæм æмбисæндтыл дæр адæймаг сæмбæлы. Уырыссæгтæ афтæ фæзæгъынц: «Спасение утопающих дело рук самих утопающих».

Уæд улæфыдтæн Сау денджызы был. Уыди асæст бон. Знæт улæнтæ лæбурдтой былгæрæттæм. Фысджыты сфæлдыстадон хæдзар тæккæ былгæрон уыд, æмæ дыккаг уæладзыгæй кастæн, урсбарц уылæнтæ кæрæдзи фæдыл дугъы куыд уадысты, уымæ. Знон дæр ма, адæмæй къах æрæвæрæн дæр кæм нæ уыд, уыцы былгæрон басидзæрау. Æрмæст цалдæр лæппуйæ, кæд хур нæ касти, уæддæр æрдæгбæгънæгæй бакъорд сты æмæ къамæй хъазыдысты. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу дзы иу кæнæ дыууæйæ – æвæццæгæн-иу чи фембылд, уыдон, – фестадысты, знæт уылæнтæм-иу сæхи баппæрстой, аленчытæ-иу кодтой æмæ та-иу фæстæмæ хъазынмæ æрбадтысты.

Мæхицæй бæгуылæг ацарæзтон: денджызмæ бахызтæн, фæлæ мæ уылæнтæ фæстæмæ нал æмæ нал уагътой. Цыфæнды худинаг кæд уыдис, уæддæр хъæр кæнын райдыдтон, фервæзын мæ кæнут, зæгъгæ. Лæппутæ дыууæйæ мæ фæйнæфарс февзæрдысты æмæ мæ уайтагъд былгæрон балæууын кодтой...

Дæлдонгæнæджы йæ къухтæ фервæзын кæнынц. Æрмæст алы хатт афтæ нæ рауайы. Мæнæн уыцы Хуыцауы сконд дыууæ арзамасаг лæппуйы къухтæ куы нæ уыдаиккой, уæд мæхиуæтты бон ницуал бауыдаид.

Уæвгæ бын дæр арзамасæгты æнæбары аххосæй фæцæйкодтон: уыдон найгæ куы нæ федтаин, уæд мæхи зæрды абухгæ денджызы баленк кæнын не 'рæфтыдаид.

* * *

Мæ хъæукkаг поэт Тохты Иван дыууæ 'мæ ссæдзаздзыдæй уæззау низы ахæсты бахауд. Кæд æй йæ астæуæй стасæн нал уыд, йæ къæхтæ йæ коммæ хорз нал кастысты, уæддæр-иу æй

йæ хъуыддæгты фæдыл горæтмæ цæуын бахъуыд. Арæхдæр Фысджыты цæдисмæ.

Иуахæмы та уырдæм сæфтыди. Схызтыстæм дыккаг уæладзыгмæ (уæд Цæдис, ныртæккæ профцæдисон комитет кæм ис, уыцы хæдзары уыд). Фæцæуæм æртæйæ: Цæдисы сæрдар Г. (тыргъы йемæ хæрхæмбæлд фестæм), Иван æмæ æз. Иу заман Иван, цæрдæг цæуæг Г. скæсгæйæ, афтæ куы бакæнид:

– Дæ къæхтæ æмæ мæ мæхи сæр куы уаид...

* * *

Людвиджы куы базыдтон, уæдæй нырмæ цæуы æртиссæдз азмæ æввахс. Алы бон дæр æмбæлын куы райдыдтам æмæ бынтон куы бахæлар стæм, уæдæй нырмæ дæр чысыл рæстæг нæ рацыд. Исчи мæ куы бафæрсид, йæ миниуджытæн сæ тæккæ сæйрагдæр цы у, зæгъгæ, уæд зæгъин: хæдæфсармдзинад. Хæдæфсармдзинадимæ та бирæ æндæр хорз миниуджытæ баст сты, æмæ уыдонæй се 'ппæтæй дæр Дунескæнæг дзадджджын хай бакодта Цыбыры-фыртæн.

Цыппарыссæдз азы кæуыл рацæуы, уый æрыгон ничиуал фæхоны, фæлæ цыма Людвиг йæ азты уæз не 'нкъары, афтæ мæм кæсы. Æппæты фыццаг та, йæ куыстхъомдзинадыл йæ кар æппындæр кæй никæцырдыгæй фæзынд, уымæн. Æрыгонæй куыд æнæзивæг уыд, афтæ æнæзивæг у абон дæр. Кусы, фæллад нæ зонгæйæ. Афтæ куы зæгъон, йæ бонтæй иуы дæр æвдæлон никæцымайы уыд, зæгъгæ, уæд мæнг нæ зæгъдзынæн.

Фыдæлтæй ахæм ныхас баззад: лæг адæмæй хæс дары. Уыцы ныхæстæ Людвигæй рох никуы уыдысты. Рох нæ, фæлæ ахæм хæс æххæст кæнын нымайы йæ царды сæйрагдæр нысантæй иуыл. Цал æмæ цал адæймаджы бахъуыд йе 'ххуыс! Цымæ искуы искæй æнæ дзуаппæй рарвыста? Йæ бон цы уыди, уымæй йын нæ бахъуыс кодта? Ахæм адæймаг разына, уый мæ нæ уырны, уымæн æмæ зонын, искæмæ йе уæхск бадарын йæ удæн цас æхсызгондзинад æрхæссы, уый.

Цыбыры-фырт хæлардзинадæн стыр аргъ кæй кæны, уый бирæ хæттыты сбæрæг. Кæд стыр æмæ бæрнон бынæтты куыста, уæддæр уыцы хуымæтæгæй баззад. Йæ зæрдæйыуаг никæмæ фендæрхуызон. Зондджын адæмæй чидæр афтæ загъта: «Друг, достигший власти, – потерянный друг». Ацы ныхæстæ кæд цыфæнды растæй дæр Людвигмæ нæ хауынц. Уый тыххæй æрхæсдзынæн æрмæстдæр иу дæнцæг.

Людвигимæ педагогон институты ахуыр кодта Боциты Бароны фырт Юри. Уыдысты æнгом хæлæрттæ. Юри фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, повесттæ. Уагъта чингуытæ, фæлæ йæ хъысмæт зæрдæзæгъгæ нæ рауад: афоныл ын хъуыддаг кæнын нæ бантыст æмæ иунæгæй баззад. Йæ фæстаг бонтæ æвæгæсæг зæрæдты хæдзары арвыста... Уыцы уавæры йæ Людвиг рохуаты никуы ныууагъта. Бæрæг æй кодта рæстæгæй-рæстæгмæ, æххуыс ын кодта, йæ бон цæмæй уыд, уымæй.

Йæ пенси чысыл кæй у Юрийæн, уый куы базыдта, уæд хицауадмæ ныффыста, цæмæй йын æй фæфылдæр кæной, уый тыххæй. Хацъæты Олег ын йæ пенсийыл бафтыдта.

2009 азы июлы мæй Юри йæ цардæй ахицæн. Мæгуыр лæджы зианы бирæ адæм нæ вæййы, фæлæ, Юрийæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ чи рцыд, уыдонимæ уыди йæ хуыздæр хæлар Цыбырты Людвиг дæр.

* * *

Дохтыр рынчыны фервæзын кодта. Зæронд уыди, йæ къæхтыл слæууын æнхъæлмæ йæм ничиуал каст, фæлæ Хуыцау дохтырæн æххуыс кодта, дохтыр та – зæронд лæгæн, æмæ фервæзт. Йæ низæй фервæзт, уый йæ куы бауырныдта, уæд æй бафæндыд уыцы хъуыддаг сбæрæг кæнын. Йæ дохтырмæ фæдзырдта, кæй мæ фервæзын кодтай, уый тыххæй куывд кæнын æмæ дæ, кæимæ фæнды, уыдонимæ хуыцаубоны мæ хæдзармæ хонын, зæгъгæ.

Дохтыр дæрдтыл нæ авнæлдта, йæ дыууæ ‘мбалимæ сæм æрбацыд. Сæ дуармæ сын адæмы æмызмæлд кæнгæ ныййæфтой. Кæрты та уыди ноджы фылдæр адæм. Æрбадтысты, уæдæ цы уыдаид. Кæсынц æмæ хистæры цур – уæрыччы сæр. Фынгыл, фыццаг сидты фæстæ, адæм фæйнæ комдзаджы куы скодтой, уæд фыдызгъæл фæцыдæр. Адæм, зæгъæн ис, æмæ æххормагæй сыстадысты.

Дохтырæн йе ‘мбæлттæй иу бауайдзæф кодта:

– Адон иууылдæр дæу аххостæ сты.

– Цæмæн? – бадис кодта дохтыр.

– Ацы зæронд лæджы куы нæ фервæзын кодтаис, уæд йæ хæрнæджы галы сæр уыдаид!

* * *

Дыдзæсгом адæймагæн æнцон цæрæн у. Йæ иу цæсгом цæсты куы бафтауы, уæд иннæмæй пайда кæнын райдайы. Уæздан

адæмæн та иугай цæсгæмттæ йеддæмæ нæй æмæ йын счъизийæ алчидæр тæрсы...

Ацы хабар æрцыд хæсты размæ. Уæд ма быдырон куыстытæ фылдæр бæхтæй кодтой. Хæдзарадон кæрт кæй хуыдтой, уым æхсæвгæсæй куыста Куыцыкк. Уыцы кæрты фарсмæ та уыди бæхдон. Изæрыгæтты-иу лæппутæ куыст куы фесты, уæд-иу бæхты уырдæм æрбатардтой, сæхицæн та-иу ам ныхас бацайдагъ. Куыцыкк дæр-иу сæм йæхи баласта.

Иу изæр та лæппутæм Куыцыкк цыдæр мæстыхуызæй бацыд.

– Æз уын зæгъын, лæппутæ, – райдыдта лæг, – Гæрæмты Гæбæт колхозы фæллой бахордта.

Уыцы рæстæг кулдуарæй æрбахызт хæдзарады хицау Гæбæт. Куыцыкк æй куы ауыдта, уæд фыццагæй хъæрдæрæй загъта:

– Æмæ уын уый дзырдтон, лæппутæ: Гæрæмты Гæбæт колхозы сæрыл йæхи бахордта.

* * *

Фæсизæр хъæугæронæй æрбайхъуыст:

– Кæйдæр рæуæды бирæгъ хæры!

Æппæты разæй фæфæдис сты кæройнаг сыхы цæрджытæ. Уыдонимæ Куыцыкк æмæ йæ ус дæр. Сæ фæстæ тахти сæ сыхаг ус Дзыгыда дæр.

Талынджы къуырдтытæгæнгæ тæхынц. Иу рæстæджы кæйдæр ныхас æрбайхъуыст, бирæгъ, дам, Дзыгыдаты рæуæды хæры. Куыцыкк йæ тæхынæй фенцад æмæ, талынджы йæ фæстæ чи тахт, уымæ дзуры:

– Мауал тагъд кæн, нæхион, Дзыгыдаты рæуæд у.

* * *

Тымбылкъухтæ кæрæдзийы ныхмæ куы фæуой, уæд сæ дыууæйы туг дæр акæлдзæн. Кæрæдзийы куы ‘рбахъæбыс кæной, уæд та дзы иу иннæйы барæвдаудзæн.

Æнгуылдзтæ армытъæпæны куы ‘рбамбырд вæййынц, уæд дзы цыппарæй æмиæстæ авæййынц. Куы сæ радаргъ кæнай, уæд та дзы дыууæ æмхуызоны нал разыны: иу дзы иннæмæй кæнæ къаддæр вæййы, кæнæ – стырдæр.

Иумæ – æмхуызæттæ, хицæнтæй – стыртæ æмæ гыццылтæ.

* * *

Ахуыргæнæгмæ студент фæлварæн дæттынмæ æрбацыд. Ахуыргæнæг ын афтæ:

– Кæд мын мæ ном æмæ мæ мыггаг зæгъай, уæд дын хорз бæрæггæнæн нывæрдзынæн.

Нæ йын загъта йæ ном æмæ йæ мыггаг: ахуырты иу хатт дæр нæ уыди.

* * *

Бæрæгъуыны чи ‘рцард, уыдон иууылдæр Уæлладжыры комæй ралыгъдысты, Ос-Бæгъатыры дыууæ фырты Цæрадзон æмæ Сидæмоны байзæддæгтæ. Цæрадзонтæ куывтой Сидæнмæ, Сидæмонтæ та – Ичъынамæ. Сидæмонтæн нæ зонын, фæлæ Цæрадзонтæ, кæддæр хохæй куы ралыгъдысты, уæд Сидæны кувæндоны номыл ныссагътой бæлас, фæлæ базæронд æмæ йæ бынат афтидæй баззад.

Иу-дыууæ азы размæ горæты цæрæг бæрæгъуыйнæгты Хъайттаты Аслæнджери сæ райгуырæн хъæуы кæрон æрæмбырд кодта. Æрбамбал нын сты Бæрæгъуыны фæсивæд дæр, фæсивæд, зæгъгæ, дзы æртиссæдз азæй къаддæр никæуыл цыди, сæ фылдæрыл та 70-80-гай азтæй уæлæмæ.

Фæбадтыстæм, уынаффæтæ фæхастам. Бирæ цæуылдæрты баныхас кодтам. Æз дæр иу фæндон загътон. Нæ фыдæлтæ æрвылаз куывдтæ кæмæн кодтой, сæхи кæуыл фæдзæхстой, уыцы дзуæртты номыл кувæндæттæ саразæм, зæгъгæ. Мæ хъуыды алкæй зæрдæмæ дæр фæцыд, фæлæ...

* * *

Мæ хæлармæ уазæгуаты уыдтæн æмæ мын йæ сыхагæй хъæстытæ кодта... «Бафсис ын ницæмæй ис. Æмпъухы æмæ æмпъухы. Мæ фарсмæ цыппаруаладзыгон хæдзар сыскъæрдта, фаллаг уынджы та йын дыууæуæладзыгон дукани ис, йæ фарсмæ та йын фондзуæладзыгон хæдзарæн бындур æрæвæрдта...

Мæ сæры æрра хъуыдытæ дæр фæзыны. Тæхуды, йæ хæдзæрттæ æмæ йын йæ дуканийы бын исчи динамит куы бавæрид, æмæ, йæ давæггаг æхцатæй цы бынтæ скодта, уыдонæй æнæхай куы фæуид».

Мæ хæлар мæсты кæй у, стæй хуымæтæджы кæй нæ мæсты кæны, уый æмбарын, фæлæ йæ хъуыдытæ мæ зæрдæмæ нæ

цæуынц, уымæн æмæ хæдзæрттæ ницы аххосджын сты. Уыдон, горæт фидауцджындæр цы кæнынц, æндæр ын зиан ницы хæссынц. Кæддæр, нæ проспекты цы диссаджы бæстыхæйттæ сырæзт, уыдон исчи куы фехæлдтаид, уæд абон фæсмон нæ кæниккам?! Уæдæ мæ хæлары сыхаджы хæдзæрттæ халын дæр ницæмæн хъæуы. Æрцæудзæн та ахæм рæстæг, хæрамы бындурыл чи æнцайы, уыдоны бындур хæлардзинад кæд раивдзæн æмæ, кæй хидвæллойæ арæзт сты, уыдонæн лæггад кæнын кæд райдайдзысты.

* * *

Аргентинæйаг кардиохирург Рэне Каваларойы ном айхъуыст æппæт дунейыл дæр. Уый 1980 азы æрхъуыды кодта аорто-коронарон шунтировани. Уый фæрцы мæлæтæй фервæзт мингай адæймæгтæ. Рэне сарæзта йæхи сæрмагонд фонд æмæ йæ схуыдта – «Каваларойы фонд».

Æмæ ссæдз азы фæстæ бахауд уæззау финансон уавæры. Рэне 2000 азы йæхи амардта. Цытджын хирурджы ахуыргæнинæгтæй йын иу йæ мæлæты азымджын кæны Аргентинæйы æхсæнад, бæстæйы ардыгæй дæумæйы футболист дæр, дам, Каваларойы фонды кусджытæй дыууæ-æртæ хатты фылдæр æхца кæй исы, уыцы уавæрмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй кæсы, уый тыххæй.

Ацы хабар фехъусгæйæ, мæ цæстытыл ирон фыссæджы уавæр ауад. Футболистæн иу ирон фыссæгæй нæ, фæлæ цалдæр фыссæгæй дæр фылдæр кад кæй ис, уый ницы зæгъынæй уæлдай нæ уыдзæн, уымæн æмæ махмæ, ома Ирыстоны, иу футболист афæдзмæ райсы, нæ фысджытæ уый бæрц рæстæгмæ гонорар цас райсынц, уымæй цалдæр хатты фылдæр.

...Хи марынæй ницы пайда ис. Стæй фысджытæ сæхи иууылдæр куы амарой, уæддæр уавæрыл искæцырдыгæй фæзына, уый æнхъæл нæ дæн. Иннæмæй та æхца куы фæзына, уæд сæ кæй чингуытыл бахардз кæндзысты, уый нал уыдзæн, уымæн æмæ ныртæккæ чи фыссы, уыдон куыннал уой, уæд сæ, чи раива, уый цыма зын агурæн фæуыдзæн, афтæ мæм кæсы.

* * *

Азтæ мыл куыд фылдæр цæуы, афтæ мæ райгуырæн хæдзар, мæ райгуырæн сых, мæ райгуырæн хъæу, кæй зыдтон, чи мæ

зыдта, кæимæ хъазыдтæн, рæстæн, хъомыл кодтон, уыдон мæ зæрдыл арæхæй-арæхдæр лæууынц. Мæ ивгъуыд бонты алы мысинаг дæр мæ удмæ хæстæг у, ныфс æмæ мын тых дæтты. Ивгъуыд мæ йæ хурæй зымæгон дæр уалдзæгау тавы.

Мæ хъуыдыты куы ацæуын, уæд нæ хæдзарæн йæ тæккæ рæбинаг къуымы балæууын. Уырдыгæй мæ раздæхын нал фæфæнды. Кæддæр йæ къæйыл картофы чъиритæ кæмæн физонæг кодтон, уыцы пец мæ йæ цурæй нал фæуадзы. Афтæ мæм фæкæсы, цыма сдзурдзæн: «Æдде-иу уазал къæрццытæ куы кодта, уæд-иу дæ куыд тавтон, афтæ дæ ныр дæр батавдзынæн. Насы æппытæ къæйгондæй куы уарзтай. Бирæ æнхъæлмæ кæсын дæ нæ бахъæудзæн. Кæддæры хуызæн та сæ уайтагъд акъæй кæндзынæн. Мæ фарсмæ бадгæйæ, миты гæлæбутæ ставд тъыфылтæй куыд хауынц, уымæ рудзынгæй кæсдзынæ».

Уайы мæ цæстыл нæ хæдзары, нæ кæрты, нæ цæхæрадоны алы къуым дæр. Мæ мидхъуыдыты æрзилын, цы фæндæгтыл ауадтæн, уыдоныл. Уынын нæ сыхæгтæй алкæй цæсгом дæр, хъусын сын сæ ныхас, сæ худын, хаттæй-хатт та сæ кæуын дæр. Хаттæй-хатт цæмæн? Бирæ хæттыты. Уымæн, æмæ æз кæимæ цардтæн, уыдонæй æгас чи нал у, æрмæст уыдон ранымайын дæр зæрдæ риссыны фаг у, фæлæ сæ уæддæр ранымайдзынæн.

Раздæр куыд загътон, афтæмæй Бæрæгъуыны алы сыхы дæр дæс хæдзары ис: фондз иуæрдыгæй, фондз – иннæрдыгæй. Нæ бакомкоммæ цардысты Аксотæ, не 'рвадæлтæ. Аксойы нæ хъуыды кæнын: уый хæсты баззад. Нæ йæ зыдтон, фæлæ, уыцы хæдзары, æз кæй зыдтон æмæ дзы чи нал ис, уыдонæн сæ хистæр уыд Аксойы мад Хæмысиат (чи дзы кæмæн цы бавæййы, уый куы амонон, уæд æгæр бирæ бынат бацахсдзæн, амондзынæн æрмæст сæ мыггæгтæ æмæ нæмттæ), Чабæхан, Агуыбе, Венерæ, Хадзыби. Сæ уæле цардысты Реуазтæ. Æз кæй зыдтон, уыдонæй нал ис Маринæ, Сафонка, Бади, Венерæ, Таймураз, Жаннæ. Сæ сыхæгтæ – Дзасохты Алихантæй ничиуал ис: Лубæ, Бибо, Налди, Амырхан, Агуыбе, Аслæнбег, Зойæ; сæ уæле дыууæ хæдзары, стæй уыдон бакомкоммæ дæр не 'рвадæлтæ цардысты. Уыдонæй та нал ис Гуассæ, Лади, Уæлгæ, Цæрадзон, Ленæ, Нинæ, Хъазыбег, Баса, Сæли, Тамарæ (уыдысты дыууæ: чындз æмæ ходыгъд), Габоци, Валя, Касиан, Бутушкæ, Гагуыдз. Сæ дæле – Дзустæ: Елена, Бате, Дунашйа, Дзæнæтхан, Амырхан:

уыдонæй дæр дæлдæр – Дзустæ: Якæф, Елмысхан, Юрик; уыдоны дæле нæ хæрзсыхæгтæ – Хъантетæ: Хадзумар, Дзæлиго, Геуæр, Лазигка, Елетхан, Боци, Дзекка, Сослан, Зоря, Валодя, Федыр æмæ, æппынфæстаг, нæхи бинонтæй, æз кæй зыдтон, уыдонæй йе 'нусон фæндагыл ацыдысты мæ фыд Сосыгко (гыццыл цыдæртæ дзы хъуыды кæнын æмæ йæ нæ зыдтон зæгъын мæ цæст нæ уарзы, мæ хистæр æфсымæртæ Зауырбег, Солтанбег æмæ Хъазыбег мæ райгуырды размæ амардысты), Веринкæ, Оля, Дибæхан.

Æппæты дæр номæй номмæ цæмæн ранымадтон? Æвæццæгæн, кæддæр нæ сых куыд бæзджын уыдис æмæ сæ фарнæй æз дæр куыд хъæздыг уыдтæн, уый цæстытыл ирддæрæй ауайын кæныны тыххæй.

Ныр мæ бæллиццагдæр фæндтæй иу мæ царды кæрон куы сæххæст уаид æмæ фæстæмæ мæ райгуырæн хæдзары куы рцæрин, уæд цымæ уыцы адæмы 'хсæн мæхи æцæгæлоныл нæ банымаин? Есенины загъдау, мæхи «в своей стране я словно иностранец» нæ рахонин?..

* * *

Уæрæсейы цытæ цæуы, ууыл тыхсынц, нæ фыдгул бæстæты цы рæстзæрдæ адæм цæры, уыдон дæр...

«Уæрæсейæгтæн, мæнмæ гæсгæ, сæ хуыцау сси искæцæй исты пайда ратонын... Телевизор куы сифтындзай, уæд дзы удæн ницыдæттæг хъæзтытæ æмæ шоутæ йеддæмæ ницы ис. Уырыссаг кино уæ ферох, нал уæ хъæуы Пушкин, Гоголь, Лермонтов... Гамлеты театры сбадын кодтой мотоциклыл. Офелияйæ сарæзтой лесбиянкæ, Софья (Грибоедовы «Горе от ума») сценæйы кæны, адæймагæн кæсын йæ бон цы митæм нæу, фырæфсæрмæй йæ зæххы скъуыды ныххауыныл чи разы кæны, ахæм æнæуаг митæ. Уæрæсейы телевизормæ дæс минутæй фылдæр кæсæн нæй: ницы дзы ис, æргом йæхимæ цы аздаха, ахæмæй. Уымæй, ома телевизорæй, тынгдæр адæмы хъæлæс ничи æмыр кæны. Уæ телевизорæй адæймаджы æвзагæй ничиуал дзуры, загъд-замана, æртхъирæнтæ, æнæуаг дзых.

Æз Уæрæсейы уыдтæн Советон дуджы дæр. Экономикæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ раззагдæртæй нæ уыди, фæлæ бирæ адæм сæ цардæй разы уыдысты. Цы диссаджы фысджытæ уæм ис! Иннæ ахæм – кино! Сымах та уæхицæн тырыса сарæзтат,

хуымæтæджы америкаг былысчъилтæ кæуыл æмæ цæуыл кæны, ахæм ницытæ мæ мацытæй...

Уæ бæстæйы бирæ ивддзинæдтæ æрцыди. Стыр хъыгагæн, цыдæриддæр уæм хорздзинадæй уыдис, уыдоныл цъыфкъахæй кафут, æвзæрдзинадæй уæм цы уыдис, уыдæттыл та дыгай къухтæй фидар ныххæцыдыстут!»

Ацы ныхæсты автор у америкаг поэт Джулиан Лоуэнфельд. Уый интервью радта «Российская газета»-йы.

Кæнæ Уæрæсейы хицауиуæггæнджытæ газеттæ нæ кæсынц, суанг сæхимæ цы фарстытæ хауы, цы аиппытæ сæм ис, уыдон хурмæ кæм фæхæссынц, се сраст кæныны мадзæлттыл цæстуарзонæй кæм дзурынц, уыцы æрмæджытæ дæр. Кæнæ та сæ кæсынц, фæлæ сæ ницæмæ дарынц, «вазыгджындæр» хъуыддæгтæй сæ не 'вдæлы.

Куыд ис ахæм интервьюйы иувæрсты ацæуæн? Уæрæсейы фидæныл тыхсджытæ куы уаид, уæд Джулианæн арфæтæ кæниккой, бузныг ын зæгъиккой, фæлæ...

* * *

Кæмдæр кæнæ кæсгæ бакодтон, кæнæ та йæ хъусгæ фæкодтон, адæймагæн, дам, йæ финдз, цалынмæ цæра, уæдмæ рæзы. Фæлæ, æвæццæгæн, уый раст нæу: Хъуылаты Чермен, «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон, уæд нæ уацхæсджытæй афтæ кæмæн загъта, æз адæймагыл финдз æрзайгæ федтон, фæлæ финдзыл адæймаг æрзайгæ фыццаг хатт уынын, зæгъгæ, уымæн йæ финдз афонмæ йæ уæрагæй фæдæлдæр уыдаид – ныр ыл цыппарыссæдз азæй фылдæр цæуы.

* * *

Иуæй-иу хатт мæ кæйдæрты нæмттæ дзурын нæ фæфæнды. Уымæн бындур вæййы. Цы хабар ракæнынмæ хъавын, уыдонæй дæр комкоммæ никæй ном бацамондзынæн – сæйрагдæр мæм хабар йæхæдæг кæсы...

Ме 'рдхорд бæрнон бынаты куыста. Иу хъæуы скъолайы директор, дам, йе скъола цалцæг кæныны æхцатæ ныппапылой кодта, зæгъгæ. Ахæм хъаст равзарын уымæн бабар кодтой. Уый куыд сбæрæг кодта, афтæмæй директор, скъола сцалцæджы тыххæй йæ зонгæтæн æхцатæ рафыста. Ме 'рдхорд уыцы адæмыл æрзылди – иу дæр дзы скъолайæн дæр æмæ 'хцатæн дæр ницы зыдта.

Æппынфæстаг фæдзырдта, хъаст кæуыл чындæуыд, уымæ

дæр. Йæ къухтыл, дам, зыр-зыр бахæцыд, фыртарстæй, дам, йæ кæсæнцæстытæ дæр мæ кусæн уаты ферох кодта.

Цыбыр дзырдæй, ме 'рдхордæн хъуыддаг бамынæг кæнгæ 'рцыд: хицауадæй йæм дзурджытæ фæцис, æмæ, йæ зæрдæмæ чи нæ цыд, ахæм хабар саразта...

Зыдтон уыцы директоры æз дæр. Нымадтон æй сыгъдæгзæрдæ, æгъдауджын, кад æмæ намысыл тохгæнæгыл. Стæй, æргом куы дзурон, уæд ахæм митæ йæ сæрмæ 'рхаста, уый мæ абон дæр нæ уырны. Фæлæ, Хæблиаты Сафары загъдау, «слаб человек».

* * *

Мæ зонгæ æнæхицау гæдыйы лæппыны сæхимæ æрбахаста. Иуцалдæр азы сæм фæци. Гæды уæлдай æнувыддæр уыди йе 'рхæссæгыл. Йæ кусынæй æрцæуын афон-иу уынгмæ йæ размæ рацыд, лæг-иу куы фæзынд, уæд-иу æм батахт, йæхи-иу ыл рахаф-бахаф систа. Цалынмæ-иу æй йæ хъæбысмæ систа, уæдмæ-иу æй нæ ныууагъта. Лæг-иу æй хæдзармæ бахаста æмæ-иу ын хæринаг радта.

Рæстæг цыди. Сæ хæлардзинадыл бинонтæ дис кодтой.

Уалынджы æрцыд æнамонд хабар. Лæг æрбарынчын æмæ цалдæр боны фæстæ йæ цардæй ахицæн. Гæды æнкъардæй йæ цуры бадт, дыууæ боны хæргæ дæр нал бакодта. Æртыккаг бон зиан кæрты куы рæвæрдтой, уæд уый дæр йæ фæдыл рацыди. Чырыны бын сбадт, æмæ, цалынмæ марды ахастой, уæдмæ уырдыгæй тæрын нал ракуымдта.

Мæ зæрдыл Есенины радзырд «Бобыль и дружок» æрлæууыд. Уым та куыдз йæ хицауы амардыл афтæ йæхи мардта. Раздæр йæ цурæй нал цыди, куы йæ баныгæдтой, уæд та – йæ ингæнæй. Иу бон æй мардæй уым баййæфтой.

* * *

Хорз фырт, йæ фыд цыфæнды æгуыдзæг æмæ æнæрæгъыдзыд куы уа, уæддæр уымæн цыма йæ фыдгой кæнын нæ бауадздзæн, афтæ мæм кæсы. Фыдгойгæнæджы ныхмæ куы ницы сдзура, уæддæр ын хъыг кæй уыдзæн, уый мæ уырны. Фæлæ, цымæ, æцæг лæг, йæ сæр сæрмæ чи хæссы, адæмы æхсæн кад кæмæн ис, уый йæ цауд фырты сæрыл рахæцдзæн? Йе 'взæр ын æвзæр хонын бауадздзæн æви, цы у, уый æргомæй зæгъдзæн?

*Уыдзæн ма*

*РÆМОНТЫ Геор*

# ДЗЫМАНДЫТÆ

* * *

Рæстæг царды цыдмæ хъусы
Æмæ дзы уынæргъгæ схауы:
О, цы сау ысбады урсыл,
О, цы урс ысбады сауыл?!

* * *

*М. Дудинмæ гæсгæ*

Нæу хъомысджын фæлитой заман уæгъды,
Æмæ мæ фæдзæхст не ‘мбæхсын æз дæр:
Куы та сагъуыйæм дзæгъæлы æмдзæгъдыл,
Уæд нал уыдзæн хъуыды кæнынхъом сæр.

## ЗÆРДÆ ÆМÆ ЗОНД

Цæуы куырмæджы: не ‘взары тæссæрттæ,
Цæхгæр хауæнтæ, астъæлфынмæ – сонт...
Зонд базонæд, кæцырдæм цæвы зæрдæ,
Æндæр æххуысмæ атагъд кæны зонд.

* * *

*Ф-йæн*

Мæн кодтай æууæндын...
Æнхъæлдтон: мæ удмæ
Æрвон рухс нывæндын
Ныр хауы дæ уындмæ.

Мæ сæнтты бæллыдтæн –
Уыдзыстæм æмдзæрæг...
Цæмæй хæйрæг уыдтæн,
Кæй дæ ‘мбæхсти хæйрæг.

* * *

*Черменæн*

Цы ‘рцæудзæн сом – нæй базонæн, хынцæн,
Цæмæй зыдтон – адзал кæй нæ уыд дард мæ...
Цæуын кæд рухсæй сау тармæ, уыдзæн
Уæддæр уæлæмæ ме ‘ргом – рухсмæ, цардмæ.

*2014*

## НÆ ХИЦÆУТТÆ

Хорз сæ кæрæдзи æмбарынц,
Сты нын стъалытæ ‘мæ хуртæ...
Уыдон цардæй къæртт æппарынц,
Махæн уыцы къæрттæй – муртæ.

## «УАРЗÆТТÆ»

Æнхъæлынц: кæсы сæм хуыздæр фидæн,
Фæлæ, дам, сæ фыд-зонд, сæ галиуæй
Куы ауайынц, оххай, æддæг-мидæг,
Уæд ма тæрс ды уыдонæн баиуæй.

* * *

Уынын: ысты дæм цъус нымад
Дæ ус æмæ дæ усы мад;
Налат – дæ ус, йæ мад дæр,
Нæ сæм дæ ды нымад дæр.

*2012*

* * *

*И. Резникмæ гæсгæ*

Дæ дзæгъæл дзырд... Нæ зоныс бæрц йæ дæргъæн,
Уæвгæ та нын йæ пайда дæр нæу цъус:
Дæ дзæнгæда æгæр уæззау у уаргъæн
Дымгæйæн дæр – йæ уæзы бын ныхъхъус.

* * *

Йæ кæрæфы тых цас тæры! –
Йæхæдæг тохъхъыл бахæры,
Йæ ныхтæ дæр ма асдæры.

* * *

*Къ. Б-йæн*

Йæ зæрдæйы дуар мын ныттыгъта,
Фæлæ йæм куы бакастæн цъус,
Уæд загътон: цы сау фыд, цы тыхтæ
Нæ уадзынц йæ тар къуымтæм рухс?

*ГУСАЛТЫ Барис*

# СТÆМТÆЙ ИУ

*Цардвæндаджы уацау**

— Фысты æгъдау та иннæрдæм у: иу дзы йæхи сæрсæфæны былæй куы аппара, уæд иннæтæ иугуырæй дæр йæ фæстæ сæхи акалдзысты…

– Фысты коймæ мæ зæрдыл иу ахæм базырджын ныхæстæ ‘рбалæууыдысты: домбæйтты æфсады сæргъы, дам, фыс куы уа, уæд сыл, фысты ‘фсады сæргъы домбай кæмæн ис, уыдон фæуæлахиз уыдзысты. О, фæлæ дæ ныр, домбай Бибойы номдзыд фырт, уыцы хуызы бафæрсинаг дæн – дæ фæндæгтæ дын никуы æхгæдтой, «адæмы знаджы» байзæддаг кæй дæ, уыйадыл?

– Æргомæй – никуы! Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ хицауадæй дæр иуæй-иу тæрныхты уырныдта, адæмы знаджы биркæ-ярлык-иу кæуыл баныхæстой, уыдон æцæгæй дæр знæгтæ кæй сты, уый. Бирæтæ та сæхæдæг дæр æдас нæ уыдысты, цы бон, цы сахат дзы кæуыл æрхæцдзысты алы æрымысгæ ‘фсæнттæй, уымæй. Тарстысты, стъæлфыдысты, кæд-иу сæ сæрæн ницы зыдтой, уæддæр…

– Ахæм анекдотгонд уыд уыцы азты, зæгъгæ, как, дам, жизнь. Æмæ, дам, как в автобусе: одни сидят, другие трясутся.

– О, æрмæст мын иунæг хатт бадардтой мæ цæстмæ, чи дæн, кæй фырт дæн

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 11-æм номыры.

ома, уый: ме ‘мбæлттæ мæ бакъуымы кодтой, фæскомцæдисы рæнхъытæм бацу, зæгъгæ. Гъемæ курдиат куы балæвæрдтон, уæд мын комсомолты фæтæг загъта, ды махæй нæ дæ æмæ, дам, нын нæ куывдмæ кауы хуынчъытæй кæс...

Хæсты хæцæны дæр æмæ уый фæстæ азты та ууыл нал уыдтæн, æппындæр мæ фæсонырхæджы дæр нал уыд комсомолтæм-йедтæм бацæуын. Стæй мæ хъысмæт афтæ ныддæлæуæлæ кодта, æмæ ма мæ раст партимæ дæр сыфцæй ласæгау бацæуын кодтой. Фæстæдæр дын уыцы хабæрттæ дæр ракæндзынæн, ныр та уал...

– Ныр та уал, хæст кæй ныггуыпп ласта, уый куыд базыдтай? Стæй дæм куыд фæсидтысты – кæд, кæимæ, кæдæм?

– Сæрд йæ тæккæ тæмæнæй уыд. Лæппутимæ нæхи Терчы надтам. Хъæумæ здæхæм. Хъæугæронмæ куыд бахæццæ стæм, афтæ нæм тигъæй æнахуыр ныв разынд: адæм удаистæй дугъ кæнынц хъæуы астæумæ. Мах фенхъæлдтам, æвæццæгæн, дуканимæ цыдæр ахæм исты товартæ æрластой, æмæ уырдæм тындзынц – хæлофы æнæ хайæ куы баззайой, зæгъгæ, уымæй тæрсгæйæ. Фæлæ уæдмæ фæдисæттæ сæ ных клубмæ сарæзтой: митинг, дам, дзы уыдзæн.

Цавæр митинг?!

Æмæ, дам, хæст райдыдта, немыц нæ бæстæмæ ‘рбалæбурдтой!

Гъемæ уæд мах дæр уым, клубы, балæууыдыстæм сæ разæй. Районæй æрвыст лæг раныхас кодта, зæгъгæ, дам, сын мах, уыцы немыцаг сырдтæн, бал бирæгъты цагъд ныккæндзыстæм. Иннæ ныхасгæнæг дæр сæ уыйау бирæгътимæ сбарста, загъта, се ‘фсæртæ, дам, сын ныссæтдзыстæм – уый, ома афтæтæ дзурæг, нæхи хъæуккаг уыд, пожарникæй куыста...

Мах, ома æнахъом фæсивæд, уайсахат фæкарджындæр стæм. Фарæстæмкъласонтæ... Раст дыккаг бон сæрмагонд къордтæ ацарæзтой хъæуы ас лæгтæй – всеобуч æй схуыдтой.

Гъемæ дзы æз дæр иу къордæн акомандир дæн, афтæмæй æмбаргæ та цы кодтон – ницы! Физкультурæйы урокты цы базыдтон, æрмæстдæр уыцы налево! направо! стой! Æмæ сыл-иу цъæхснаг хъæлæсæй схъæр кодтон:

– Левый поворот – вперед! Правый поворот – назад!

Æмæ дугъ ратт Терчы былгæрæттæ-былгæрæтты. Æмæ уæд уыцы зæрæдтæм бакæсын! Æртиссæдз азы кæуыл сæххæст, уыдоны онг сæм сидтысты хæстмæ, æмæ фæззæгмæ хъæу хастау

федзæрæгхуыз, сафтид, æрмæст ма дзы махау лæппын фæсивæд баззад.

Скъолайы дарддæр нæ ахуыр хæццæ кодтам. Æз, кæд фыдуаггомау уыдтæн, уæддæр хорз ахуыр кодтон – цыппар лæппуйы æмæ иу чызг, – тынг хорз чи ахуыр кодта, уыдон уыдыстæм. Иннæ æртæ лæппуйæ ничи бахауд хæсты цæхæры – абон дæр æй нæ зонын, куыдæй баззадысты сæ хæдзæрттты, уый...

Мæнæн сæрды бæх радтой, берданкæ топп æмæ дружинæйы уыдтæн. Ме 'мгæрттæ фондзæй.

Ныр хæст хæстæгæй хæстæгдæр кæны махмæ. Немыц дыккаг хатт Ростов бацахстой, Армавир дæр уыдоны къухмæ бахауд. Уый цыппор дыккæгæм аз. Адæм бирæ фæцагъды, уæдæ нæ уацары дæр милуантæ бахауд, æмæ уæд бардзырд рацыд уæлейæ, мæ карæнтæм дæр æмгъуыдæй раздæр фæсидут, зæгъгæ. Майы мæйы акодтой дыууын æртыккæгæм азы гуырдты, фæззæджы та комкоммæ мах рад ралæууыд – дыууын цыппæрæм æмæ дыууын фæндзæм азты чи райгуырд, уыдоны. Досрочно! Æмгъуыдæй раздæр. Сармадзанты, лæджы фыд хъуыд...

Уый фæстæ ма ноджыдæр ассывтой дыууын æхсæзæм æмæ дыууын æвдæм азты гуырд лæпputы дæр...

– Уый та куыд?! Æмæ, дам, Сталин ахæм бардзырд куы радта, ирон чысыл адæмæй уыцы цахъхъæнты мауал кæнут хæстмæ, бынтон скуынæг уыдзысты, зæгъгæ! Ауæрста, дам, ныл...

– Уыдон сты цæттæ гæды ныхæстæ! Никуы уыд ахæм бардзырд! Фæстагмæ кæмæ фæсидтысты, æцæг уыдоны хæцæг æфсадмæ нал баппæрстой, фæсфронт баззадысты – уæдмæ махонтæ нæ раздæры арæнтæм бахæццæ сты, – æмæ айдагъ маршировкæ æмæ алы куыстытæ кодтой. Иу заман сын, хæсты фæстæ ома, хæсты архайджыты кад дæр нæ уыд, ницы льготтæ сын лæвæрдтой. Æмæ сбунт кодтой. Гъемæ сæ уæд тыхтæйфыдтæй фронтовиктыл банымадтой. Кæд искæуыл ауæрстой, уæд цыдæр æгъдаумæ гæсгæ, уартæ Хъазбегты районы чи цард, уыдоныл – никæй дзы кодтой хæстмæ. Цас раст у хабар, уый нæ зæгъдзынæн, фæлæ йæ æз мæнæ академик Берозты Темырболатæй фехъуыстон. Мемæ ахуыр кодта мединституты. Къобаг у. О, иу лæппу ма нæм уыд уыцырдыгон – Цæболтæй, йæ ном мæ ферох. Сæ дыууæ дæр мæнæй хистæртæ, фæлæ сæ иу дæр хæсты нæ уыд – нæ, дам, нæм сидтысты...

– Кодтой сæ! Уæлæ Кады уæлмæрд кæм ис, уым сын сæрмагонд

цырт сæвæрдтой, Къобæй цы фæсивæд байсæфт хæсты, уыдонæн. Хъæу æй цыма сæхæдæг сæвæрдтой, æрæджыты...

– Уый нæ зонын, Темырболат æмæ Цæболы-фыртæй цы фехъуыстон, уый дын зæгъын. О, мæхæдæг та æвддæсаздзыдæй афтæ схæстон лæг дæн... Хъæусоветæй нæм дыууæ бричкæйы æрхауд аст лæппуйæ – нæ къухты нын пъавесткæтæ фæсагътой æмæ нæ бавгæдтой уым. Æртæйæ дзы Кучитæй уыдыстæм – æз, Валодя æмæ Юрик. Иннæ лæппутæ Захъа æмæ Нары сыхтæй – хъæу афтæ дихтæ кодта...

Адæм нæ фæдыл кæугæ цыдысты хъæугæронмæ. Къардонмæ нæ сластой – уæд нæ район Орджоникидзевский хуынд, æмæ йæ центр та уым уыд. Æхсæвиуат цыдæр хæдзары бакодтам – æд дарæс батылдыстæм пъолыл. Дыккаг бон фæссихор адардтам горæтмæ фистæгæй. Уæд республикæйы военкомат уыд Рамоновы уынджы, ныр уыцы бæсты хайы цыма сæрмагонд лицей ис.

– Уыцы уæладзыгджын хæдзар Хъариаты Тамарæйы фыдыфыд Халтийы уыд. Ай-гъай йын æй байстой, фæлæ йын йæхи хорз æмæ нæ бафхæрдтой. Æцæг йæ фырт Гадзе, Тамарæйы фыд, репресситы амæддаг сси...

– Гъемæ уым дæр та æд гæрзтæ батылдыстæм бæгънæг пъолыл, нæхи батымбылтæ кодтам. Райсомæй кæсын, æмæ зынгæ фæфылдæр стæм – æндæр хъæуты фæсивæд ныл бафтыд...

Цæуæм, горæтæй ахызтыстæм. Нæ арæзт кæдæм у, уымæн нæ ничи ницы зоны. Нæхи хъæуы лæппутæй куы зæгъон, уæд нæ уымæй размæ чи кæм уыд, чи нæ кæдæм афтыд? Ничи никæдæм Беслæныхъæуæй дарддæр. Уалынджы чидæр афтæ, ай, дам, Базуркин у, мæхъхъæлы хъæу, далæ йæ дæле та Уæлгинскæ...

Ныххæццæ стæм цыдæр станцæмæ – æфсæнвæндаджы тæккæ былыл дыууæ-æртæ хæдзары. Долаково уыд, кæд ма исты зонын, уæд. Æнæбары хæринæгтæ нын радтой немæ – халсарты консервтæ авгæй банкæты æмæ сухаритæ. Адардтам та нæ фæндаг – ныр Грознайырдæм сосайыл. Афтæ тынг атъанг стæм, æмæ, разæй фæстæмæ ракæсгæйæ, нæ кæрон нæ зынд – уыйбæрц баистæм.

Нæ иувæрсты чырæгæйттæй цæуынц машинæтæ, æфсæддонтæ дзы бады. Мах та – фистæгæй, ноджы сын сæ рыг ныхъуырæм. Уым цинагæй ницы ис æмæ уæд... Лæг æрхъуыдыйæн у,

уæлдайдæр ма хибар-сæрибарæй, æмæ уæд... Немæ хистæрæн иу афицеры рарвыстой – кæстæр лейтенант цыма у. Æз æм мæхи хæстæгдæр байстон æмæ йæ фæрсын мæ хорз лымæнау, нæ фæллад суадзынмæ кæм æрæнцайдзыстæм, зæгъгæ, уымæй. Уый мын мæхъхъæлы хъæутæ нымайыныл схæцыд, стæй афтæ, Карабулачы, дам. Уый кæм ис, уымæн, ай-гъай, ницы зыдтон, фæлæ ме 'мбæлтты хъусы бацагътон, нæ къæхтæ исты, мыййаг, колхозы къæхтæ куы не сты, цы сæ фыдæбонæй марæм – фæлтау ацы машинætæй афтиддæрмæ сгæппытæ кæнæм æмæ та искуы ног хæрды куы фæсындæгдæр кæна йæ цыд, уæд дзы фæстæмæ æргæппытæ кæндзыстæм æмæ ауuон сатæг ран адонмæ банхъæлмæ кæсдзыстæм – æндæр уæдæ ай бодзæн кæрц нæу!..

Æмæ суанг Махачкаламæ афтæ кодтам. Кæддæр-уæддæр æм бахæццæ стæм. Уырдыгæй та адардтам Избергмæ – ныр æй Избербаш хонынц. Ам цæхгæр хæхтырдæм базылдыстæм. Хур акъул. Фæлæ цъититæ тæмæнтæ калынц. Тæккæ хохрæбын хъæу Сергокалайы нæ иуты баурæдтой, мах полкъ арфдæр æмæ бæрзонддæр цæуы. Хилæм æмæ хилæм уæлæмæ. Иу къуыпмæ слæсыдыстæм – уф-уф! Хъæуы ном Леваши. Дæргъвæтин хæдзар – скъола. Уырдæм нæ бакодтой. Нæ уæлæйы дарæс нын пропаркæмæ дæттын кодтой – бакал сæ кæримæ, цæнд цæнды уæлæ, зæгъгæ.

Æмæ-иу нæ лæппутæ санпропускникæй куы рацыдысты, уæд сæ-иу нал базыдтон – æлвынгæ нын нæ сæртæ горæты военкоматы акодтой, фæлæ сыл ныр та ног æфсæддонхуыз дарæс, кæуыл америкаг, кæуыл англисаг батинкæтæ, тюбитейкæтæ, уыцы обмоткæтæ – зилгæзæнгæйттæ.

Ныр мæнæн та мæ хъуыддаг æндæр рауад. Мæ фыдыфсымæры чызг Лизæ дохтыр уыд хæсты. Æмæ йæ цыбыр рæстæгмæ нæхимæ рауагътой. Уый бавдæлд, æмæ мæнæн отрез схаста, хакийы хуыз, стæй хæдон, гæлифе хæлаф, кирзæ цырыхъхъытæ, хъусджын худ – æмбисонды хъæздыгдзинæдтæ уæды рæстæджы. Гъемæ сæ цы зæрдæйæ ныууагътаин хæдзары – хæстмæ уыдоны рараст дæн, августы мæй! Æцæг-иу мæ худ мæ къухты хастон, науæд лæгæн йæ сæр ахæм хурмæ сфыцын дæр зоны.

Æмæ мын сыл уыцы лейтенанты мæгуыр цæст андæгъд, бахæлæг сæм кодта. Нæ сæ ласын мæ уæлæйæ, нæ сæ калын цæндмæ – æвгъау мæм кæсынц, ай-гъай! Ныр лейтенант мæ алывæрсты ссилæг – йæ къухы цы хуызы бафтой, ууыл у йæ сæйрагдæр мæт.

Леваши кæд райцентр у, уæддæр хъæу æмæ хъæу, иу уынг дзы, йæ хæдзæрттæ хохæй уырдыгмæ ахастой. Хъæуы лæппутæ нæм кæсынц. Базар уæм нæй, зæгъгæ дзы иуы фæрсын. Нæй, дам, нæм. Ныр уырыссагау та зынтæй æмбарынц. Уæдæ уæм, зæгъын, кæм цы ис? Æмæ, дам, лауаситæ. Мах та раст сыдæй мæлынмæ ‘рцыдыстæм: цы сты мах карæнтæн сухаритæ æмæ консервгонд цыдæр халсартæ?!

Райстон мемæ мæ гимнастеркæ, гæлифе, худ æмæ цырыхъхъытæ æмæ айдагъ трусичы уыцы хъæуккаг лæппутимæ иу хæдзармæ ныццыдтæн. Патефоны пластинкæтау тымбыл æмæ тæнæг лауаситæй сæ иу хъæбысыдзагыл баивтон. Лæппутæн – нафы куывд! Фæлæ мыл-иу нæ лейтенант йæхи куы сцагъта:

– Ты у меня будешь в одних трусах служить! Голым будешь воевать!

А что, зæгъын, и – буду!

Радтой нын ирайнаг топпытæ, бæрæг рогдæр нæхионтæй. Стæй цыма цыбырдæр уыдысты кæрæбинтау. Нæ алыварс хæхтæ нæуууæмбæрзт. Гъемæ нæ бон сау изæрмæ уым ратæрбатæр кодтой, къахайсын, салам дæттын афицертæн, стæй нæ æхсын дæр талф-тулфæй ахуыр кодтой, атакæйы цæуын, джебогъæй рæтъузынтæ-йедтæ... Афтæ иуæндæс боны. Стæй та ныл рахæцыдысты. Цæуæм, цæуæм, цæуæм та суанг изæрдалынгтæм.

Бауырнæд дæ: лæг цæугæ-цæуыны тарф фынæйæ фæфынæй кæны! Фæлæ тæссармæ адзæгъæл вæййы. Æмæ-иу дæ уæд хъахъхъæнæг салдат фæстæмæ дæ рæнхъмæ бакодтаид æмæ та дарддæр дæ адджын фынтæ уын. Æрбадут, чысыл уæ фæллад суадзут, зæгъгæ, уæд-иу, фæсте чи цыд, уыдонæн рæстæг нал баззад сæхи æруадзынæн – афтæ-иу дæргъæй-дæргъмæ уыйбæрц атъанг стæм... Нæ арæзт та уыд Гуыдырмесмæ.

Ам нæ, телятникты – мæнæ фосласæн вагæттæ кæй хонынц, уым баппæрстой – чъизи, цæй хъæмп æмæ цæй æндæр, фæлæ нæ æгайтма уæддæр фистæгæй цæуын нал хъуыд æмæ цин кодтам. Фенкъуыстыстæм, цæуæм. Иу афон кæсын вагоны уæрæхгом дуарæй æмæ дын агъуыстыл фыст: Станция Беслан!

Цы адджын дæ, фыдызæхх, цы!

Ныр уæдмæ мæ къахы стыр æнгуылдз, тугдæппалы фæстæ ныррæсыд, хæф кæнын райдыдта. Афтæ нæ дзæвгар лæппуты къæхтæ фехæлдысты. Мæнæн мæ бон цæуын нæ уыд, æмæ мын

уæд бар радтой чырæйы бричкæйы сбадынæн. Ме ‘мбæлттæ разæй ацыдысты, æз уыцы обоз-чырæйы.

Кæдæм цæуæм, цæмæ цæуæм – салдатты хъуыддаг нæу. Мæнæ иу хъæу дыууæрдыгæй къуыбырты ‘хсæн тъæпæн лæнкауы. Цæугæдоны бауадыстæм æмæ та нæ размæ фæтæн стыр къанау. Сентябры мæй ма уыд, кæронмæ хæстæг, фæлæ хъарм бонтæ хаста – сывæллæттæ къанауы сæхи найынц, хъæлдзæг цъыбар-цъыбур кæнынц. Цæй хæст ис дунейыл!

Иронау хъæрæй дзурынц. Мах куы ауыдтой, уæд фæджих сты. Æз сæ фæрсын, дæлæ дæлбыл уый цы хъæу у, зæгъгæ.

– Зилгæ! – æмхъæлæсæй мын дзуапп радтой.

– Æмæ мах разæй ауылты æфсæдтæ ацыд?

– Ацыд.

– Кæцырдæм?

– Уартæ Зæронд Бæтæхъойыхъæуырдæм.

Æз дын тагъд-тагъд блокноты иу сыфыл куы афыссин, кæм агургæ стæм, уый æмæ йæ сывæллæттæм дæттын, фæдзæхсын сын, кæдæм æй сæмбæлын кæнын хъæуы, уый. Фысгæ дæр ыл ныккодтон, Къостайыхъæу, Кучитæм, зæгъгæ. О, хæдæгай, зилгæйаг куы дæ, æмæ ис уæ хъæуы ахæм къанау?

– Æрæджыты дæр ма дзы уыд, ома дон дзы калд Цæлыччы быдыртæм – хонгæ дæр æй афтæ кæнынц: Цæлыччы къанау...

– Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй иу уынг хъуыды кæнын, æндæр дзы цыма уæвгæ дæр нæй...

– Уыди ма дзы – Кадиты уынджы ном хаста. Æстдæсæм азы кæддæр æй мæхъхъæл басыгътой...

– Иу æхсæв фестæм уым, хъæумæ хæстæг. Дыккаг бон та базмæлыдыстæм цæуынхъусæй, æрмæст та йын махæй ничи ницы зоны, кæцырдæм, уымæн. Ныр æз иппæрд дæн ме ‘мбæлттæй. Уалынджы дын чидæр фехъусын кодта, Къостайыхъæу, дам, сæ лæппуты бæрæггæнæг æрбацыдысты, далæ хъæуы бынмæ хъæдрæбын сты. Æз къуылых-къуылых мæ зæвæттыл фæраст дæр уыцы даргъ уынджы уым дæлæмæ. Уый Зилгæ фехъусын кодтой хабар!

Цы уыдаид, куыд уыдаид, фæлæ мæ мæ зæрдæ цæхгæр ныл-хъывта, æнахуыр рыстæй срыст – чи зоны, æмæ йыл ме ‘ппæт фыдæвзарæнтæ ‘ртæфстысты, стæй ацы зæвæттыл цыд дæр мæнæ уыд æвæлтæрдæй! Гъемæ куыддæр æрсæйæгау кодтон. Уым мæ, уынджы тæккæ кæрон цы хæдзар ис, уыдон сæхимæ бакодтой

æмæ мæм афтæ хорз цæстæй ракастысты, афтæ мæ суазæг кодтой, æмæ йæ куыд зæгъон!.. Æвзæр дæн, æндæр сæ уæдæ фæсхæст уæд та иу хатт куыд нæ бабæрæг кодтон?!. Йæх, ацы æнæвдæлон цард, ацы...

О, æмæ мын уыдон загътой, уæ салдæттæ, дам, далæ Емаусмæ ацыдысты, къостайыхъæуккæгты дæр уыцырдæм сардыдтам... Тыхтæй-фыдтæй æз дæр дыккаг бон ныххæццæ дæн уырдæм, хъæумæ базилæнмæ – хъæу рæгътæм хæстæг амыдтой, хъæды дæлфæдтæм.

Нæ лæппутæ бамбырд стæм. Æмæ сын Бырнацты Алиханимæ фидарæй фæдзæхсæм, нæ ныййарджытæн нæ зындзинæдты, æххормæгтæ-йедтæ кæй æййафæм, уыдæтты тыххæй-иу ма дзурут, ма сын хъаст кæнут мацæмæй – æнæуый дæр нæм сæ зæрдæтæ тынг æхсайынц, мæты бын фесты æмæ ма сæ ноджыдæр удхайраг фæкæндзыстæм уæд, зæгъгæ. Æмæ уым цъæх нæууыл фæбадтыстæм иумæ – æнæхъæн нудæсæй нæм æрцыдысты. Цы загъдæ уа, нырма ныл цастæ цыдис, æмæ нæ кæйдæрты зæрдæтæ суынгæг сты...

Хæст чи расиды, уымæн дзы-иу æппæты фыццаг йæ ахсджиагдæры сæр куы басудзид, бæргæ, уæд, чи зоны, йæ кæрон æрцæуид уыцы æнамонд хъуыддагæн дæр...

Æмæ та ногæй шагом марш – ныр Елхотырдæм. Æрджынарæджы гæмæхтæм ныххæццæ стæм. Æмæ, дам, мах стæм дыккаг эшелон: кæд фыццæгтæн нæ бантыса немыцы бауромын, уæд мах ралæудзыстæм сæ размæ.

Сармадзантæ ‘хсынц, хæдтæхджытæ тæхынц, Терчы нарæджы сæрмæ – Елхоты сæрмæ арв судзы, хур фæздæджы аууон фæвæййы. Æртæ боны афтæ ахаста. Немыцы бон нæ бацис æрбассæндын ацы комы нарджытыл.

Уæд Беслæныхъæуæй чидæр фæзынд, æмæ ног хабар ахæлиу æппæтыл: немыц Цыколайыл æрбабырстой! Фæндагамонæг, дам, сын фæцис...

Мах уырдыгæй сыстын кодтой æмæ нæ рæгътæ-рæгътыл Ацылыхъхъырдæм сарæзтой. Амы æртæ хъæуы мæ зæрдыл бадардтон: Пседах, Сагопши æмæ Советское. Мах ам дæлвæзы, æртæ метры бæрзæндæн æнæтынд нартхоры астæу, уæлæмæ ссæуæны та – уæлбыл та Малгобек, æмæ – немыцы къухы.

Уæдмæ хæст бынтон стынг нæхи хохрæбынты – немыц Джызæлы бынмæ, горæт сæм æнæ биноклтæй дæр зынын райдыдта.

– Фæуромон та дæ, Эльбрус. Джызæлы коймæ ‘рбалæууыд мæ зæрдыл. Кæддæр ма цыдæр ахæм фиппаинаг фыстон, зæгъгæ, ирон фысджытæй хæсты чи архайдта, раст йæ тæккæ цæхæры дæр чи бахауд, уыдон дæр æй сæ чингуыты уыцы хуызы æвдыстой, раст æй цыма агитаци æмæ пропагандæйы охыл ист кинойы федтой – мæнæ «Секретарь райкома», науæд та «Падение Берлина»-йы, уыйау. Джызæлы бынмæ кæй схæццæ сты немыц, уый нын æдзух сæ «вероломное нападениейы» аххос уыд…

– Раст у, раст: бирæ мæнг кинотæ æмæ чингуытæ ис хæсты тыххæй. Æппæт дæр политикæимæ баст у – уый цæстæнгас куыд ивы, афтæ ивгæ цæуы историйы фæлгæсæн рындз дæр. Ома, цы ис уынæн æмæ цæуыл ис æргомæй дзурæн, уый фыссæг йæ зæрдыл фæдары – цензор дæр æй нал фæхъæуы…

О, гъемæ мах декабры æмбисмæ уым фестæм. Уæллаг Курпы онг немыц, сæ бынмæ æмлæгъз дæлвæзы та мах ома. Нæ цæст сæм дардтам, æмæ-иу, зæгъæм, немыцаг йæхихъуыдыйы къутæртæм куы рахъуызыд, уæд-иу сæхстам. Æмæ-иу уымæ бакæсын: фæлидзæг-иу йæ фæлмæнтæ ‘рттивгæ. Уый талынггæрæтты, дыууæизæрастæу. Фæлæ боныгон та дæхæдæг дæ сæр акъоппæй ма сдарай! Сæ снайпертæ нæ скæс нæ уагътой, тынг иттæг рæстдзæвин уыдысты – æвæццæгæн æмæ цъиуы цæст дæр нæ ивгъуыдтой…

Фæлвæрдтам сæ-иу афтæмæй: де ‘ндон така, ома каскæ, джебогъы бырынкъыл æрсадз æмæ йæ акъоппæй чысыл хæрдмæ сдар. Уайсахат дын æй цæрдхуынкъ фæкодтаид.

Нæ хæрд дæр æхсæвыцæстыл – кас, дзул, дон бакълажкæты. Боныхъæд-иу куы фæсаст, зынгæ куы фæхъарм, уæд-иу мит тад, æмæ ды та рæвдз фæлæуу, котелокæй дон акъоппæй уæлæмæ сæххæтт кæн. Науæд дын дзы нæдæр æрлæууæн, нæдæр æрбадæн уыдзæн…

Ничи нæ никæмæ ныббырсты цæуы – мах немыцмæ, уыдон махмæ. Фæлæ-иу хатгай, разведка боем цы хуыдтой, уый сарæзтам.

– Иу ахæм хабар хъуыстон рагæй дæр, зæгъгæ, дам, уым, Малгобечы рæгътыл нæ фæсивæдæй бирæ фæцагъды. Устав куыд домдта уæд, уымæ гæсгæ сæ сæ командиртæ немыцы ныхмæ быгъдæг къуыбырыл комкоммæ тардтой лобовой атакæйы, æмæ сæ немыц дæр пулеметтæй æнауæрдон, хос кæрдæгау, карстой…

– Уыцы хæстытæ, æвæццæгæн, немыц Мæздæгыл куы ‘рбабырстой, Грознамæ хъавгæ-тырнгæйæ, уæд уыдаиккой. Фæсыкк сæ ныббырст, æмæ уæд æрфидар сты Малгобечы рæгътыл. Æз дын, мæхæдæг мæхи цæстæй цы нæ федтон æмæ мæхи буарыл цы нæ бавзæрстон, уыдæтты кой нæ кæндзынæн. Мæ рæстдзинады ном «окопная правда» хуыйны, æндæр иннæ хабæрттæн салдат цы хъуамæ зыдтаид?..

Нæ хæс уыд, кæдмæ дын зæгъой, уæдмæ уым нартхæртты астæу ныгъуылдæй бадын. Мæхъхъæл дæр цы кодтой, цы мигæнæг уыдысты, зæгъгæ, уæд боныцъæхтыл хъæдмæ лыгъдысты, æхсæвырдæм та-иу сæ хæдзæрттæм æрыздæхтысты. Æндæр хабæрттæ сæ ницы хъуыст.

Гъемæ ралæууыд æхсæрдæсæм декабрь цыппор дыккæгæм аз. Уыцы бон мыл адзал йæхи атигъ кодта – нæ мыл барвæссыд мæлæт. Ома уæд райдыдта нæ генералон ныббырст.

– Нæ хъæр кодтат, «За Родину! За Сталина!», зæгъгæ?

– Никуы никæй ницы хъæргæнгæ федтон, мæхæдæг дæр æдзæм уыдтæн, кæд-иу Хуыцау æмæ Уастырджийæн батабутæ кодтон мæхимидæг, æндæр. Алы хъæртæ æмæ сидтытыл нæ уыдыстæм...

Æфсæрстам цæгатырдæм, Уæллаг Курпмæ, Малгобечы иувæрсты. Немыц ныл минометтæй ралæууыдысты, нæ ныл ауæрдынц сæ алы хæцæнгарзæй дæр. Дæтты нын нæ ныббырстæн, нæ хæст æмæ тохæн исчи разамынд – ницы йын æмбарын, дæ хæс размæ лæгæрдын, дæхи хъахъхъæнын гæнæн æмæ амалæй, æнæрæнцойæ æхсын немыцырдæм, уынгæ та сæ никæй кæныс ныхъхъавынмæ...

Æвæццæгæн æй немыц бамбæрстой, мах бынтон æвæлтæрд, æнарæхст æмæ æдзæттæ хæстонтæ кæй стæм, уый. Дыууæ танчы уæлæ бадгæйæ нын сæ къорд нæ батальон дыууæ дихы фæкодта. Раздæр-иу махонтæ эшелонæй бырстой, ныр нын ахæм бардзырд радтой, чысыл къордгай хъазуаты цæут, ома цепью, зæгъгæ. Фæлæ ма цæй эшелонтæ æмæ цепьютæ – нартхоры джунглийы алырдæмты апырх, адзæгъæлтæ стæм. Ничи ницы зоны, кæм сты немыц, кæцырдыгæй сты нæхионтæ – цæй штаб, цæй командиртæ!..

Мæ тæвдæй йæ нæ бамбæрстон, нæмыг мыл куыд сæмбæлд, уый. Политрук чидæр ма уыд мемæ, æндæр никæй уыдтон. Нал æй базыдтон, чи мæ ссардта, куыд мæ бабаста, куыд мæ бахæццæ

кодтой Астæуккаг Ацылыхъхъы рынчындонмæ, уый. Æрмæст ам æрчъицыдтон. Адæмæй дзы базмæлæнтæ нæй, ома цæфтæй. Нæтынц, хъæрзынц, хъæр-додой кæнынц, чи та, мардау, æнцад хуыссы… хъæмпыл.

Стыр диссаг мæм фæкаст, электрон рухс дзы кæй сыгъд, уый – кæдæй нырмæ йæ нал федтон! Иннæ диссаг та уыд касы къус, æнæхъæн къус йæ тæккæ дзагæй. Æмæ – дзул. Мæ къух мын ногæй æмæ бæстон бабастой – йе стæг, дам, дын ныппырх…

Цалдæр мæйы дæргъы фыццаг хатт тарф фынæй бадæн. Дæхи уыйас рæстæг ма цæхс дзæбæх, ма нынннай, уæд лæг цы уавæры уыдзæн, ууыл дæхæдæг ахъуыды кæн – нæ мæм цæуы уый тыххæй бæстон дзурын дæр…

Сбон мыл кодта. Баластой нæ Плиевойы станцæмæ, уырдыгæй Дербентмæ. Ам мæй æмæ æрдæг фæдæн госпитæлы. Дзæбæх нæм зылдысты. Чи фæсæрæн, уыдонæй скодтой фæстауæрцы полкъ – уæдæ йæ куыд схонон запасной полк? Гъемæ нæ ахæм æфсæддон хай сарæзтой æмæ нæ ‘рбахæццæ кодтой Грознайы цурмæ, уыцы быдыр амыдтой ахæм номæй – Андреевская долина. Баракте дзы. Æмæ та направо, налево, шагом марштæ-йедтæ. Афтæмæй æрхæццæ мартъи дæр, цыппор æртыккæгæм азы уалдзæг. Йæхиуыл чи фæхæцыд, чи нæ фæфидардæр, уыдоны рæхджы хæцæг æфсадмæ кæй акæндзысты, уый æмбарæм.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу! Де ‘мбæлттæй ныр демæ ничиуал ис? Иу ирон дæр нæй уым демæ?

– Ме мбæлттæй дыууæйæ уæд фæмард сты, Малгобечы бынмæ нартхоры – уый бирæ фæстæдæр базыдтон. Иннæтæй дæр никæуылуал æмбæлдтæн хæсты азты. Иронæй та ам иу ирон лæппу уыд, мæнæй иу æртæ азы хистæр, Челдытæй. Кæд райдайæн скъола фæуыдаид, æндæр æнахуыргонд, æцæг тынг сæрæнгуырд. Æмæ нæ уый цъыфы дæр нæ гуыбыныл бырын кодта, пластунты бырдæй. Йед уыд, нæ взводы командиры хæдивæг. Цы бауыдаид фæстæдæр, уый тыххæй никуы ницы ‘рцыд мæ хъустыл.

О, гъемæ дын нæ иу бон рæнхъгай ралæууын кодтой. Цыдæр майор – уæдмæ пъагæттæ фæзынд, – иу лæгæй нæ иннæмæ цæуы æмæ алкæмæн дæр йæ дзых байгом кæнын кæны, раст цыма бæх дæндагæй æвзары, уыйау. Кæмдæр мын фæхъыг, уый та ма дзы чердæм чъыллипп у, зæгъгæ. Фæлæ – гæнæн нæй, æмæ æз дæр комхæлиуæй лæууыдтæн, цалынмæ мæм ракæсбакæс кодта, уæдмæ.

Стæй рабæрæг: фронтæн, хæцæг æфсадæн сбæззон дæн.

Æмæ – станцæмæ. Уым – вагæттæм. Поезд – Краснодармæ.

Уалдзæг йæ тыхы бацыд. Мит атад. Уарынтæ дæр æрцыд. Æмæ бæстæ – цъыф. Уæрджытæм цъыф. Азмæлæнтæ нæй. Фæлæ мах салдаты цы уромы – размæ, æрмæстдæр размæ! Цæмæн, кæдæм – уый та дæ хæдзары хъуыддаг нæу, уыйадыл дæ къона бынхæлд куы кæна, уæддæр. Æмæ, рæстзондæй бамбарæн кæмæн нæй, ахæм ныббырсты дæр исты нæ бахаудтон, æнхъæлыс... Æгæр дæр ма!

Краснодарæй адардтам. Мыггагмæ сæ мæ зæрдыл бадардтон хъазахъхъы станицæтæ-хъаллæты нæмттæ: Титоровка, Красноармейская, Славинская... Цæуæм, лæсæм, хилæм, нæ фазыл бырæгау кæнæм сойджын цъыфы. Машинæтæ ныссæдзынц, æмæ та сыл салдæттæ сынæгæй ахæцынц. Ныр фæндаггæрæттæ сæ тæккæ дзаг нæхионты æнæфснайд мæрдтæй. Фæмард уыдзæн лæг, уый ма, гъа, фæуæд – хæст уæдæ мардæрцыды най нæу, фæлæ уартæ афтæ цъыфы мæц мардæй!.. Дæ сыджыты хайыл дæ мачи æмбæлын кæнæд!

Мæнæ нæ размæ Славинскаямæ хæстæг дзæбæх цæугæдон фæцис, иу дыууиссæдз метры фæтæнæн. Йæ ном – Притока. Æз æй бирæ азты мæхимидæг афтæ хуыдтон, ноджы ма стыр Кубаньмæ бакæлы, йæ къабаз у æмæ. Æппынæрæджиау æй базыдтон, Притока нæ, фæлæ Протока кæй у йе ‘цæг ном. О, æмæ йæ фаллаг бæрзонд былгæрæтты немыц æрбæстон сты, ацырдыгæй мах æрурæдтой, ныллæг былгæрон. Цыдæр ауазæнгонд дзы, дамбæйы хуызæн – æвæццæгæн, ивылд доны ныхмæ донмарæн.

Быдыры æнæнайгондæй пырындзы æмбатъæтæ, стæй хуымгæндæй дæр хицæн цæстгæндтæ – чектæ, чектæ: уыдон иудадзыг дæр хъуамæ доны бын уой: пырындз доны мидæг рæзы. Стæй зæхх дæр цъымарабын цыма уыд – иу белгом дзы сæппар, æмæ дон сзыны, уайтагъд адондзæст вæййы дзыхъхъ...

Дæ иу чиныг, айфыццаг дын кæй бакастæн, уый, «Фаллаг, бæрзонд был», зæгъгæ, нæ хуыйны?

– О...

– Гъемæ Протокæйы фаллаг, бæрзонд был дæр æмæхгæд уыд цыдæр бæзджын, хус, фæлæ ма уæддæр бæзджын зайæгойæ. Даргъ тагджын, бæндæнджын зайæгой – мæнæ хуымæллæджы, плющ-мæцкъоры хуызæн цыдæр. Афтæ уæле донмæ зæу-зæу кодта. Стæй къутæрарæх дæр уыдисты уыцы былгæрæттæ.

Махырдыгæй, пырындзы хуымтæ кæм уыдысты, уым баззадысты хъæдын хæдзæрттæ, финнæгтæ. Не ‘фсад та, талф-тулфæй, тагъд-тагъд кæй рамбырд кодтой, иу ранмæ кæй æрбассывтой, ахæм алы кары æмæ алы адæмыхатт адæм. Кæрæдзи нæ зонæм...

Немыц, цыма-иу сæхи иргъæфстой, цыма сын хуыздæр куыст ницы уыд, уыйау нæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ минометтæй æхсын райдыдтой. Иу хатт та ныл, дымгæ махырдæм куы дымдта, уæд, сволочтæ, газ рауагътой...

Уалынджы бардзырд: Протокайы фаллаг фарсмæ бабырсын æмæ дзы плацдарм æрцахсын! Доны сæрты балæгæрдгæйæ.

Ныр дон мит, ихтæ, цым ласы!

– Цым нæ хуыйны уый, фæлæ – цæм, уырыссагау та шуга.

– Дæ хъуыддаг раст! Æмæ куыд ома балæгæрддзынæ, немыц уартæ сæ пулеметтæ санчъехæй-санчъехмæ куы сарæзтой махырдæм, ноджы ма сæ алкæмæ дæр автомат куы ис, уæд?! Кæсæгтæн нæ лыстæг къуыхтæ, фыдджынкарст хæринаг скæной?! Стæй, хорз, баирвæзтыстæм Хуыцауы фæндæй æмæ Уастырджийы ахъазæй бæрзонд былы бынмæ. Æмæ уæд уым та цы фæуа лæг? Хæфсау хæрдмæ дыууæ-æртæ метры бæрзæндæн сгæпп ласа?!

Æмæ, дам, уæ цæугæдон, чи ма уæ аирвæза, уыдоны куыд дæлæмæ аласдзæн, уым та, дам, фаллаг былгæрон дæр æрныллæджытæ, гъемæ... гъемæ...

Бардзырд нæ уыд уый, фæлæ цæттæ глупость, идиотизм, адæмы сухты цагъдæй цæгъдæн уынаффæ...

– Расул Гамзатовмæ ахæм цыдæр ныхæстæ ис, зæгъгæ, дам, славлю храбрость солдата, выполняющего приказ глупого командира.

– Æмæ йын цы акæндзынæ, цы дæ бон у, уæдæ? Бавзар ма, коммæ ма бакæс! Азербайджантæ ахæм хъæр систой, ахæм, уæртæ нæ сæ нæмыгызгъæлæнтæм кæдæм тæрут, æви уын пушечное мясо йеддæмæ æцæг дæр ницы стæм, зæгъгæ. Фæлæ дын дæхи командиры бон дæр цы у? Кæд æмæ уымæн йæхицæн дæр ис æдылы бардзырдтæ дæттæг – уæлдæр «глупый командиртæ»...

Æфсæн боцкъатæн сæ хуынчъытæ куырмæхгæд скодтам, стæй сæ кæрæдзимæ цыппæргæйттæй ныффидар кодтам, сæ уæлæ та сын фæйнæджытæ бабастам, æмæ дын уый æхсæз лæгæн плот, цыдæр бырангæндтæ... Йед, плот иронау куыд у – ис нæм ахæм дзырд?

– Цыдæр æрбафтгæ æнахуыр дзырд у: тъиуи.

– Никуы йæ фехъуыстон.

– Æз дæр æй æрмæст дзырдуатæй зонын. Гуырдзиаг цыма у йæ конд, йæ азæлдмæ гæсгæ...

– Ницы йæм ис иронæй! Æмæ куыддæр æнады дзырд у – йæ зæгъын дæр мæ нæ фæнды. О, æмæ ма исты артподготовкæ дæр куы уыдаид – раздæр уал немыцмæ сармадзантæй куы рлæвæрдтаиккой, ноджыдæр сыл хæдтæхджытæ бомбæтæ куы ‘ркалдтаиккой, уæд ма цы дзурынхъом дæ... Ныр нæ иунæг сорокопятка сармадзан иугай гæрæхтæ кæны доны сæрты, афтæмæй нæм арвæй мæй йæ ирд цырагъ ныддардта. Аннæрдыгæй немыц уæлдæфы ауыгъдауæй лæууæг ракетæтæ сыскъæрдтой, æмæ, чиныджы кæс, афтæ рухс сси бæстæ.

Протокайы астæумæ нæ бауагътой æнцад-æнцойæ джаууыр немыц, гъестæй ныл ныккалдтой – хъæуыс ма дæ – нал! Суанг ма сын сæ артдзых автоматтæ дæр уынæм. Дон фыцæгау фыхти нæмгуытæй. Уыцы рæсугъд æхсæв, зæдтæхæн æхсæв, æмæ мæлæт та йæ зынг нæмгуытæй ихуарæгау кæны.

Боцкъатæ фæхуынчъытæ сты – æмæ ды их донмæ сæ сæрæй ныллиур. Бирæтæ нæ фæдæлдон сты. Цæфтæ хъæр кæнынц, сидынц æххуысмæ, фæлæ сæм чи фæзына, чи нæ у уыдоныл, æмхуызонæй зындоны куы стæм, уæд... Цæй санитартæ æмæ цæй æндæр! Цæугæдоны астæу...

Уалынджы та мæ цонг мæ коммæ нал каст, мæ бон æй сисын нæу, æнгуылдзтæ ‘рбалхъивын, æрбалвасын нæ комынц. Аппæрстон ме нæпайда хæцæнгарз, тыхамæлттæй раластон мæ бæмбæгджын, асхуыстон уый дæр донмæ. Бузныг, Терк, сахуыр мæ кодта ленк кæнын, æмæ ма мæ иу къухæй ленк кæнын немыцырдæм: мæй уыдонырдыгæй каст арвæй, æмæ сæ бæрзонд был ауон æппæрста донмæ. Диссаг, уый ма куыд фæхъуыды кодтон! Æмæ архайын уыцы ауунмæ баирвæзыныл – уæд мын тас нал уаид сæ нæмгуытæй: уырдæм не ‘хсынц, зынгæ дæр сæм дзы ницы кæндзæн.

Уф! Бахæццæ дæн хæмпæлтæм. Рахиз æнæсахъат къухæй сыл хæцын, афтæмæй дон-дон дæлдæрæй дæлдæр фæцыдтæн, стæй тыхтæй-фыдтæй нæхирдæм ралæсыдтæн. Хæрзæрыгон ма уыдтæн æмæ уый фæрцы фæрæзтон уыцы тыхæвзарæнтæн, цас цардбæллон дæ, уый фæлварæнтæн, æндæр...

Иутæ нæ цæугæдоны мидæг фæцагъды сты, фæлæ нæ хуыскъыл

чи баззад, уыдон дæр ницы тæхудиагдæр разындысты махæй – ныссæрфтой уыдоны дæр нæмыгдзагъдæй, минометтæй-йедтæй.

Цæй командиртæ, цæй штаб та ам дæр! Ноджы ма куыд райдыдтой кæнын... Уартæ-иу кæддæрты æппæты разæй атакæйы цыд командир, ныр нымадæй цалдæр æфсæддоны сæргъы кæй сæвæрдтой, зæгъæм, взводы, уый дæр дæ йæ разæй тæры, йæхæдæг та дæ чъылдымæй æхсы, мæгуыр лæг сæнæртты фæстæйæ куыд хæца, уыйау...

Уæддæр хорз, æмæ мыл кæцыдæр санинструктор бамбæлд æмæ мæ санчастмæ бахæццæ кодта. Уæд дохтыры хъуыддæгтæн цы ‘мбæрстон, фæлæ йæ бахъуыды кодтон, хирург чидæр мæн тыххæй цы загъта, уый:

– Пуля вырвала серединный нерв руки...

– Лæгæн дам-иу йæ цæф къах, кæнæ йæ къух аирвæзынгæнæн куы уыд, уæддæр, дам, ын-иу æй адзæнгæл ластой. Æцæг уыдаид афтæ?

– Уæдæ дын цы акодтаиккой уыйбæрц цæфтæн?! Хостæ дæр, бæттæн кæрдæнтæ дæр кæм фаг кодта... Уæу, уæу, цы хуызæн цæфты-иу æрбаластой, цы! Нæ дын сæ дзурын – дæ цæстытыл куы уайой æмæ-иу дæ хуыссæг куы фæлидза... Фæлæ цæфæн баххуыс кæнын дæр зонын хъуыд, сарæхсын. Мемæ иу лæппуйы æрбахæццæ кодтой. Куыддæр ын дохтыр йæ цонгмæ ‘ркаст, афтæ йын æй йæ тæккæ рæбыныл ахауын кодта. Куыд, цы, цæмæн? Æмæ, дам, ын æй чидæр цалдæр сахаты размæ тынг ныббаста, цæмæй йæ туг куыд нал цыдаид, афтæ. Жгутæн та дыууæ сахатæй фылдæр уадзæн нæй, науæд, буарæн йæ уæнгмæ туг куы нал фæхæццæ кæны, уæд ын амæлы, бахуыскъ вæййы. Уыцы лæппуйы хабар дæр тæккæ афтæ рауад...

– Цас-иу уыдысты хæсты фæстæ азты æнæ дыгай къухтæ æмæ къæхтæ адæм!.. Мæ фыдымадимæ-иу хуыцаубоны Беслæныхъæуы стыр базармæ куы фæцæйцыдтæн, уæд сæм-иу кастæн удаистæй – тæккæ фæндаджы былтыл-иу бадтысты мæгуыргуртæй... Сæ хъæдын къæхты уынд дæр æнахъинон уыд, зæрдæмæгуыргæнæн – цæй протезтæ æмæ цæй æндæр!.. Советон адæм дзы цытæ бавзæрстой, цæмæнты ныббыхсыдтой, уый æнусты дæргъы æмбисондæн хæссинаг у. Сталин уырыссаг адæмы цæрæнбоны тыххæй гаджидау куы рауагъта фæсуæлахиз куывды, уæд дзæгъæлы нæ загъта, æндæр адæм, дам, нын бирæ цыдæртæ нæ ныббарстаид, зæгъгæ.

– Бынтон афтæ цыма нæ загъта... Гъомæ – хорз, уый дæр фæуæд. Фæлæ та æз госпитальмæ бахаудтæн. Краснодары...

Хæсты ахæм хабæрттæ ‘рцæуы, æмæ сæ барæй дæр не ‘рхъуыды кæнис. Мæхи нымадæй æз афтæ нымайын, æмæ фронты раззаг акъоппыты чи нæ бадт æмæ-иу уырдыгæй атакæйы чи нæ абырста хæцæнгæрзты къæр-къæр, сармадзанты богъ-богъ æмæ бомбæты уынæргъын æмæ нæмгуыты мæлæтхæссæг æхсидтцагъдмæ, уый афтæ ма зæгъæд, æмæ, хæст циу, уый федта, уый зоны. Алы сыгъдæг мифон хабæрттæ чи фæдзуры ветерантæй, уыдонæн сæ фылдæр связисттæ æмæ, обозниктæ кæй хуыдтой, уыдонæй сты. Кæд-иу уыдон дæр сæхи хъæбатырæй равдыстой æмæ-иу цагъды дæр фесты, уæддæр...

– Афтæ чи дзуры, зæгъгæ, советон адæм хæсты заман уæлдай æнгомдæр æмæ кæрæдзи уарзондæр баисты, чи дзы кæцы адæмыхаттæй у, кæцон у, уый сæм нымады нæ уыд – бынтон рæстытæ не сты ахæм ныхæстæ. Репрессигонд æнæхъæн адæмты тыххæй нал дзурдзынæн, фæлæ мын мæ мадыфсымæр, хæстон лæг Дзгойты Хадзымырзæ-Валодя цы хабар ракодта, уый дын...

– Ма дæ ферох уæд дæ ныхас! Сæ хæрæфырт кæй дæ Дзгойтæн, уый мæм нырма ныр бахъардта, нырма йæ ныр фæхъуыды кодтон. О, æмæ уæд Дзгойты Галинæйы нæ зоныс, Алыккаты булкъон Таймуразы бинойнаджы – республикæйы арбитражон тæрхондоны сæрдарæй куыста иу къорд азы. Диссаджы хорз сылгоймаг у!

– Куыд æй нæ зонын, куыд! Мæнæ дын цы Барисы кой кодтон, хъæдгуыстаджы министры, Куыдзæг куыд у, цы хабар дзы хъуысы, зæгъгæ-иу, Тамарæйы чи уæндыд бафæрсын, раст уый чызг у Галинæ.

– Æцæг, æцæг! Мæнæ лæгыл йæ фыццагон сæр куыд нал ис! Галинæ Борисовна куы у! Гъы, гъы, дæ хæрз мадыфсымæры кой нæм рауад – цыдæр хабар, дам, дын ракодта.

– Ракодта, æцæг мын æй йæ заманы – советон хицаудзинад ма йæ тæккæ хъæддыхæй куы уыд, уæд фыссын нæ бауагъта, тынг коммунист уыд йæхæдæг дæр, иттæг æнувыд партийыл, стæй, честный комуністтæ кæй хуыдтой адæм, уыдонæй. Рухсаг уæд, мæрдты ма схъæрзæд, гæды ныхас никуы загътаид æмæ мын йæ хæстон хабæрттæй иу ахæм ракодта. Цæвиттон, цы æфсады хæцыд, уый æрхъулайы бахаудта æмæ сæ кæмæн куыд йæ амал уыд, афтæ йæхи ирвæзын кодта уацары бахауынæй, нæхионтæм

раздæхыныл архайдтой. Фæсвæдты-фæсвæдты цыд уый дæр хурыскæсæнырдæм. Гъемæ иу заман хъæды æрдузы сырхæфсæддон дыууæ афицерыл бамбæлд. Хъæды кæронæй сæм куыйты рæйын хъуыст – хъæу дзы уыд.

Афицертæ йæ сгарæджы хуызы уырдæм арвыстой, ис дзы немыц – нæй, уый, дам, базон. Æмæ дзы кæд нæй, уæд искæмæй исты ахæринаг ракур – ай, дам, сыдæй куы мæлæм. Стæй йæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ уыд. Хъавгæ-хъуызгæ баввахс хъæумæ. Кæсы, хъахъхъæны, æмæ йæ цæст æфсæддон лæгыл нæ хæцы – нæдæр нæхионтæй, нæдæр немыцæй. Кæройнаг хæдзармæ уæздан хостæй бахоста. Сылгоймаг æм ракаст. æрхатыд æм, кæд дæ фадат у, уæд мæм исты къæбæрæй фæкæс, зæгъгæ. Йæ котелочы дзаг ын фых картæфтæ рахаста...

Куы йæ загътон, йæхæдæг дæр сыдæй мæлынмæ рцыд, зæгъгæ, фæлæ дзы фæндагыл иу картоф дæр нæ бахордта, æнæ иу хъуагæй сæ йæ ног æмбæлттæм бахæццæ кодта. Сæ кæцыдæр ын иннæимæ æмзондæй афтæ:

– Иди отсюда, чернозадый, куда шел – нам и самим мало!..

Айста йæхи сæ цурæй, уæдæ сыл йæ фондзæхстон дæр куыд ныххуырстаид... Иу афон бамбæлд нæхи æфсæддон хайыл. Сæрæй бынмæ йæ хабæрттæ командирæн ракодта суанг картæфты хабары онг. Уæд дын æртыккаг бон кæддæр кæсы, æмæ уыцы дыууæ афицеры дæр сæ фыдбылыз уырдæм æрбахаста.

Хадзымырзæйæн йæ маст сног, æмæ уæд ацы æфсæддон хайы командирæн загъта, ацы дыууæ мын бакодтой ахæм-ухæм хæрæмттæ, ноджы ма мын мæ фæстаг сæхион фæстæгтæй саудæр схуыдтой. Зоныс æй дæхæдæг, хæсты заман дзæгъæл хырттмыртт нæ уыд: командир дыууæ афицеры иуварс акæнын кодта æмæ сæ именем... За разжигание, дам, межнациональной розни, за великорусский шовинизм...

– Уыдаид афтæ дæр – хæсты цынæ цау æрцæуы! Уым, дыгур æй куыд хонынц, афтæ тыгъды быдыры хорз чи у, хорз адæймаг ома, уый дзы ноджы хуыздæр свæййы, æвзæр та – цы уыд, уымæй бæллæхы æвзæрдæр. Уæды онг æмбæхстæй цы уды хъæнтæ дардта, уыдæттæй ныр нал фефсæрмы кæны, йæ кæлмхæрдтæ раргом вæййынц, разынынц, æвæццæгæн, цы уæлдай ма мын у, зæгъгæ...

О, фæлæ та æнæнхъæлæджы мæ зæрдыл цы ‘рбалæууыд, мæнæ сыдæй-стонгæй мæлыны хабармæ. Æз уæдмæ Малгобечы фондз

азы бакуыстон дохтырæй. Министрады та ахæм фæтк сфидар, æмæ нæ, хирургты ома, фондз азæй фондз азмæ нæ дæсныйад фæуæлдæр кæнынмæ ‘рвыстой...

Уыд мин фарастсæдæ фæндзай цыппæрæм азæн йæ тæккæ фыццаг бонтæ. Нæ хистæр чызг Ларисæйыл сæххæст æртæ азы, кæстæр Светланæ ма гуыбыны – гъемæ Оля нæхимæ баззад, æз Ленинграды стæлфыдтæн. Алырдыгæй æрвыст адæм цæрæм æмдзæрæны Малая Охтайы, нæ институт та ис Щедрины уынджы – 5-æм номыр автобусы бабад æмæ, Смольныймæ куы бахæццæ уай, уæд рахиз æмæ ныр та 1-æм автобусмæ банхъæлмæ кæс, уый дæ бынатыл сæмбæлын кæндзæн...

Гъемæ ‘ртыккаг бон йеддæмæ нæма стæм стажировкæйы, афтæ дын мын профессор Блинов ме ‘ккойы ахæм бæрн куы бафтауид:

– Кучиев! Эльбрус Борисович! Вы будете старостой группы вашего цикла.

Ныр иууылдæр ме ‘мсæр хирургтæ, алы рæттæй æхсæз мæйы æмгъуыдмæ æрвыст.

Фæлæ мæн, фронты кæй уыдтæн, уый охыл кæд фæхицаугонд кодтаид – хæйрæг йæ зонæг.

Рæстæг дугъон кæд нæу, æмæ ‘ртæ мæйы иу бонау атындзыдтой се бæрæг фæндагыл. Ралæууыд цыппæрдæсæм мартъи. Мæнæ Смольный. Къордæй лæууæм, æнхъæлмæ кæсæм автобусмæ. Тамако дымæм, алы ныхæстæ кæнæм. Ныр зæхх – цъенгæ их, æнауæрдон бырынцъаг. Зæгъ луарæгау уары æмæ уары. Мæнæн мæ лæуд фæндагмæ чъылдымыздæхтæй фæцис. Иннæтæ сæхи мæнæй сæрибардæрæй æнкъардтой, автобус æрæгмæ кæй зыны, ууыл мæнау нæ мæт кæнынц – мæнæн та операци кæнынмæ æрæджы кодта...

Æвиппайды мæ астæуыл ахæм ахъаззаджы цæф сæмбæлд, ахæм мыхъхъ, æмæ мæ цæстытæн сæ цæхæр акалд. Мæ разæй чи лæууыд, ууыл нæ бахаудтæн, уый мæ хъæлæсы нæ ахастон, зæгъгæ, уæд мæ сæр салд хъæбæр зæхмæ ‘рхастаин æмæ мын харбызы пырх ныууыдаид!

Мæ буар нал хатын, нал æнкъарын, æрмæст ма мæ дыз-дыз цæуы, ихæнæй ризæгау ризын. Æппындæр мæ бон нывыл улæфын нæу, фæлдæхтæй хуыссын зæххыл. Нæдæр базмæлынæн дæн, нæдæр сдзурын-схъæрзынæн. Æрмæст ныхæстæ хорз хъусын:

– Готов, готов, бедный...

Диссаг: мæ сæрымагъз йæ куыст нæ уадзы, дохтыры сæрымагъз

кæй у, уый дзы рох нæу – гъемæ сагъæсы бацыдтæн, цымæ, зæгъын, лæгæн йæ бон цас у цæрын, мæнæ мæнау æнæсулæфгæйæ куы хуысса, уæд?..

Ард дын нæ хæрын, бауырнæд дæ, кæд цыфæнды æнахуыр царциатæ сты, уæддæр: мæ цæстыты размæ цыдæр уаццаг фегуырд, гъемæ уысмы бæрцмæ ‘мæ цард цы уыд, уымæй, раст кинойы уынæгау, уыцы ирдæй ауыдтон. Æппæт дæр, алцыдæр дзы мæ зæрдыл бæстон æмæ бæлвырдæй æрлæууыд.

Гъемæ рмæстдæр уæд фыццаг хатт схъæрзыдтæн, быннозæй сулæфыдтæн.

Мæ мидæг цыдæр пæлхъ-пæлхъ, хъуыр-хъуыр ссыд, цыдæр æнхъизæгау уынæр. Æмæ ракастæн мæ цæстытæй. Бамбæрстон æй: клиникон мæлæт йæ дзæмбытæ æрлæмæгъ кодта, суагъта мæ, цу цæр, чи дæ уарзы, уыдоны фæндиаг, зæгъгæ.

– О! Он открыл глаза – он живой! – фæкодта чидæр.

Æз дæр дын куы срæцугъин:

– Несите меня в тридцать восьмую аптеку – она напротив Смольного! Хотя бы в аптеку…

Иннæ диссаг та уымæй дæр диссагдæр куыд нæу, куыд нæ: сæхæдæг дохтыртæ, хирургтæ, æмæ фырадæргæй фæсæццæ сты, совсем растерялись, æмæ мæ, куыд рæвдздæр æмæ тагъддæр гæнæн ис, афтæ исты рынчындонмæ не скъæфынц, фæлæ рохстæй бандзыг сты, цыма сæ пец æрцахста, уыйау.

Цы мыл æрцыд, зæгъгæ, уæд мæ машинæ æрбацавта – фæбырыд, пошла юзом æмæ мæ уыцы ахъаззаг ныффæртт ласта. Фæлæ та ныр дæр Хуыцауæн мæ адзал фæндон нæ уыд…

Йæ шофыр чи уыд, уый мæм æгъдауимæ бæрæггæнæг æрбацыд æмæ мын, хъуыддаг куыд рауад, уый бæстондæр бамбарын кодта. Цæвиттон, цавæрдæр сылгоймаг, фæндаджы сæрты хизыны æгъдæуттæ ницæмæ даргæйæ, æрбацæйцыд, æмæ уæд шофыр дæр йæ ГАЗ-69 иуварс цæхгæр фæзылдта, науæд æй æнæмæнг амардтаид. Тормозыл дæр ма бæргæ…

– Алакъийыл…

– Цы? Тормоз алакъи у иронау? Гуырдзыйæ та йæ райстам… æфстау?

– Æцæг дæр: æфстау. Уыдон дæр нæ фаг ныхæстæ айстой. Стæй иу æвзаг дæр, æвæццæгæн, сыгъдæг нæу – стыр уырыссаг æвзаджы иунæг сæхион дзырд дæр куы нæй, А æмæ Ф-йæ чи райдайы, ахæмтæ.

– Мæ хъус куы никуы ‘рдардтон уыдæттæм.

– Æмæ ды дохтыр дæ – цæмæн дæ хъуыдысты?.. Æз та, мемуартæ-йедтæ дæр нæ, фæлæ бынтон зыдæй дзырдуæттæ кæсин, уæлдайдæр Миллер æмæ Вассойы уонтæ, стæй, Даль кæй сарæзта, уый. Дзырддзуанæй цымыдисагдæр иу цуан дæр нæу. Ирон æвзаг та ахæм сырдджын ком у, æмæ... Фæлæ нын ныр дæ ныхæстæм раздæхгæ у.

– Ме ‘мбæлттæ рчъицыдтой, чи сты, уый æрæджиау фæхъуыды кодтой – фелвæстой мæ, хус ранмæ мæ байстой, адзырдтой æвæстиаты æххуысы станцæмæ. Уайсахат æрбахæццæ сты. Кæцыдæр рынчындонмæ мæ ласинаг уыдысты, фæлæ ме ‘мбæлттæ ныццæхгæр сты, æрмæстдæр нæхи институтмæ, зæгъгæ. Гъемæ мæнæ хуыссын, мæхæдæг абон операци цы стъолыл кодтаин, ууыл.

Ницы мæ риссы, куыддæр фæкъуырма мæ буар. Кæсын мæ сæрмæ ауыгъд цырæгътæм æмæ дзы мæхи уыцы дзæбæх уынын. Мæ цæсгом – сау цъæх. Æмæ йæ фембæрстон: кислород мæ туджы нæ фаг кæны...

Блинов фæзынд, профессор. Арауын-бауын мæ кодта. Дзуры мæм бынтон хионау, æнæ фыды номæй:

– Эльбрус... Да у тебя живот как доска. Это значит, что внутри у тебя катастрофа!

Æз та ницы ахæмæй æнкъарын мæ мидæг, фæлæ цы уа, мæ гуыбын фæйнæгау цæмæн ныхъхъæбæр, ууыл хъуыды кæнын – йарæби, ныр æппын къаддæр фондз азы дохтырæй кусын æз дæр!

– Никакой катастрофы! Это – шок. Травматический шок. Вы, нет слов, опытнее меня, но все же...

Уый та мæ арауyæрд-баууæрд кодта. Йæ зæрдæ мæм æхсайы – куы мæ фæкъæртт кæнид, уый йæ фæнды, фæлæ йын хъуыддаг уæддæр ма дызæрдыггаг у. Æз дæр ын нæ разы кæнын, мæ мидæг тæссагæй ницы ис, зæгъгæ. Уый та мын ногæй-ногмæ, мæ гуыбын куыд ныффæйнæг, уый дзуры.

– Это не перитональное, это рефлекторное напряжение мышц! И у меня шоковое состояние – я не выдержу операцию.

– Не философствуй! Нашел мне рефлекторное напряжение! Надо, необходимо оперативное вмешательство. И – без промедления!

– Нет! – ныффæрск дæн æз. – Ды дæхæдæг, Барис, Хъесаты Солтаны зыдтай?

– Мæнæ-иу сæрыкæхц чи систа, уый? Нейрохирург цыма уыд... Зыдтон. Уындæй... Бæрзонд лæг...

– Бæрзонд æмæ бæзæрхыг. Уый уæд æртæ боны мæ цурæй нæ цыд – мæ сынтæджы раз йæ уæрджытыл лæууыд æмæ куыдта, æз, дам, уæхимæ, ныффысдзынæн, дæхи куыд дарыс, уый тыххæй!

Æз ын хъæддыхæй зæгъын, тынг карзæй, тынг:

– Солтан! Æз æгасæй куы баззайон, уæд дын æй никæд ныббардзынæн уыцы ми! Мæ мад Сона мæн тыххæй цас зынтæ бавзæрста, цас æгъуыссæг æхсæвтæ арвыста, æз хæсты куы уыдтæн, уæд!.. Æмæ йæм ныр та ды... Уæдæ ма бавзар!

Хæстмæ мæм иуахæмы мæ фыдыфсымæры чызг Лизæ зæрдæ сауæвзалыгæнæн хабæрттæ фыста: Сона чи у, уый, дам, сынтæджы нал комы хуыссын. Рахизы, йæ быны бæмбæгджын, ома телогрейкæ, байтауы æмæ ууыл фæфынæй кæны, рафт-бафтыл свæййы, афтæмæй. Мæ лæппу, дам, уым хæсты быдыры уазал акъоппы æрмæст уырдыгхъæдæй арæдзæ-мæдзæ кæны, æз та ам фæлмæн сынтæгыл хъарм хуыссæнты!..

Уæд æм æз дæр арвыстон ахæм ныхæстæ, зæгъгæ, Сона, ды дæхи удхайраг куы кæнай, дæхицæн ахæм фыдæвзарæнтæ куы аразай, уæд мæн дывæр рыстæй риссын кæныс, дывæр мæтаг, æмæ мын, ам цытæ уынын æмæ цытæ 'взарын, уыдон фаг не сты?.. Цыдæриддæр æмæ дыл куыддæриддæр æмбæлы æгас царды æрдзон æгъдауæй, афтæ кæн!

Йæ дзуаппы мæм Лизæ фыста, Сона, дам, уæдæй фæстæмæ йæхи, куыд æмбæлы, афтæ дары...

Гъемæ, зæгъын, Солтан, ныр ды уый дæр æмæ Оляйы дæр хæстбойнон æнхъæлцауæй ахæм стыр мæты баппарай?! Мацы сæм фысс æппындæр!

– Солтан уæхи хъæуы Хъесатæй уыд?

– Уæдæ! Мæнæй æртæ азы хистæр. Нæ йæ зонын, хæстмæ йæ цæуыннæ акодтой, уый... Стæй хорз, æмæ йæ нæ акодтой: куыд уыдаид – цы уыдаид, чи йын цы зоны, фæлæ уымæй, Солтанæй, æвæджиауы дæсны дохтыр рауад – бирæ хæрзты бацыд адæмæн, рухсаг уæд! Бирæты байста мæлæты дзæмбытæй...

О, æмæ ницуал фехъусын кодта хъæумæ. Раст ма йæм афтæ дæр бартхъиræн кодтон, æмæ, зæгъын, куы амæлон, уæд дæ уырдыгæй дæр уæлæмæ 'лгъитдзынæн. Уыдæттæ фæуæнт, фæлæ мæнæн мæ фæрсчытæй дæс састы, ома фондз фæрсчы мæ дыгай сæстытæ уыдысты...

– Кæддæр æз дæр мæ фæрсчытæ асастон, дыууæ фæрсчы –

мæхи Волгæйы найгæйæ дыууæ стыр хъæды ‘хсæн ныххаудтæн, æмæ мæ цурты катер асыххуытт ласта, уылæнты бæрзонд систа æмæ уыдон æрбацавтой уыцы стыр хъæдты. Гъемæ-иу мæ бон нæдæр схудын уыди, нæдæр схуыфын.

– Æз дæр дзæнæты нæ бахаудтæн, мæныл ма ноджы фыддæр бонтæ скодта. Блинов мæ игæрæн фæтарст, кæд мын ныппырх, æмæ тугæй байдзаг мæ хуылф, зæгъгæ. Фæлæ, мæ амондæн, уымæн ницы уыд, туг та мæ бирæ фæцыд – мæ бæхбæттæнты бынмæ байдзаг. Пункци мын фæкодтой, фæцъырдтой ома туг сæрмагонд ставд судзинæй. Дыууæ мæйы æмæ ‘рдæг фæдæн рынчындоны.

О, æмæ æппæт ацы хабæрттæ, лæг æххормагæй цы хуызæн свæййы, уый фæдыл ракодтон. Мемæ ма уым, институты рынчындоны палатæйы, дыууæйæ хуыссыдысты. Ленинградаг лæгтæ. Рынчынтæ сæ ивгъуыд цард фæмысынц, алы цаутæ ‘рлæууынц сæ зæрдыл, æргомæй сæ фæдзурынц... Гъемæ сæ иу ахæм фæсмойнаг хабарыл басаст – раст йæхи хордта, кæуын-иу райдыдта, загъта-иу, куы нæ цæрин, уæд бирæ хуыздæр уаид, зæгъгæ. Науæд, дам, æй мæ фæстаг сулæфтмæ дæр нæ ферох кæндзынæн, хæсдзынæн æй мæ зæрдæмæ...

Зындоны блокадæйы рæстæг уыд уый. Лæг, йæ ус æмæ сæ иунæг чызг уыдысты, лæппын чызг.

Сыдæй амæлой – æндæр сын цардхосæн куы ницуал фæрæз уыд, уæд ус чи у, уый сæ фæстаг хæзна – йæ норкæ кæрц – радта лæгмæ æмæ йын ныффæдзæхста:

– Ахæсс æй толкучкæмæ æмæ йæ къæбæры мурыл баив. Фæлæ, хъусыс, ма йæм фæныхил фæндагыл, æнæхъæнæй-иу æй æрбахæсс! Нæхæдæг цыфæнды куы фæуæм, уæддæр нæ нæ иунæджы аирвæзын кæнын хъæуы. Хъусыс, амæл-иу сыдæй, фæлæиу уæддæр нæ чызджы комдзагмæ ма бавнал! Ныхъхъæц-иу, ныффæраз!

Баивта кæрц сау дзулы карстыл, дыууæсæдæ граммы бæрц, дам, уыдаид. Цасдæр урæдта йæхи, быхсыд йæ хъизæмарæн, стæй дзы цъусгай тонын райдыдта. Сæхимæ куы бахæццæ, уæд æм дзы, мæлдзыг йæ хуынкъмæ цы аластаид, уый дæр нал баззад – æмæ мидæмæ богъ-богъгæнгæ, æрдиаггæнгæ бацыд...

Цыдæр амæлттæй æртæйæ дæр аирвæзтысты, æрмæст, дам, уæддæр уæдæй нырмæ мæ уд æвдæрзын, мæхи хæрын, мæ гуыбын мыл куыд фæуæлахиз, зæгъгæ.

– О, хуымæтæг советон адæм уæд Ленинграды уазал æмæ стонгæй мингæйттæй мардысты, Жданов æмæ иннæ партион бодзтæ æмæ хицæуттæ та дыууæ комыкъулæй æмпылдтой алы буц хæринæгтæ, пирожнитæ-йедтæ. Партия æмæ, дам, народ едины, но ходят в разные магазины... Ардыгæй уырдæмты дæр мын хъыг сты уыцы хæраймаг хабæрттæ, фæлæ – хорз, фæуæд уал уыдæтты тыххæй. Цæмæй дæ бафæрсинаг дæн... Хæсты хабæрттæй ма... Йед... Хæсты быдырæй уæхимæ цы писмотæ рвыстай, уыдон-иу сыл сæмбæлдысты?

– Арæх фыссыныл нæ уыдтæн. Кæд-иу стæм хатт истытæ фыстон, уæд мæ хо Лизæмæ. Цы хуызы хо мын уыд, цас хион, зæгъгæ, уæд афтæ...

Лизæ уыд мæ фыд Бибойы фыдыфсымæры лæппуйы чызг. Ома Бибойы фыд Мысырби, уый хистæр æфсымæр та Зауырбег, Зауырбеджы фырт Лади. Гъемæ Лизæ уыцы Ладийы чызг.

Мах хæдзары байрæзт, схъомыл. Краснодары мединститутмæ дæр æй Бибо барвыста. Гъе, уымæ-иу фыстон мæ хабæрттæ, уый та сæ мæ мад Сона æмæ иннæтæн каст. Уартæ Грознайы запасной полчъы куы уыдтæн, уæд мæ Лизæ уым бабæрæг кодта – йæхæдæг дæр уæд фронтæй цыбыр рæстæгмæ ссыд æмæ йæм иуцасдæр фæстæмæ нæ сидтысты. Стæй та йæ акодтой – хæстон дохтыр уыд, куы ма йæ загътон.

– Стыр диссаг ма мæм цы кæсы уæддæр æмæ уæддæр... Фæскомцæдисмæ дæ нæ бауагътой, ды, дам, махæй нæ дæ, зæгъгæ. Æмæ уæд куыд скоммунист дæ, уæд? Кæуылты æмæ куыдтæй баирвæзтæ партийы зæгæлæнгом рæнхъытæм?

– Нæ хъæуы скъолайы мæ куы нæ бауагътой комсомолтæ се 'хсæнмæ, уæд сын æз дæр загътон, гъемæ уæдæ уæд мæ куыдзы къах уæ роны. О, фæлæ ма йыл куы дзырдтам, партийы уæнгты сæхи дæр, хицæн фанатиктæй фæстæмæ, нæ уырныдта, уыйбæрцæй æцæджы хъуыддагæй «адæмы знæгтæ», уой, уый.

Гъемæ мæм иуахæмы партийы райкоммæ куы фæсидтысты æмæ мын бон сихор афон арв æрцæвæгау куы загътой, сæйраг дохтырæй дæ сæвæринаг стæм, зæгъгæ, уæд сын æз дæр сæ зæрдыл æрлæууын кодтон, чи дæн æмæ кæуыл-цæуыл нымад дæн, мæ сæрæн ницы азым зонгæйæ, уый:

– Иуæй мæ фæндгæ дæр нæ кæны ахæм бæрны бацæуын – нырма без году неделя йеддæмæ куы нæма кусын рæнхъон хирургæй, уæд мæ цæсгом куыд бахъæца сæйраг дохтырæй

фегуырын адæмы раз?! Иннæмæй та, зæгъын, партийы дæр нæ дæн, ноджы ма «адæмы знаджы» байзæддаг!..

Суыдзынæ, дам, партийы уæнг дæр, стæй дæ ничи фæрсы, дæ фыд чи у æмæ кæм ис, уымæй. Иу дзырдæй, сæ фæнд цæттæ уыд æмæ йæ аивинаг нæ уыдысты. Суанг ма-иу уый фæстæ уæлдæр хицауадæн дæр фехъусын кодтой, сæ куыстæн дзуапп дæтгæйæ, Малгобечы рынчындоны нæм политахуырад бæрзонд æвæрд у, йæ кусджыты йын нæ библигонд чиныг – «Краткий курс истории ВКП(б)»-имæ бындуронæй зонгæ кæны партийы иузæрдион хъæбул, ома мæнæйуый – Кучиев Эльбрус Борисович! Фæлæ, æцæджы хъуыддагæй дæр, куыд-иу дзырдтой уæд, ныхасæн цы бæззыд, афтæ партийы цæсгом никуы ницы хуызы фæчъизи кодтон...

– Æви йыл уæвгæ дæр чъизи нал зынд куыд фæстагмæ?

– Ууыл дæр тæхгæ барæгæй нæ дзурдзыстæм! Сæйрагдæр мæнæн уый у абон, æмæ æз мæ зæрдæмæ мур дæр кæй ницы хæссын... О, гъемæ мын цалдæр хатты мæ гæххæттытæ дæр бацæттæ кæнын кодтой партимæ бацæуыны тыххæй, фæлæ та-иу мын сæ Петр Тимофеевич Ревазов расхуыста – уæд дæр ма уымæн йæ фильтр лыстæг фæрсыгъта, йæ сасир лыстæг луæрста, хæсты мæ туг ныккалдтон «за честь и независимость Родины», уый дæр æм хыгъды нæ цыд. Чи уыд, зæгъыс? Уым районы МГБ-йы хайады хицауæй куыста – НКВД уæдмæ афтæ рахуыдтой, Министерство госбезопасности, зæгъгæ. Гъемæ сæ уый ома нæ рох кодта, æз кæй фырт дæн, кæм ис мæ фыд, стæй æгæр-мæгуыр фæскомцæдисон дæр кæй не сдæн, уыдæттæ. Æрыдойнаг къæрцхъус чекист уыд...

– Фæлæ та-иу уæддæр æмæ уæддæр чидæртæ уыцы цæхæрцæст гуырдæй нæ фæтарстысты æмæ та дын-иу загътой, рацу нæм партимæ, зæгъгæ. Чи уыдысты уыцы æдæрсгæтæ? Кæмæ кастæ цыфæндыйæ дæр партийы аккаг дзæбæх лæппу?

– Уыдтæн, бæгуыдæр, дзæбæх лæппу – без ложной скромности куыд бакæнынц... Фæлæ сæ нæ зыдтон лæгæй-лæгмæ, мæ фæндæгтæ мын чи æхсæста, уыдоны. Сæ хорздзинæдтæ мæнæн арфæйаг никуы кодтой...

– Æмæ уый та цы бацис, Реуазты зынгзæрдæ, сыгъдæгарм æмæ уазалзонд чекист?

– Берияйы куы агуыпп ластой æнæ дзæгъæл ракæ-бакæйæ – цытæ зыдта уый, уыдон сæм рухсмæ ракалинаг нæ кастысты,

раст уæд Петр Тимофеевичы дæр феддæдуар кодтой оргæнтæй. Гъемæ уæд æз фæззæджы партийы рæнхъытæм скæндидат дæн, афæдзы фæстæ та – æххæстбарджын уæнг. Фæлæ мын нырма æппæт уыдæттæ дæр æмæ Малгобечы ме ‘ппæт царды хабæрттæ дæр – æнæхъæн дæс азы дæргъы! – бæстондæрæй æмæ бæлвырддæрæй ракæнинаг сты.

О, кæй зæгъинаг у, кæд дæ сæ базонын зæрдиагæй фæнды, уæд...

– Уый та цы хоныс, мæ буц хистæр?! Уæдæ дæу дæр æмæ мæхи дæр хуыздæр цæй номыл хъизæмайраг кæнын?! Ноджы мæ абон-знон нæ бафæндыд, фæлæ уартæ кæд зæгъон – мæгъа... О, æрмæст дæм ныр та цыдæр ахæм къахæгой... дывæлдах... дыркъуымхуыз фарста раттинаг дæн, фæлæ куыддæр æнæуæндонæй. Дзырдæн афтæ зæгъæм, æмæ-иу лæг хæсты ницæмæйуал тарст, сфæлтæрдта. Æвзæр кардæй, дам, фæрæт хуыздæр æмæ худинаджы цардæй та мæлæт хуыздæр, зæгъгæ...

Фæлæ – хæст иу хъуыддаг у, сабыр иугæндзон цард та – иннæ. Æмæ хæстон лæг бæрнон бынаты кусæг сси, гъемæ, зæгъæм, партион æмбырды бады, йе та партбюройы дæр, æмæ дзы кæйдæр персоналон хъуыддаг æвзарынц. Уыцы фронтовик та йæ бæлвырдæй зоны, рæстæй йæ кæй æфхæрдзысты уыцы кæйдæр, бынтон æназымæй, уый. Фæлæ хицау ныффæрск, афтæ йын хъæуы æнæмæнгæй – карзæй бафхæринаг у, уымæн æмæ нын Жуковау йæхицæй Наполеон аразы...

Зоны йын йæ рæстдзинад, кæй ницæмæй у азымы даринаг, уыдæттæ, æрмæст... Æрмæст уый дæр ма зоны, æмæ дæ дзыхыл куы хæцай, дæ пъирийыл, уæд дзидза хæрдзынæ, куы... куы нæ зонай де ‘взагæн ахæм дзидзаджын-сойджын бынат, уæд уый хал ахæрдзынæ, кæй сæрыл суæндыдтæ дæ дзырд баппарын, уыцы æназымæй азимаг лæджы хал... Партийæ-иу кæй ацух кодтой, уый та-иу раст хъодыгонды хуызæн уыд: де мвынг хæлæрттæ дæр дын салам нал лæвæрдтаиккой, дæ цин сæ цин нал уыдаид, дæ хъыг сæ маст...

Гъемæ ды, Эльбрус Борисович, мæ кадджын æмæ намысджын хистæр, уыцы дызæрдыггаг æууæлты никуы бахаудтæ, никуы бадтæ зондджын хъусæй, рæстырдæм аудæг дзырд зæгъын-иу куы хъуыд йæ тæккæ цæфыл, уæд? Куы дын фæхъыг уа мæ цыргъ тигъджын фарст, зæгъгæ, уымæй мæ мидæг схъиугæйæ, уыныс, куыд дæрдтыл æрзылдтæн...

– Æргом ныхасы, дам, къæм нæй, æмæ хъыг дæр хъуамæ уый охыл ма уа... лæгау лæгæн, йе ‘фсармырдыгæй сыгъдæг чи у, уымæн ома. Пысылмон уырнæг лæг дæн, зæгъгæ, уæд дын Сыгъдæг Хъуыранæй ард бахæрин, æмæ дын мæнæ æз, Кучийы-фырт, уыцы дзидзахæрды тыххæй, рæстдзинад фидарæй зонон, æнæгуырысхойаг аргументтæ мæм уа, афтæмæй мæхи ницыхъусæг, ницызонæг, ницыуынæг скæнон?! Уæд мæ мард куы ‘рцыд! Уæд мæ Хазбийы зарæг сисын куы бахъуыд, Хъобаны хид, Хъобаны, уæй зæгæлæнгом! Дæуæн та, Кучийы-фырт, абон дæ мæлæн бон, зæгъгæ.

Стæй йæ суанг мæнæй уæлдæр хицæуттæ дæр зыдтой, æз бахъуаджы сахат рæстдзинады сæрвæлтау мæ дзых кæй нæ сæхгæндзынæн, кæй нæ бауромдзынæн, уый. Искæй хъысмæтиу кæм лыг кодтой, хъæуы йын афтæ-нæ хъæуы, ахæм бæрнон æмбырдтæм æмæ бюротæм та мæн нæ хуыдтой – уыйонгты не схызтæн партион асинты къæпхæнтыл. Фæлæ...

Ныр дæр æй хъæддыхæй зæгъын, цы зæгъдзынæн ацы сахатыл, уый: исчи ма уæдæ бауæндыдаид, бахастаид ма йæ ныфс, æмæ Билар Емазаевич Кабалоев цы сфæнд кодта æмæ цы загъта, ууыл дыууæ зæгъын, уæлдайдæр комкоммæ йæ ныхмæ рацæуын!

Кæнæ бынтон пысыра, раст æнæхсæстау гуымиры Алкацевы дзырдæн цæлхдур авæрын. Фæлæ уыимæ дыууæ азæй фылдæр нæ акуыстон, Билар Емазаевичимæ та æнусы цыппæрæм хай цыдæр. Ацы хабар ма Дамир газеты дæр ныммыхуыр кодта, фæлæ дын æй бæлвырддæрæй радзурон... Уæды рæстæджы, зæгъæн ис, æмæ алцыдæр регламентацигонд уыд. Гъемæ-иу алы фондзазоны кæрон дæр Мæскуы, по итогам пятилетки, махмæ дæр, ома Ирыстонмæ, разнарядкæтау сæрвыста, министрадтæй кæцыйæн цас хæрзиуæджы раттын æмбæлы, уыцы бæрджытæ. Мæхицæн мын афтæмæй алы фондзазоны æвдисæнтæм гæсгæ саккаг кодтой цыппар ордены...

Уæд та Æнæниздзинады министрадæн снысан кодтой æхсæз æмæ ссæдз хæрзиуæджы – алы ордентæ æмæ майдантæ. Иу орден дзы уыд Ленины орден. Æмæ йæ æнæмæнг раттын домдтой уырыссаг дохтырæн – нæлгоймаг уа, сылгоймаг уа, уый та уæлдай нæ уыд.

– Алы хатт дæр уырыссæгтæн?

– Нæ, цæмæн – уыцы фондзазоны размæ йæ райста Торчинова.

Мах личное делотæм фæракæс-бакæс кодтам, алырдæмты фæрабыр-бабыр кодтам, æмæ фæндон бахастам, цæмæй уыцы æппæты кадджындæр орден сæрттива фæлтæрдджын æмæ дæсны хирург Вышеславцевы фæтæн риуыл. Мæздæджы рынчындоны куыста сæйраг дохтырæй. Йæ кандидатурæйы ныхмæ йын суанг КГБ дæр ницы къæм ссардта йæ цардвæндаджы. Уым та-иу тынг сфæйлыдтой искæй царды фæскъуымтæ.

Партийы обкомы бюромæ мæм фæдзырдтой... А, хæдæгай. Дыууæ та нæм Фæллойы Сырх Тырысайы ордентæ ‘рхаудта. Æмæ, дам, дзы иу искæмæн снысан кæнут, дыккаджы мæт сымахмæ нæ хауы. Æз сабухтон, уый та, зæгъын, куыд ома – Мæскуы нын æй радих кодта дыккаг орден дæр, фæлæ нын æй сымах та уæхирдыгæй фæкæнинаг цыдæр стут, куыд уæм кæсын, афтæмæй! Куы нал æмæ куы нал æнцадтæн, уæд мын Кабалоев афтæ:

– Не рыпайся: он, этот орден, предназначен лично тебе самому, поэтому не можешь же ты на самого себя давать характеристику на бюро?

О, æмæ мыл бюройы Билар уазал дон куы басæххæтт кæнид Ленины ордены хъысмæты фæдыл:

– Ваше представление по Вышеславцеву не проходит! Мы на бюро решили и предлагаем другую кандидатуру. Это...

Ахæм хъыг мын фæцис, ахæм, æмæ йæ кæронмæ дзурын дæр нал бауагътон – фæналат дæн бынтон:

– Как это не проходит?! Мы же не в бирюльки играем! Кандидатура прошла фильтр даже Комитета госбезопасности...

– Под самый конец выяснилось, – уыцы уæзданæй дзуры Кабалоев, – что в период оккупации немцами Моздока, ваш доктор Вышеславцев лечил в том числе и раненых фашистов...

– И правильно делал, Билар Емазаевич! Он же врач, который давал клятву Гиппократа, а она гласит... Всего одно предложение приведу из нее: «В какой бы дом я ни вошел, я войду для пользы больного...» Æмæ чифæнды дæр уæд уыцы рынчын! Суанг Гитлер йæхæдæг дæр! Раздæр уал æй сдзæбæх кæн ды, дохтыр, стæй йын иннæтæ цыфæнды дæр...

– Не философствуй, Эльбрус Борисович! Мы решили орден Ленина дать Грибанову, главному врачу спецбольницы. Не будь его, у нас бы в республике этой самой больницы не было!

Ай мын сæ хабæрттæй бынтондæр мæ тъæнгтæ цæгъдынвæнд куы скодтой, зæгъгæ, ма æз дæр уромæгæн уромын комын:

– Билар Емазаевич! Вашу характеристику Грибанова Минздрав не разделяет, и мы его к этой высокой государственной награде не представляем... И, вообще, он в этой больнице работает всего полгода, а к ее строительству абсолютно никакого отношения не имеет!

Ӕмӕ уӕд мӕ алыварс хъӕрӕй схор-хор кодтой, йӕхи Кабалоевы иузӕрдион хъузӕттӕ чи хуыдта, уыдон:

– Что он, этот Кучиев, себе позволяет, а?!

Ӕмӕ уӕд уый, Билар, раст Сталинау хъуыдыдзастӕй арауай-бауай кодта ӕмӕ загъта, цӕй фӕуӕд, дам, ӕндӕр искӕй ссарут ӕнӕдзырддаг.

Фӕлӕ ӕз дӕр ӕдзух ахӕм хъӕбӕрдзых нӕ уыдтӕн, ӕнӕфенкъуысгӕ цӕлхдурау-иу нӕ ныффӕрск дӕн – пайда-иу кодтон, ахӕм дипломатон финтӕй-фӕзылдӕй, истӕимӕ-иу разы нӕ дӕн, зӕгъгӕ, уӕд:

– Но если бюро обкома партии настаивает на своем, то мы, хотим этого или не желаем, все исполним в точности, в соответствии с указанием свыше. И тогда с нас взятки-гладки...

Кабалоевы ныхмӕ та искуы исчи сдзырдта, уый фӕндоныл не сразы – ахӕм хабар уынгӕ нӕ, уынгӕ, фӕлӕ хъусгӕ дӕр никуы фӕкодтон.

– Ӕхсар ӕмӕ Камалы цыма иу заман дыууӕ-ӕртӕ азы ӕгуыст дӕр фӕкодтой комкоммӕ Билар ӕмӕ, афтӕ кӕй тыххӕй фыста Ӕхсар, сӕ карьерӕтӕ уӕлдӕрӕй уӕлдӕр, сӕ гӕлдӕртӕ та дӕлдӕрӕй дӕлдӕр, зӕгъгӕ, уыдон. Ӕмӕ, дам, мын, – Ӕхсар ома мӕнӕн дзырдта иу тӕрхъус фыссӕджы тыххӕй, – уый ӕмӕ уый иуахӕмы афтӕ куы бакӕнид: «Хӕлӕг уӕм кӕнын сымахмӕ – Кабалоев фыццаг лӕг куы уыд Ирыстоны, уӕддӕр дзы нӕ тарстыстут, ӕз та дзы, обкомы инструктор куы уыдтӕн уартӕ сӕдӕ азы размӕ, уӕдӕй нырмӕ ӕмризӕджы ризын – ӕрмӕст йӕ уындӕй дӕр фестъӕлфын, раст куы ницуал хицау у, уӕддӕр!»

– Уыныс, уыныс! Кӕсыс, кӕсыс! Науӕд та иннӕрдӕм дӕр фӕуӕд: кӕсыс, кӕсыс ӕмӕ уыныс, уыныс! Ды та мах, чиновникты ома хъӕбатыр кӕныс!

– Бирӕтӕн, кӕддӕр цы тасы мидӕг уыдысты, уый сӕ мӕлӕты бонмӕ дӕр сӕ дыууӕ уӕны астӕуӕй нӕ фӕлидздзӕн...

– Ныр та дӕ ӕз бафӕрсон дӕхи фарстӕй – къахӕгау хуызы фарстӕй... Зоныс ӕй, цас мын уыд амал ӕмӕ гӕнӕн, уыйас ӕз кӕддӕриддӕр мӕ хъус ирон литературӕмӕ дарын. Фысджыты

сфæлдыстад æмæ цардмæ. Æмæ-иу советон азты стыр зынтæй райстой Цæдисмæ ног фысджыты, ныр та... Стæй-иу кæйдæрты тыххæй ахæм критикон уацтæ бакастæн, дæрæнгæнæн уацтæ, æмæ-иу æнхъæлдтон, ацы лæг йæхи уый фæстæ адæммæ нал равдисдзæн, зæгъгæ. Уалынмæ та-иу рацæй-рабон, æмæ, дам, уыцы дæрæнгондæн схай кодтой Ирыстоны адæмон фыссæджы ном, чысыл фæстæдæр та йын, йæ маст дзы цæмæй бынтондæр куыд ферох уа, уый охыл радтой Къостайы номыл преми дæр. Уæд хъуыддаг афтæ нæ уайы, æмæ уыцы критикæйы амæддаг фысджытæ мæнæ каравантау сты, теуаты чырæтау, æмæ сæ фæндаг дарынц цытджын нæмттæ æмæ намысджын премитæм, куый критикты рæйын та дымгæ ахæссы...

– Гæстæны куы зоныс... Агънаты.

– Зонын...

– Гъемæ уый хаттæн тагъддзураг у, дзырдты хицæн уæнгтæ аныхъуыры дзургæ-дзурын. Æмæ йыл мысгæ ‘ркодтаиккой, æцæгæй уыдаид, фæлæ, дам, æй иу чидæр фæрсы, кæдæм, дам, цæуыс афтæ раджы, зæгъгæ, æмæ йын Гæстæн загъта:

– Уалæ Фысты цæдисмæ, Фысты!

Ома дзырд «Фысджыты»-йæн йæ иу уæнг аныхъуырдта. Æмæ йæ ныхасыхъæд Гæстæнæн сæ уавæрæн йе ‘цæг аргъгæнæгау рауад: фысджытæ сæхи фыстау ныххуырым кæнынц, æргом хæрæмттæ æмæ галиу хъуыддæгтæ куы фæуынынц, уæддæр. Мæнæ ды цæй тыххæйты загътай, уыдæттæ ома...

– Дзидза хæрын сæ фæнды?

– Цæй дзидза сæм хауы, уæлдайдæр абон, чиныгкæсæг дæр куы нал ис æмæ йæ ныффыссынмæ æрыгæттæй йæ хъус куы ничиуал дары, уæд?! Ома ныхас ирон литературæйы æнæрай хъысмæтыл цæуы. Фæлæ, бон куыд цæуы, афтæ фарн дæр кæд хæссид, æмæ кæд ирон аив дзырд дæр йæ боны фыддæртæй ирвæзыны къахыл ныллæуид...

– Хуыцауы дæр æмæ адæмы дæр бафæндæд!

– Оммен! Æрмæст фыстæй галтæм аздахæм не ‘ргом: фысджытæй ома дæ хорз зонгæ бæрзондылбадджытæм... æмæ мын Емæзайы сахъ фырт Билары тыххæй æргомдæрæй æмæ бæстондæрæй куы зæгъис. Куыдæй æмæ цы хуызы ауайы дæ цæстытыл, куы йæ ‘рымысыс, уæд. Бынтон æргом, ай-гъай, нæ уыдзынæ, фæлæ уæддæр...

– Йе ‘мбæхсинæгтæй, йæ сусæггæнинаг хабæрттæй йын æз

ницы зонын, кæд æм уыдысты, уæддæр. Алы дам-думтæ, хахуыртæ та ныхасы сæрæн нæ бæззынц, нæ дыууæйы æхсæн уæлдайдæр... Кæд æз абон искæмæй бузныг æмæ арфæйаг дæн сыгъдæг зæрдæйæ, уæд æппæты фыццаг Билар Емазаевичæй. Ирон аргъ ын куы кæнон, уæд ахæм: «Саг лæг уыд!» Æз йемæ æнусы æнæхъæн цыппæрæм хай бакуыстон. Уыцы азтæй уый иу æмæ ссæдз азы уыд партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь. Æз дæр дуракгонд никуы уыдтæн, куырм æмæ къуырма: дохтыры дæсныйадæй, мæ куыстæй фалæмæ ма мæ цыдæртæ ‘ндæвта царды мидæг, мæ хъус ма цæмæдæрты дардтон. Фæлæ-иу уæддæр дисы бацыдтæн уый зонындзинæдтыл – бирæ каст алы чингуытæ, бирæ цыдæртæ-иу бадардта йæ зæрдыл. Йæ эрудици тынг бæрæгæй зынди, алы æмбырдты æмæ фембæлдты-иу куы ныхас кодта, уæд. Мæнæ не вершки нахватал, фæлæ бындуронæй зыдта, цæуыл-иу дзырдта, уый. Стæй уæлдæр ахуырад дæр Мæскуыйы райста – фæцис Ленины номхæссæг педагогон институты историон-филологон факультет.

Хæрз æрыгонæй йыл бауæндыдысты иттæг бæрнон бынат – фæскомцæдисы Кæсæг-Балхъары обкомы фыццаг секретары хæстæ... Уыдæттæ дæр рæгъмæ хæссынмæ бæззынц, фæлæ царды мидæг, царды алы цæхгæр фæзилæнты нæ цудыдта, йæхи уромын, йæхи нывыл дарын зыдта æгъдау æмæ æфсармы фæлгæтты. Æнæхсæст, æнæуууылд ныхас дзы никуы схаудтаид. Стæй цыргъныхас, дзырдарæхст дæр тынг уыд: рæстырдæм æмбæрста искæй хъазæн ныхас, стæй йæм йæхæдæг дæр хæлæггаг арæхст...

– Æз дын уый тыххæй иу ахæм цæвиттон æрхæсдзынæн. Фысджытæ та иуахæмы къордæй лæууыдысты. Билар-иу хатгай Проспекты фистæгæй цыд æмæ сыл бамбæлд. Бонхорз сын загъта, уыдон дæр ыл бацин кодтой. Гъестæй дын уый афтæ куы бакæнид уыцы зæрдиагхуызæй:

– Уе ппæты уынд дæр мын æхсызгон у, фæлæ мын уæддæр мæнæ Уырымты Петкайыл фембæлын уæлдай цины хос вæййы!

Загъта æмæ театралон паузæ скодта, æрмæст йæ цæстытæ хинхудт кæнынц. А Петка та йæхицæй стыр сгуыхт лæгау ныхъхъал. Уалынджы бæллæхы Билар срæцыгъта:

– Цæмæн куы зæгъат, уæд уымæн, æмæ Петка мæнæй дæр ма дæлæмæдзыддæр у! Мæны йас рæз дæр не схаста...

– Ахудынæн бæззы! Фæлæ Билар Емазаевич, мæнæ æцæгæй

дæр бæллæхы гыццыл лæгтæ кæй хонынц, разагъды ома адæм, раст уыдоны породæйæ уыд. Æгæр хорз дæр ма йæ зыдта, йæ алыварс кусджытæй чи цы у, йæ мидæг сæ кæмæн цы хъапп ис, цы мæрддаг туг æмæ стæгæй сты, уыдæттæ. Короче, отлично разбирался в людях, знал каждому его истинную цену, кто из них чего стоит. О, фæлæ уæддæр цард, нæхи Шекспиры загъдау, театр у, адæм та дзы – лæгæй, усæй – актертæ сты, æмæиу Билары дæр ма, кæд цыфæнды зондыкъуыбылой уыд, алкæй дæр кæд иннæрдæм уыдта, уæддæр-иу ууыл дæр сайд æрцыд – разынд-иу ахæм дæсны артисттæ-цæстфæлдахджытæ.

Æз афтæ зæгъинаг нæ дæн, мæнæй хæстæгдæр æм ничи уыд, мæнæй тынгдæр никæуыл æууæндыд, зæгъгæ, фæлæ тынг æнгом контактæй куыстам: ахæм къуыри нæ хъуыды кæнын, æмæ иудыууæ хатты ма фембæлæм хъуыддаджы фæдыл. Худæг дæр у: чи цас мæгуырдæр у йæ удыхъæдмæ гæсгæ, йæ зондахаст, адæмы хъæр æмбарын-хъусынæй, уый йæхи тынгдæр ныддымсы. Алкацев-иу афтæ загъта, Сталины фæзмгæйæ: «А разве об этом товарищ Алкацев ничего не говорил?!»

Билар Емазаевич «Якани»-йæ нæ сад. Фæлæ æз та мæхи «Я»-йы тыххæй афтæ зæгъинаг дæн...

Кæд Ирыстоны бирæ рынчындæттæ искæй хъæппæрисæй, комкоммæ искæй разамындæй, йæ фæрцы æмæ йæ руаджы сарæзтæуыд, уæд – мæн!

Алы районы дæр! Æз министр куы сдæн – тынг æвæндонæй! – уæд нæ Республикæйы уыд æрмæстдæр æртæ рынчындоны. Чысыл нывылдæртæ, типовойтæ. Иннæтæ иууылдæр кæлддзаг бæстыхæйтты, кæнæ та-иу йедты... в приспособленных помещениях, чъырæйцагъд æмæ дыл æрмæст ма тæдзæд, æндæр хабæрттæ та уынджы сæрдæй-зымæгæй...

Æз-иу мæ пъланттæ-фæндтимæ де 'рвадмæ бамидæг дæн Госпланы – Николай Александрович Гусаловмæ. Стæй нæм-иу уæд Емазаевич фæдзырдта алцæуыл дæр бæстон æрныхас кæнынмæ. Æз мæ фындз ног арæзтæдты алы хъуыддаджы дæр тъыстон – уæдмæ практикон æгъдауæй бирæ цыдæртæ базыдтон. Æмæ-иу, зæгъæм, исты арæзтад кæронмæ ахæццæ, мæнæ йæ паддзахадон къамис ныр хъуамæ райса, алы лыстæг фиппаинæгтæ скæнгæйæ – фæстæдæр, дам, сæ аиуварс кæндзысты уыцы хъæндзинæдтæ, зæгъгæ, афтæ-иу æз...

Æндæр ницы?!

Æмæ-иу уæд аразджыты разамынд обкомы лæгъстæ кодтой, Кучийы-фырт дзы ма уæд паддзахадон къамисы, æндæр дзы чифæнды дæр уæд, зæгъгæ. Нæ туг, дам, нын ныллæуын кæны, науæд та нын æй баназы!

Цы ма?

Цæугæ энциклопедийау уыдис Кабалоев. Иттæг грамотный. Тонкий! Стæй – хитрый, хин æмæ кæлæн. Бынты ласынмæ дæр иттæг хорз арæхст. Æз дæр алы министрты, сæйраг дохтырты, алы бæрнон кусджыты знал как облупленных, ома кæй хуылфы дзы цал тъанджы ис, куыд здыхстытæ сын сты, кæцырдæмты, уый зыдтон. Фæлæ-иу ай чи у, уый не 'ппæтыл дæр хинæй рацыд, ахъазыд нæ-иу йæ зæрдæйы дзæбæхæн. Мæнæ афтæ: æз цыдæр фæндон бахастон, иттæг ахсджиаг – мæ хъуыдымæ гæсгæ.

Уыцы гыццыл бæллæхы лæг-иу дзы бюройы искуы дур дуры уæлæ нал ныууагъта, иннæтæ дæр-иу мыл – уый цæстмæ! – нал ауæрстой, чи мæ къухæй цавта, чи къахæй, чи мыл дæндагæй хæцыд. Сæ пырх мыл-иу акалдтой, иу дзырдæй, цы Билар Емазаевич йæхæдæг, цы иннæ гуыппырсартæ.

– Чи ма уæ цы зæгъинаг у, цы хуызы ма йæ чи фæрæхоинаг-фæрæтъузинаг у? Ничи ницуал? Уæдæ йын фаг фестæм. Кæд ма йæ хъæуа! Ныр та афтæ: æз сæрæй бынмæ разы дæн Кучиевимæ!

Æмæ йæм хъуахъдзых æмæ бæгъгъæтдзæстæй кæс ныр! Уый уæдмæ мидбылхудгæ фæцæуæг йæ хæдзармæ...

– Нæ йæ зонын, мысгæ йыл æй æркодтой, æви, царды æцæгæй цы уыд, ахæм хабар уа, фæлæ, дам, уым, обкомы, иу чидæр йæ хæдзармæ Хъæбæлойы-фыртæй раздæр никуы ацыд. Ноджы ма-иу йæ кусæнуаты дуар чысыл зыхъхъырæй дардта: хицау куы рацæйцæуа хъæмæ цыдæй, уæд æй фена, ацы лæг йæхи куысты куыд хæры, æппындæр йæхиуыл кæй нæ ауæрды – нам хлеба не надо, дайте нам работу, зæгъгæ.

Æмæ, дам, ын иу фæсæхсæвæр Билар бакаст йæ гом дуарæй æмæ йын «преми рафыста»:

– Завтра же подайте заявление на увольнение... Ладно уж: по собственному желанию! Как не справляющийся со своими обязанностями в течение рабочего дня! Стахановец!

– Уыдаид... Иу кæддæр та йемæ Мæскуымæ дæр афтыдтæн, уый дæр арæзтадон хъуыддæгты фæдыл. Суанг Борис Васильевич Петровскимæ, академик, Советон Цæдисы æнæниздзинады

министрмæ. Сæ дыууæйы фæрцы мын бантыст республикæйы клиникон рынчындон дæрдтыл зылдæй саразын. Фæлæ йæ алы лыстæг хабæрттыл нал дзурдзыстæм Кабалоевæн, науæд æгæргæнæг куы фæуон, ай йæхи кæдмæ стаудзæн, кæдмæ йæхи хæрдмæ исдзæн, зæгъгæ...

– Нæ дзы рахаудзынæ: æвæтчиаг бынат дын нæу кады бæрзонд бынат. Фæлæ дын æз та, ды Хъæбæлойы-фырты куыд сарфæйаг кодтай, куыд æнæкъæм цытджын, уыцы сурæтимæ бынтон разы нæ дæн. Æргом дзургæйæ, коммунистон идеологийы догмæтæй не ссæрибар, партион функционерæй баззад. Æмæ йæхæдæг дæр – бирæтау! – за что боролся, на то напоролся: цы гуымиры хуызы йæ систой йæ куыстæй, уый уымæн ирд æвдисæн. Системæйы хъæнтæй цыма никæцыйæ аирвæзт, афтæ мæм кæсы – æмæ мæм дзæгъæлы нæ кæсы: тæрхондоны хъуыддæгты «йæ фындз тъыста», ома пайда кодта, «звоночное право» цы хонынц, уымæй.

Нæ зонджын фыдæлтæ Кавказы амалджындæр бæстыхай кæд æрцахстой Цыллæйы фæндагыл, хæхтыл цæхгæрмæгæрдæг кæмтты дымæгмæ, уæддæр иу хабар нæ фæхъуыды кодтой – ома æмæхгæд дзыхъхъауы кæй ис нæ фыдыуæзæг, уый. Нæй дзы «роза ветров». Кабалоев та уыдæттæ æнæзонгæ нæ уыд, фæлæ нæм алы хъылматауæг заводтæ цалдæр саразын кодта. Иннæрдыгæй та, чи дзы куыстаид нæхи адæмæй, уый дæр нæ уыд, æмæ сæ Мæхъхъæлæй дыууæрдæм ластой. Уæдæ йын Транскам чи нæ хатыр кæны – сæ мæстджынæй! – ахæмтæ дæр иу æмæ дыууæ нæй.

Партийы æппæт хъулон, хæраймаг митыл нæ дзурдзынæн, фæлæ мæнæ иу ахæм ныв – Хæблиаты Сафар ыл фыста, йæхи цæстытæй йæ федта. Цæвиттон, сусæны мæй судзгæ-араугæ бон кæдæмдæр тахт Мин-Воды аэропортæй. Адæм æнхъæлмæкæсæн залы æнудæй зæрдæхъæрмттæ кæнынц уæлдайдæр сабитæ мæлынц удхарæй. Уæд, дам, вип-ты залмæ бакастæн кæуылдæрты, æмæ дзы зыбыты иунæгæй Хъæбæлойы-фырт бады æмæ, дам, раст гæртт-гæртт кæны кондиционерты уазалæй.

О, йæ алыварс чи уыд, уыцы партион бодзтæй фылдæр каст, фылдæр зыдта. Йæ зæры бонты дæр тырныдта – раст мæнæ дæуау – алы зонындзинæдтæм.

– Кæнæ æз та – уыйау!

– Афтæ дæр фæуæд. Æмæ иу ахæм дæнцæг... Цыма уыцы зымæгон, фæлæ фæлмæн хурбон обкомы бæрнон кусæг Харченкойы

бинойнаджы зианы сæмбæлдтæн – сæ чызг нæхи Фатимæйы хорз æмбал у... О, æмæ уым хурварс бадæг хистæртæм хæстæг лæууын, сæ ныхæстæм сын мæ хъус дарын. Иу заман Билар цæйдæр дымæгмæ Рагон Гречъы кой ракодта, æрхаста Солоны ныхæстæ, æцæг сæ куыддæр йæхирдыгонау аивта. Æз та сæ уымæй чысыл раздæр, цыдæр уац фысгæйæ, æрхастон...

О, æмæ дзы хатыр ракуырдтон Биларæй, стæй Солоны ныхæстæ сфæлхат кодтон, æцæджы æгъдауæй йын мæнæ ахæмтæ сты, зæгъгæ – ома, куы йæ бафарстой, фыдракæндтæ цæмæй мауал цæуа, уый охыл куыд æмæ цы кæнгæ у, уымæй, уæд загъта:

– Нужно, чтобы пострадавшим от преступления и не пострадавшим от него было одинаково тяжело, больно...

Емæзайы сгуыхт фырт мæм æрбадзагъул кодта, ай та ма дзы чердыгон хæххон дзигло у, зæгъгæ, стæй фæхъуыдыдзаст æмæ мæ фæрсы:

– А как он ответил на замечание, что, мол, горю слезами не помочь – Солон тогда оплакивал смерть своего сына...

– Потому и плачу, что не помочь...

Билар бацымыдис, фæрсы та мæ:

– А кто это сказал так: «В великих делах всем нравиться нельзя»?

– Уый дæр Солон, цыма... Фæлæ мæнæ афтæ та æнæмæнгæй уый фæдзæхст у: «Кто для многих страшен, тот должен многих бояться!»

Йæ хъуынджын æрфгуыты бынæй мæм æрбакаст цыдæр знæтгомау кастæй æмæ йæ раздæры ныхас-æмбæлттæм азылд...

Мæнæн йемæ иумæйагæй ницы уыд, фæлæ та йæ хæстæгмæ æндæр зианы федтон – Абайты Вассойы бинойнаг Ксеняйы æвæрæн бон. Ныр та мæн ныхасæмбæлтты къордмæ аивæй йæхи Билар æрбайста – лæугæ та кодтам Æхсар, Малиты Васо, Бицъоты Грис æмæ ма чидæртæ. Ныхас Токаты Гогкийы тыххæй куыдæй рауад, уый нал лæууы мæ зæрдыл, фæлæ уый хыгъд Хъæбæлоты лæппуйы ныхæстæ хорз бахъуыды кодтон – бынтон æнахуыр мæм фæкастысты суанг коммунист-функционерæн дæр:

– Тот, кто в годы войны изменял Сталину, тот изменял и Родине! Ваш Токати был для меня изменником Родины и им же остается!

Ничи йæм ницы сдзырдта, диссагмæ кæсæгау кæсгæйæ йæм

баззадыстæм. Уый дæр ма йын йæ зæрдыл ничи æрлæууыин кодта, Гогки фæсарæнтæм хæсты фæстæ кæй айста йæхи...

– Афтæ кæй уыд, уымæн дын мæнæ мæхæдæг цæттæ æвдисæн: æцæгæлон уыд Билар Емазаевичæн Гогки. Раст ын къалассон знагау уыд. Фæлæ æз уыцы зондыл хæст дæн, æмæ алкæмæн йæ лауыз – йæ мæрдтæн хæлар. И пусть каждый остается при своем мнении также и о Биларе Емазаевиче. Я лично ему за многое – очень даже многое – благодарен. Алкæмæн йæ бар йæхи, ноджы ма уæлдайдæр абоны ронбæгъд дуджы. Сæттын ыл: кæмдæр цыдæртæ мæнæн дæр нæ цыд мæ зæрдæмæ алкæмæй дæр, æрмæст та кæм ис, кæм уыцы æнаипп, зæдгонд, алы ‘гъдауæй дæр æнæфау зæххон адæймаг? Нæй æмæ, чи зоны, хъæугæ дæр нæ кæны – мæнæ бынтон сыгъдæг туаггуыр-кислородæй куыд нæй иудадзыг улæфæн, афтæ...

– Уæды æхсæндзарды, политикæйы уавæрмæ ды, Бибойы домбай фырт, зæгъæн ис, æмæ ницы бæрнон бар дардтай. Æмæ мын уæдæ мæ уайдзæфтæй комкоммæ дæхимæ мацы ‘мбар, дæ зæрдæмæ дзы комкоммæ мацы хæсс...

Гуыппы тыххæй бæлас нæ калын, уæддæр æмæ уæддæр исты срæцугъон, зæгъгæ.

– Мæ койаг, зæрдæ цæуыл дуды-риссы, цæуыл сбæрæгбонхуыз вæййы, уыдæттæ сты дæуæн дæр æмæ мæнæн дæр нæ ныхæсты сæр, сæ къуыбылой. Æмæ ныры замана заманты адæмы ‘хсæнæй фæиппæрд ахæм дзыллæтæ, æмæ сæ нæдæр Хуыцау-иман хъæуы, нæдæр рæстдзинад-сæрибар. Аивады, уæлдайдæр та дзырдаивады, кой ма чи кæны. Гуыбын æмæ рагъы мæт сси сæ сæйрагдæр сагъæс бирæ бæгънæг æмæ æххормаг, цыбырбаст æмæ тоталон дефициты азты фæстæ. Грибоедовы герой Фамусовы ныхæстæн æмдзæгъдгæнæг сты, собрать бы все книги и сжечь, зæгъгæ. Гъемæ сæ бырондæттæм калынц рæдзæгъдтæй...

Æмбисондæн хæссинаг сси ахæм ныв: æрыгон чызг кæнæ лæппу бадынц æмæ кæсынц чиныджы, ноджы ма бынтон царциаты диссаг уаид, ирон чиныг кæсынц, зæгъгæ, уæд уый. Суанг Къостайы дæр. «Нарты кадджытæ» дæр.

Уæвгæ та сæ цæмæн кæсой, цæмæн, кæд æмæ нæ хицауадæй, нæ чиновниктæй хæснагæй иу дæр ахæм не ссардзынæ, æмæ сæ йæ цардцæрæнбонты уæд та ма иу ирон чиныг чи рафæлдæхта, йæ къухмæ сæ ирон газет, ирон журнал чи райсы, иронау сæ

цалдæр хъуыдыйады чи ныффысдзæн, кæнæ иу минуты дæргъы сыгъдæг иронау чи фæдзурдзæн. Æртæ чъирийы сæ чи скувдзæн!

Æмæ нæ цæрынц-хæрынц уæддæр сойæвдылдæй? Ды се 'хсæнмæ кæуылты бахаудтæ, уымæн та Хуыцау йæ иунæг зонæг. Фæлæ уырыссаг дзырдбаст ам йæ тæккæ рæстдзæвин у: исключения подтверждают правило.

Нæ дын раппæлдзынæн ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй дæр – сæ куыст, цыма сыл бегара æвæрд ис, сæ дзæвгар фылдæр хай уыйау кæнынц. Æмхуызонæй-иу, зæгъæм, «Мах дуг» куы рафыссиккой, науæд дыгур «Ирæф», райдианы къæсты уонтæ та «Ногдзау», уæд æрвылаз журналты редакцитæ стыр мæты амæддаг нæ кæниккой – тугхалæн сагъæссаг фæвæййæм раст нæ тиражты тыххæй.

Цы ма дын зæгъинаг дæн ацы донвæдыл: куыд æхсызгон вæййы, лæгмæ ирон дохтыр иронау куы сдзуры, дæ иронау бонхорзæн дын салам иронау куы радты, уæд! Сæдæйæ иу. Кæнæ та минæй. Министр куы уыдтæ, уæд сын исты ахæм фæтк куы сфидар кодтаис! Ома ирон рынчынмæ гæнæн æмæ амалæй иронау дзурут, зæгъгæ...

Æгæр ныддаргъ ирон дзырды хъысмæтыл нæ судзаджы хъарæг. Судзаджы, о! Уымæн, æмæ нын уый ирон адæмы хъысмæтыл хъарæг-æрдиаг у.

Фæлæ нæм нæма хъары нæ зонды уæрæх авналæнтæй, царды дзагæй; нæ йæ уынæм фидæны бæрзæндæй.

Ау, Хуыцауы æлгъыст уæм уыцы хуызы дæр?!

– Не стæм! Бон куы цæуа, уæд ын æнæ фарн хæсгæ нæй.

– Ома лæгæн йæ бæрзæй дæр асæттæд, æрмæст йæ ныфс та – нæ! Афтæ?

– Афтæ! Æмæ дын ацы тæккæ сахатыл æз наизусть бакæсон Алексей Толстойы иу æмдзæвгæйæ цалдæр рæнхъы...

– Æргом хæлæг дæм кæнын, уыцы кары дæр ма ахæм зæрдæ кæмæн ис!

– Æз ма дын Фетæй дæр, мæ уарзон æмæ Лев Николаевич Толстойы уарзон поэтæй дæр.

– Фет – нет! Кæс Толстойты Алексейы уон, иугæр йæ цæфыл кæм бахъуыд, уым.

– Хъус уæдæ:

*Не верь же, ко звездам взлетая,*
*Высокой избранника доле,*
*Не верь, в глубину ниспадая,*
*Что звезд не увидишь ты боле!*

– Æмæ æцæгдæр куы у ныфсвидары тыххæй. Уæдæ Секъа та, йæ ныфс кæмæн асаст, ахæм лæджы æнæнцыгæд мард хуыдта. Стæ-ма, кæд кæйдæр зондджын ныхæсты рад ралæууыд нæ кæрæдзи зæрдæджын кæныны сæрвæлтау, уæд дын æз та мæ дзыппыдаргæ блокнотæй нæхи рагфыдæлты æрдхорд Сократы табу бакæсон. А-гъа, мæнæ: «Любимый Пан и все другие боги, обитающиеся здесь1 Подарите мне внутреннюю красоту! И пусть я выгляжу таким, каков я есть! Пусть мудрость будет моим единственным имуществом, а все мое имущество пусть будет таким, чтобы я мог носить его с собой!»

– Продолжительные аплодисменты, переходящие в овацию.

– Кæнæ та – в авиацию. Кæд нæм æцæг исты тыхджынæй уыд, уæд алы съездтæ-пленумтæ-æмбырдтæ-конференциты нæ къухæмдзæгъд...

– Гъемæ нын абон дæр та мысинæгтæ-дзуринæгтæн æгъгъæд фæуæд. Бакæсæм цæлгæнæнмæ – нæ коньячы авг цалдæр бонмæ нырма чысыл йеддæмæ нæ фæкъахыр...

– Знон, ома дысон изæр нæ ныхас цæуыл балхынцъ кодтам, æнцонхалæн мæнг æлхынцъ, уый дæ, ай-гъай, нæ ферох уыдаид, и, фæсивæды минæвар.

– Уый æз дæн, мæнæ æз фæсивæды минæвар?

– Мæнæн – о: æнæхъæн фынддæс азы кæстæр мæ дæ. Дæуыл æвдай азы куы сæххæст, уæд уымæй дыууиссæдз боны раздæр та мæнæн мæхи фесты мæ фондз æмæ цыппарыссæдз азы. Куыд бæркадджын уайы фыййæутты нымад – иуырдыгæй дын нæуæдз, йæ тæккæ ныхмæ та дæс æмæ цыппарыссæдзы!

– Æнæмаст, æнæнизæй дыл æрцæуæнт!

– Дæуыл та мæ фæстæ! О, фæлæ уæддæр дысон цæуыл ахицæн нæ дзыбанды, загътай?

– Билары тыххæй дæр æмæ ма дæм хæсты хабæрттæй дæр кæд исты зæгъинæгтæ баззад, исты ма æрымысай, дæ зæрдыл ма кæд исты æрлæууа, уæд мын сæ зæгъдзынæ...

– Хæсты тыххæй æндæр ницы ма, фæлæ Билар Емазаевичы йæ куыстæй куыд истой, уый аллайаг хабар уыд – уæйыгау

тыхджын ӕмӕ бардуагау цытджын партийӕн худинаг. Фӕстаг ныхасы бар дӕр ын нал радтой... Ӕмӕ иууылдӕр уыдысты Советон Цӕдисы «серый кардинал» Сусловы фыдӕнӕн митӕ. Ацы Михаил Александрович чи у, уый, дам, махмӕ – ома Ирыстонмӕ, йӕ дӕндаг рагӕй зыхъхъыр ӕмӕ цыргъӕй дардта. Цӕвиттон, хӕст куы схӕццӕ Стъараполы онг дӕр, уӕд йӕхи ам бафӕсвӕд кодта, фӕлӕ йӕ куыд бабуц кодтой, цы цӕстӕй йӕм ракастысты, уый, дам, ӕм «корм в коня» нӕ фӕкаст, йӕ бӕрзонд бынаты аккаг ӕй нӕ барӕвдыдтой ома. Гъемӕ уӕд йӕ гуырыконд махӕй Фӕскавказмӕ айста...

Билары хуызӕн ныма̀д лӕгтӕ ӕфхӕрд баййӕфтой, зӕгъгӕ, афтӕ сӕ ницӕйаг къортотӕ фесхъӕл кӕнынц, раздӕр ын йӕ зӕвӕттӕ адджынӕн чи сдӕрдта, уыцы лӕгӕнгӕс цӕрӕгойтӕ. Сӕхи хъӕнтӕ-сынчъытӕ зыгуымы бын аныгӕнынц, се 'ндӕрӕбоны пехуымпары цъутхӕлттӕ та ӕнахъинон фурункултӕ схонынц ӕмӕ се 'ппӕт тӕригъӕдтӕ дӕр ууыл ныххуырсынц. Это психология рабов, холуев и холопов!

Уӕвгӕ та адӕймаг ӕнӕдиссаг никуы уыд: уартӕ йӕ латинӕгтӕ кӕд ӕмӕ кӕд бафиппайдтой – ома, дам, «свои грехи – за спиной, чужие перед глазами».

– Уӕллӕй-биллӕй, нӕ зондджын фыдӕлтӕ дӕр ӕй, чи зоны, ӕмӕ уыдонӕй фӕстӕдӕр нӕ фӕфиппайдтой: лӕджы тӕригъӕдтӕ, дам, хордзены ӕвӕрд сты, ӕцӕг кӕйдӕр уонтӕ хордзены раззаг цӕсты-дзӕкъулгонды, хионтӕ та дӕ фӕсрагъ.

– Афтӕ, афтӕ! Гъемӕ Кабалоевы цы пленумы истой...

– Дӕ ныхас дӕ ма ферох уӕд! Иу анекдотгонд ӕрбалӕууыд ам мӕ зӕрдыл. Лӕгхор знӕм ӕртӕ лӕджы ӕрцахстой ӕмӕ сын сӕ фӕтӕг, ома каннибалты фӕтӕг зӕгъы, ахӕм фарст нӕм чи нӕ радта, мах цы нӕ зонӕм, ахӕм, уый бахӕрдзыстӕм. Англисаг дӕр ӕмӕ сӕ францаг дӕр цӕмӕйты фарстой, уыдӕттӕ зыдтой, фӕлӕ сын уырыссаг афтӕ: «Базон-базон, уыци-уыци, партбюро цы у?» Сӕ сӕртӕ фӕхостой, сӕ зонынджындӕрты фӕфарстой – нӕй, ничи йын ницы зыдта. Гъемӕ уырыссаг аирвӕзт уый фӕрцы. Уыйау ныры фӕсивӕд дӕр нӕ зонынц, пленум циу, уый.

– Партийы обкомы уӕнгты ӕмбырд уӕд та! Гъемӕ уыцы пленумы ӕз мӕхи куыдӕй равдыстон, уый тыххӕй Дамир газеты фыста – кастаис ӕй. Чи зоны...

– Чи зоны, о, кастаин. Фӕлӕ мӕ ферох.

– Нал дын æй дзурын... Цы хицæуттæ нын уыди, цытæ кодтой!.. Адæмы зонд мур дæр ницæмæ дардтой, куыд сæ зæгъдзысты, цы сæ ахъуыды кæндзысты... Æндæр чи загътаид, Одинцов нæ ‘хсызгонæй хъæуы, зæгъгæ? Схæццæ нæм æй кодта партийы Центрон Комитеты секретарь Капитонов – цыма Иван Васильевич хуынд...

Суслов, дам, сын бафæдзæхста, сæ обком сын Ирыстонæн хорз ныммæрзут, зæгъгæ. Кабалоевы фæстæ нæм дыккаг лæгыл нымад Бурков уыд – дыккаг секретарь, Мæскуыйæ-иу сæрвыстой алы обкоммæ дæр сæхионы цæстдарæг-надсмотрщикæй, соглядатайæ. Æмæ ныр Бурковы дæр æнæнхъæлæджы куы асхуыстой йæ хъарм бынатæй, уæд ставд цæссыгæй, мæгуырæг, куыдта, æз та, дам, цы азымджын фæдæн, зæгъгæ. Систой ме ‘рвады дæр, идеологон хайады секретары – Агуыбейы... Æмæ нæ исчи схъихъхъ кодта, хъæбатыр алантæй, хæсты, нæ хъæбатырты нымæцмæ гæсгæ, æппæты разæй чи фæцис, уыцы сахъ ирон адæмæй? Ответ подразумевается... Нæ, мæхи кой не скæндзынæн! Фыст у уый Дамирмæ...

– Уæдæ дын æз Агуыбейы тыххæй зæгъон, æмæ уыцы цау уымæн йæ фыдæлты хорз тугыл дзурæг фæуæд, мæнæн та... Куыд дæлдзинæггонд уыдыстæм хуымæтæг адæм, куыд ссæст, куыд цагъаруаг, æмæ мæ хуымæтæг курдиат та æнахуыр къæйныхау кæй рауад, кæнæ та суанг цыдæр хъæбатыр уæндон, барæнæбары дæр ме ‘хсарджыныл дзурæг, цы бауæндыд, цы, зæгъгæ... Цæвиттон, Агуыбейы Заманхъулмæ цы хур-цы къæвда ‘рхаста, уый нæ зонын, фæлæ мæн нæхимæ – уæд Беслæныхъæуы цардыстæм мæ мадимæ, – цæуын хъуыд. Автобус та уыдзæн – нæ уыдзæн, уый-иу дыууæйыл уыд арæх. Фæлæ мæнæ йæ сау-сауид ног «Волгæ»-йы ныртæккæ бабаддзæн хæрз иунæгæй æмæ горæтмæ Беслæныхъæуы сæрты адугъ кæндзæн уалæ æврæгъты сæрмæ бадæг хицау – Кучиты Агуыбе. Батæр, мæнæйуый, дæ цæсгом, адæмы мæтæй æгъуыссæг æхсæвтæ чи ‘рвиты, уыцы коммунист куы у – æмæ дæхæдæг дæр ахæм куы уаис партийы рæнхъыты! – науæд ма дæ кæд чи аласдзæн «Волгæ»-йы, ноджы обкомы машинæйы!

*Мæгуыр дæ, мæлдзыг, мæгуыр дæ –*
*Мыд дæр дын ничи авæры!..*

Ирон лæгæй никуы никæмæ дзырдтон уырыссагау йæ фыды номимæ. Мæ ахуырдзауты дæр иронау дзургæйæ мæхимæ ‘рмæст

Барис дзурын кодтон ӕнӕ Мустаевичӕй. Ӕмӕ йӕм уыцы хуызы – ирон ӕгъдауы хуызы – дзурын:

– Агуыбе...

Разылд мӕм. Фӕлмӕндзастӕй мӕм кӕсы.

– Ӕз дӕр уемӕ куы фӕбӕлццон уаин... Бесланы онг, уӕд ӕй нӕ сыхӕгты зӕронд усӕн дӕр радзурин царциаты ӕнӕрцӕугӕ ӕмбисондау.

– Табуафси, – ӕмӕ мын раззаг бадӕнмӕ ацамыдта.

Бирӕ, фыдбирӕ азтӕ рауад уӕдӕй фӕстӕмӕ – дыууиссӕдзӕй къаддӕр нӕ уыдисты, – афтӕ йын иу ӕмбырды адӕмы 'хсӕн ногӕй бузныг загътон, ӕмӕ йын, зӕронд лӕгӕн, фехсызгон.

Фӕлӕ афтӕ, хорз Бибойы сахъ фырт Эльбрус, уыцы идеологи уыд щелочь, ӕлдыгъ, хорз хӕдзайраг лӕппуты удтӕ дӕр чи хордта, сыхырна сын сӕ чи кодта, ахӕм ацудас. Ӕмӕ Билар дӕр уымӕн нымадта йӕ царды фӕстаг бонмӕ ирон адӕмӕн номгӕнӕг, кадхӕссӕг, Токаты домбай зонд Георги-Гогкийы нӕ бӕстӕйыл гадзрахатӕй цӕуӕгыл. Ӕмӕ уыйадыл йӕ фехсыныл дӕр схъӕлӕс кодтаид, Тройкӕйы уӕнг уӕвгӕйӕ. Нӕ иннӕ обкомы секретарь-иу куыд кодта, нӕ иннӕ бирӕ хӕрзӕджытыл тӕригъӕддаг тӕрхонгӕнгӕйӕ, раст афтӕ. Ныр ӕнусон дӕле, – кӕм сты, – уым сӕхӕдӕг фидауӕнт, ӕз та сын – мӕ мӕгуырау зонд ӕмӕ 'фхӕрд удӕй – нӕ барын нӕ хӕрзӕджыты рӕстудӕй сухты цагъд.

Фӕлӕ быхсын, сӕ дунембарынадӕй, се сталинон зондахастӕй мын раст фыдгулау чи у фысджытӕй, уыдонӕн дӕр. Ӕцӕг та ахӕмты тыхы дуг куы 'рцӕуид, уӕд та сӕ найгӕнӕн локомобиль ӕхсӕвӕй-бонӕй ӕвзаргӕ лӕгты туджы терчытӕ уадзид, уымӕн ӕмӕ ӕппындӕр нӕ аивтой, знӕтдӕр, тугмондагдӕр ма цы фесты, ӕндӕр.

Иу зындгонд фыссӕг та нӕ суанг Куыдзӕгыл дӕр ӕрымысыд тугдзыхы монцтӕ: хибарӕй, лӕгӕй-лӕгмӕ ныхасгӕнгӕйӕ, дам, мын басаст, ӕхсидгӕ, зынгзӕрдӕ, ӕнӕфӕцудгӕ троцкист кӕй уыд, ууыл ӕмӕ йын загъта, чи зоны, ӕмӕ, дам, мах, троцкисттӕ, ноджы фыддӕртӕ фӕуыдаиккам коммунисттӕн дӕр ӕмӕ Сталинӕн дӕр. Стӕй, ӕвӕццӕгӕн ӕмӕ, троцкист дӕр чи нӕ уыд ӕмӕ коммунист дӕр, уыцы рӕстзонд, рӕстзӕрдӕ, рӕстмӕдзу адӕмӕн дӕр! Ӕвдисӕн нӕй сӕ ныхӕстӕн, фӕлӕ цыфӕндыйӕ дӕр ахӕм зонд Куыдзӕджы зондӕнгӕс нӕу!

Къубалты Алыксандр йӕ заманы гъӕйттӕй ахуыргонд лӕг

уыд, 1899 азы фæцис Киевы университеты юридикон факультет. Æмæ йæ куы ‘рцахстой æртын æвзæм азы æмæ йæ азымджын куы кодтой, троцкист дæ ды дæр та, зæгъгæ, уæд сæ фарста, уый та, дам, циу, уый – троцкист?

Уæвгæ та, кæд исчи æцæг разагъды троцкист уыд, æмæ уыйадыл адæмæн цыфыддæр знаг, уæд тиранты тирандæр, Гитлеры, дам, йæ дзыппы чи сæвæрдтаид, уыцы гыццылты гыццылдæр æмæ стырты стырдæр, цъаммарты цъаммардæр – зондæй дæр æмæ налат æхсарæй дæр! – нæхион, гуырдзиаг хæрæфырт «с широкой грудью осетина».

Уыцы зындгонд, Иры къуындæг дзыхъхъы дæрдтыл нæргæ фыссæгæн та афтæ зæгъын: æвдисæн дын куы нæ уа АХÆМ тугмысæн ныхæстæн, уæд сæ, дзургæ кæд кæныс, уæддæр гæххæтмæ ма хæсс: что написано пером – не вырубишь топором! Ноджы ма дæ дзырд æнæгуырысхойаг куы нæ уа, уæд. Ноджы дæ ничи зоны Куыдзæджы иузæрдион хæларæй...

– Сымах, ома фысджыты къæбæр дæр, зынæууилæн у, стæй хъæлæсы дæр лæгъзæй нæ ацæуы – мæнмæ гæсгæ...

– Куыдæй уа адджын лæгæн йæ комдзаг, дунейы уынджы цытæ цæуы, уыдон уынгæйæ? Демократон цардарæзт дæр сæ зонджынтæй кæцæй у, кæд æмæ условия наибольшего благоприятствования йæ цыфыддæр йе знæгтæн аразы, уæд: цы сæ фæнды, уый дзургæ дæр æмæ фысгæ дæр кæнынц. Суанг ма дардмæ хауаг паддзахы булава-золочъийæ дæр нæ тæрсынц: абоны хицаудзинад оккупацион схонынц коммуныстæ, Сосойæн ног цыртдзæвæнтæ æвæрынц, йæ номыл та йын уынгтæ хонынц...

Иу сем нæ, иу, фæлæ нын раст авд семы дæр зонд не сты, ома ивгъуыды бæллæхтæ æмæ рæдыдтыл нæ ахуыр кæнæм, гъемæ та сæ ногæй-ногмæ бавзарæм...

– История, дам, учит только тому, что она ничему не учит.

– Дæ хъуыддаг раст, Эльбрус, дæуæн дæр! Афтæмæй нын нæ разагъды фыдæлтæ та цас сызгъæрин фæдзæхстытæ ныууагътой – уæлдайдæр, куы ма йæ загътон, мæнæ ахæм, иу лæг дзыллæйæн фæтк нæу, зæгъгæ. Алы адæмыхатт дæр йæхи тыххæй истори æмæ Хуыцауы раз дзуапп дæтдзæн, фæлæ та лæгæн йæхион йæхион у æмæ цы зæрдæсауæвзалыгæнæн хъыг у лæгæн, Киплинджы ныхæстæ мæнæ афтæ æрыздухæн кæй нæй, мах нучы ауадзæн, уый: «Никогда, никогда, никогда осетины не будут рабами!»

Хорз лæг, дам, дзыхъхъæй дæр зыны, фæлæ йæ бынат уæддæр уым нæй – худинаг у фыдæлæй, стæй... Стæй мæнæ дæуæй дæр æмæ де 'дзард хæстон æмбæлттæй: лæджы сæрыстырдзинады охыл хастат уæ рæзгæ цард нывондæн. Хастат æмæ йæ милуантæ 'рхастой. Мæ фыд Мустæ-Хадзымуссæ дæр семæ...

– Æмбарын дæ, лæппу, æмбарын, фæлæ мæм дæ масты цыппаркъухон цæдджинаг æгæр пæлхъ-пæлхъæй рафыцæгау кæсы, æмæ фæлтау вернемся к нашим баранам. О, куыдæй, цы уавæрты равзæрдаид ацы дзырдбаст, уый нæ зоныс, филолог? Нæ ныхасы зæронд фæдмæ – цалхвæдмæ! – раздæхæм, зæгъгæ, амоны, ома мæ цардвæндаджы хабæрттæм, фæлæ цавæр фыстæбарантæ сты, уый та сæ фыййау зондзæн...

– Цæвиттоны хъуыддагæн, хабар афтæ цыма уыд... Иу хъæздыг лæг иу фыййауы тæрхондоны зылын кæны, ай, дам, мын мæ дзугæй цалдæр тохъхъылы адавта, зæгъгæ. Уалынджы фæзынд фыййауы сæрылдзурæг æвдакат дæр. Хъæздыг лæг æй ауыдта цы – уыйырдæм фæци: «Ды та мын, æфстау мæ цы хæдойнаг ахастай, уый аргъ кæд бафиддзынæ?»

Æмæ йæ куы нал æмæ куы нал уагъта æвдакаты, уæд ын тæрхонылæг афтæ бакодта, вернемся к нашим баранам, зæгъгæ.

– Мæнæ сауджын æрдиаггæнæг усæн куыд загъта, о сауджын, о сауджын кæныны бæсты фæстæмæ, джитъритæ мын уарзта нæ лæг, зæгъгæ, райдай дзурын, афтæ, нæ?

– О, сæ мидис æмхуызон у...

– Гъемæ мæ царды фæллад бæхыл дарддæр цæуæм уæдæ... Мæ зæрдыл бирæ цыдæртæ кæй дарын, уымæ мын хæлæг дзæгъæлы кæныс: айрох вæййынц мæнæй дæр ахсджиаг цыдæртæ, зæрдæйы фæскъуым сæхи банордынц...

Царды абухгæ фæйлауæнты бæмбæджы тыхт ничи уыдзæн, фæлæ уæддæр мæ фæлтæр дæр æмæ мах ныййарджытæ дæр цытæ бавзæрстой, цæмæнты фæбыхстой, уыдæттæй хызт уæнт абоны æмæ фидæны фæлтæртæ, иу сем сын сем уæвгæйæ...

Краснодары мын сæрмагонд къамис æхсæз мæйы æмгъуыдмæ Фыдыбæстæйы стыр хæсты инвалиды бартæ радта. Ссыдтæн нæхимæ, Къардоны амбулаторимæ бон-дыууæ боны цухæй цæуын, фæлæ нæй, къух нæ рæстмæ кæны – цонг сисын мæ бон у, фæлæ æнгуылдзтæ нæ кусынц, нæ коммæ кæсынц. Æмæ мыл уæд районы æфсæддон къамис æртыккаг къорды инвалиды гакк сæвæрдта, хæстмæ аздæхынæй мæ ссæрибар кодта.

Хъæу та... Хъæу та раст хаст æмæ æдзæрæгау: иуæй-иутæ дзы цæфтæ, уæнгхъуæгтæй, цагъды уæлдæйттæй сыздæхтысты; иннæтæ – уыдон дæр стæм иуæй-иутæ, уæвгæ дæр нæ ацыдысты фронтмæ – цы ‘фсон, цы ‘гъдауæй баззадысты, уый мын зындгонд нæу, сæхи та не ‘мбæхстой. Нæ хъæуæй дæр дзы хæсты быдыры дзæвгар баззад цардбæллон фæсивæд. Сагсур, сагартæн фæсивæд. Стæй тыхджын курдиатджынтæ, стыр фидæн кæмæ каст, ахæмтæ дæр ма! Нæхи Валодя, уæлдайдæр та Калоты Хазби...

Гъемæ мах та – иудадзыг хуынды адæм, ме ‘мгæрттæ, ноджы хистæрдæртæ. Абон куывд, райсом чызгæрвыст, чындзхаст, кæнæ та – фидиссагæн ноздзуан-хæрддзуангæнджытыл цы баныхæстой, уый – авдæнбæттæнтæ. Ныр хæдзары та мæ кæстæр Игорь, уæдмæ йæ фынддæс азы йæхи фесты. Лизæ нæй: дыккаг хатт æм фæсидтысты хæстмæ, кæронмæ дзы фæцис, Чехословакимæ бахæццæ... Æмæ – нæ мад Сона та æцæг перпетуум мобиле: сау бон изæрмæ быдыры, стæй та хæдзары æгæрон куыстытæ-змæлæнтæ-зилæнтæ.

Æрвылизæр дæр йе ‘ккой фароны нартхоры хус хъæдтæ æргъомбастæй æрхæссы æмæ сæ цæхæрадоны рæгъ амайы, цъынаамад сæ кæны – уый та зымæгмæ пецы арт кæнынæн. Суг та?.. Суг та нæй: хъæдæй йе ‘рласынæн колхоз бæх нæ дæтты – йæхи хабæрттæй адæммæ никуы ‘вдæлынц. Кæд ма-иу Беслæны ныртхоры комбинатæй дæ къухы æфсирты хъузг æрбаласын бафтыдаид – дæ хъул сах абадт: тъæнджы мæй дæ хæдзар чысыл бахъарм уыдзæн, хæринаг ыл сахатмæ рафыцдзæн. Хъæллæгътæй арты та нæдæр тых, нæдæр хъарм – уайтагъд атыр-тыр кæны...

*Уыдзæн ма*

# МИГЕЛЬ ДЕ УНАМУНО: 150 АЗЫ



*Мигель де Унамуно (1864–1936) у дунеон литературæйы классик, прозаик, поэт, драматург, философ-академик. Райгуырди Баскты Бæстæйы (Испанийы иу хай). Йæ мадæлон æвзаг баскаг уыди, фæлæ фысгæ испайнагау кодта. Уый йын йæ уацмысты уагæн радта цавæрдæр оригиналон хуыз. Номдзыд философ Ортега-и-Гассет афтæ фыста: «Æвзаг куы сахуыр кæнæм, уæд нæ хъуыды йæхи скъуыры хицæн дзырдтыл. Унамуно арæх, дисгæнгæйæ, æрлæууы дзырды раз, цæмæй дзы ссара, фена, хуымæтæг ныхасы йын цы нысаниуæг ис, уымæй бирæ фылдæр диссæгтæ. Дзырдæй æрвылбон куы фæпайда кæнæм, уæд йæ рæсуг мидис æххæстæй нæ фæзыны».*

*Унамуно у бирæ æмдзæвгæты, радзырдты, уацауты, романты, публицистон уацты автор. Уыдоны ирдæй равдыста йæ рæстæджы испайнаг адæмы цард, хицæутты æнаккаг митæ. 1924 азы рауагъта къорд уацы æмæ памфлеты, карзæй дзырдта къарол Альфонс XIII æмæ Примо де Риверæйы хæстон диктатурæйы ныхмæ. Уый тыххæй йæ æрцахстой æмæ йæ ахастой Канары сакъадæхтæм. Уырдыгæй Унамуно алыгъди Францмæ. Хасты фæци авд азы. Уым дæр йæ тох нæ уагъта, хурмæ хаста, йæ алыварс цы аиппытæ уыдта, уыдон, æвдыста бынатылмард хицæутты чъизи цæсгæмттæ. Йе 'мдзæвгæтæй иуы бæрзондылбадæг вельможæтæм, жандармтæм афтæ дзуры:*

Сымах ыстут нæ фыдызæххыл хастау,
Испанийæн æцæгæлон – уæ хъæстæ.
Мæнæн та ам, æцæгæлæтты астæу,
цæры мæ риуы, амондау, мæ бæстæ.

# ХУАН МАНСО*

## МÆРДТЫ ТЫХХÆЙ ТАУРÆГЪ

Дзурынц алцы тæригъæдджын, мæнг дунейы, дам, цардис æмæ уыдис Хуыцауæй арфæгонд, æвæлмас æмæ сабыр адæймаг Хуан Мансо. Йæ цард-цæрæнбонты бындзы хъыджы дæр никуы бацыди. Саби ма куы уыд, уæд-иу йе 'мбæлттимæ хъазыди

* Мансо – испайнаг дзырд, амоны: сабыр, тæнзæрдæ.

«хæрæгæй» æмæ-иу кæддæриддæр хæрæджы бынаты баззад. Йæ карæн лæппутæ йæ нымадтой сæ уарзон æмгарыл, сусæг дзы ницы кодтой. Куы слæгтæ сты, уæд дæр æм дзырдтой буц номæй – Хуанито.

Хуанæн йæ царды ахсджиагдæр фæтк уыди: «Мæн уым ницы хъуыддаг ис». Иудадзыг тырныдта, цæмæй адæмы цæсты йæхи мацæмæй бафтауа, уымæ. А дунейыл æм æппæтæй хуыздæр та касти хурмæ йæхи тавын.

Мансойæн политикæ уыд йæ уды уæнгæл, æмгæрон нæ цыд, æнцад-æнцойæ цæрын æй цы нæ уагъта, ахæм хъуыддæгтæм. Цæргæ та кодта, цы чысыл æфтиæгтæ йæм хауд, уыдонæй. Йæ исбон фæкъахыр кæныны бæсты йæ фæлтау амар. Хуыцауыл æууæндыди, быцæутæ-йедтæ кæм уыд, уырдыгæй-иу йæхи иуварс айста, æмæ йæм кæд адæм иууылдæр æвзæр кастысты, нæ сæ уарзта, уæддæр алкæй дæр хуыдта хорз.

Политикæйы фæдыл-иу исчи йемæ ныхас кæнын куы райдыдта, уæд-иу Хуан дзуапп радта:

– Æмæ æз цы дæн, хуымæтæджы пешкæ, ничи, мæнæн къаролæй тъурайæ уæлдай нæй. Мæгуыр тæригъæдджын адæймаг дæн æмæ хъуыды кæнын æрмæст иу хъуыддагыл: хъуамæ мын а дунейыл æппындæр знаг ма уа.

Гъе, фæлæ йæ йе вæлмас, сабыр удахаст нæ фервæзын кодта, æмæ иуахæмы йе цæг дунемæ ацыд. Æрмæстдæр уыцы иунæг хабарæй бафтыдта йæхи адæмы цæсты. Æндæр никуы ницы хъуыддаг сарæзта йæ цард, цæрæнбонты.

Зæд сырхзынг егъау кардимæ лæууыди мæрдты бæсты дуармæ æмæ удты æрвыста, кæмæн кæдæм æмбæлд, уырдæм. Йæ къухы дардта номхыгъд, хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр чи цы ракодта, уыдон фыст уыдысты уыцы гæххæтты. Номхыгъдтæ та цæттæ кодтой сæрмагонд регистрацион уаты. Раст мæнæ президенты бынатмæ æвзæрстыты рæстæг куыд вæййы, афтæ ам стъолты уæлхъус бадтысты зæдтæ æмæ дæлимонтæ æмæ æмзонд-æмзæрдæйæ лæмбынæг æвзæрстой, мæнг дунейæ æцæг дунемæ чи цыд, уыдоны документтæ. Фæрæдийæн кæнæ исты галиу ми бакæнæн дзы ницы хуызы уыди.

Регистрацион пунктмæ бахизæны цур фæз... Тæккæ стырдæр корридæйы бон куы вæййы, уæд дæр ма цирчы кассæйы алыварс адæм афтæ фæкæнынц гуылвæндтæ. Бæстæ схъомпал, дзолгъо-

молгъо, быцæу ныхасæй хъустæ къуырма кодтой. Алчидæр тырныдта йе ‘нусон хъысмæт базонынмæ, æмæ бынтондæр сæмтъеры сты. Мин-мин æвзагыл азæлыдысты æлгъыстытæ, лæгъстæтæ, уайдзæфтæ, æфхæрæн ныхæстæ, сонт хъæртæ, хатыртæ. Гъемæ, мæгуыр, Хуан Мансо йæхицæн загъта: «Ацы загъдкъахæг, æнæджелбетт, æнæчетар адæмимæ мæ цы хъуыддаг ис? Адон иууылдæр æнæхсæст æрра-бæгъатæ куы сты».

Йæ ныхæстæ загъта йæ фындзы бын гуым-гуымгæнгæйæ, куыд ничи йæ фехъуса, афтæ.

Фæлæ – диссаг! – сырхзынг егъау цирхъ кæмæ уыд, уыцы зæд æм йæ хъус æрдардта, æмæ Мансойæн бантысти, дзæнæтмæ цы фæндаг цыд, уымæ бахауын. Араст хъавгæ, цыма йæ алы къахдзæф дæр баргæ кодта, уыйау. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу, цины хъыллиппытæгæнгæ йæ цурты аразæй сты адæмы къордтæ. Кодтой дины зарджытæ, кафыдысты. Сæ цинæн бæрц кæй нæ зыдтой, уый Хуаны зæрдæмæ нæ цыд: ау, йæ бынат дзæнæтбæстæ кæмæн уыдзæн, уыдон хъуамæ ахæм æнæфенд митæ кæной!

Фæндаджы фæхæрдгæнæнмæ куы бахæццæ сты, уæд Хуан ауыдта бирæ адæм – дзæнæты сисрæбын лæууыдысты, æнхъæлмæ кæсынæй сæ цæстытæ ныуурс ысты. Цалдæр зæды, пъæлицæйы кусджытау, сæ цæст дардтой фæндаггæттæм.

Хуан æрлæууыди рады тæккæ кæрон. Уалынджы дын иу францискаг куы фæзынид æмæ нæ сабыр, æвæлмас дзæнæты бадинагæн лæгъстæтæм куы бавналид, дæ разæй, дам мæ бауадз, дæ хорзæхæй, сыгъдæгудты бынатмæ, дам мæ æвæстиатæй бахауын хъæуы, мæ хорз æрдхорд, дам мæм æнхъæлмæ кæсы. Хуан ыл бауусæндыд æмæ йæ, ай-гъай, йæ разæй бауагъта, йæхинымæры та загъта: «Дзæнæты къæсæрыл хорз æмбалыл куы фæхæст уай, уæд уый амонд у».

Уалынмæ та дын иу æндæр ахæм куы фæзынид æмæ Хуанæй курын куы байдаид, дæ разæй мæ фæкæн, дæ фыды хатырæй, зæгъгæ. Бауагъта та уый дæр нæ уæздан, нæ фырнымд гуырд. Уый фæстæ дæр ма цал æмæ цалæн бацыди хорзы Хуан Мансо – хæйрæг дæр сæ нал банымайдзæн. Ахæм рæдау зæрдæйы хицау уыд ацы хуыцауысконд адæймаг. Æмæ уайсахат хъус-хъус ацыд йæ фарны кой, дардыл чи ныххал, уыцы дзæнæтдзаутæ йæ дзыхæй-дзыхмæ истой. Тæхудиаг куыд нæ уыди Хуан Мансо – йæ хорз номы цагъар ацис æмбойны.

Хуанмæ афтæ касти, цыма, рады куы ‘рлæууыд, уæдæй нырмæ

æнæхъæн æнус рацыд. Æмæ дын æппынфæстаг нæ сабыр урс уæрыкк куы сæмбæлид иу сыгъдæгуд æмæ ахуыргонд епископимæ. Уый уыди Мансойæн йе 'фсымæртæй иуы фырты фырт. Хуан Мансо йын йæ хъæстытæ фæкодта, æмæ йын епископ зæрдæ бавæрдта баххуыс кæнынæй. Хуан дæр æбузн нæ уыд, ай-гъай, æмæ йæ йæ разæй бауагъта.

Епископ дзæнæтмæ бацыд. Йæ дзырдæн хицау куыннæ хъуамæ разындаид! Гъемæ уæзданæй Сфæлдисæджы цур æрлæууыдис. Йæ ныхæстæм ын Сфæлдисæг тынг зæрдиагæй нæ хъуыста. Епископ ма цыдæр зæгъинаг кæй у, уый куы бамбæрста, уæд ын афтæ:

– Постскриптумтæ-йедтæм мæ не 'вдæлы.

Епископ банкъардта: Хуыцауы тызмæг æнгас ын йæ зæрдæ арцау фæрæхуыста.

– Сеньор, далæ сисрæбын рады дæ цагъартæй иу удхарæй мæлы æмæ йын исты мадзал...

– Дæ тутт ныхæстæ ныууадз, – æрвнæрæгау райхъуысти Сфæлдисæджы хъæлæс. – Хуан Мансойæ зæгъыс?

– О, сеньор, Хуан Мансойæ. Кæдæй-нырмæ...

– Хорз, хорз! Уый хуыздæр аккаг нæу. Дæуæн та дæ цæхдон кæм нæ уа, уым дæ къæбæр ма тул. – Æмæ Хуыцау, йæ цуры цы зæд лæууыд, уымæ раздæхт: – Бадзур иннæмæ!

Дзæнæтмæ рады чи лæууыд, уыцы амондджынтæй иуæн дæр йæ цинæй фæхъауæн ницы хуызы уыди. Фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн! Нæ сыгъдæгуд æмæ ахуыргонд епископ уыдонæй нæ разынди: Хуыцауимæ фембæлды фæстæ йæ цин фæкъахыр. Дзæнæты сисрæбынты, дуртыл æнцой кæнгæйæ, æрхызт æмæ йе 'фсымæры фырты фыртмæ бадзырдта:

– Тæригъæд дын бæргæ кæнын, мæ фыды фыды 'фсымæр... Сау хъыг мын мæ зæрдæ æууилы, мæ хъæбул! Сфæлдисæг афтæ зæгъы, дæуæй уый, дам, цы аккаг уыд, уый бавзæрста. Мæнæн та афтæ, дæ цæхдон, дам, кæм нæ уа, уым дæ къæбæр ма тул. Ды та ма ныр дæр кæронæй лæууыс?! Уæууæй, уæууæй, мæ хъæбул! Дæ тыхтæ æрбамбырд кæн, фидар фæлæуу æмæ амæй фæстæмæ дæ разæй макæйуал бауадз!

– Ехх, ме 'фсымæры фырты фырт, уыдæттæ мæ бон куы уаид, уæд бæргæ, фæлæ! – фæхъæр ласта Хуан Мансо, æмæ йæ цæссыгтæ, хъæдуры гагатау, йæ уадултыл æртылдысты.

Фæлæ байрæджы: уæздан æмæ хæларзæрдæйы ном ыл бæргæ сбадтис, фæлæ æгæр уæззау разынд уыцы уаргъ, йæ ныфс ын

бынтондæр асаста, æмæ йын йæ бынат кургæ нал кодтой, фæлæ исгæ. О, лæгдыхæй исгæ!

Уæнтæхъил, сæргуыбырæй рахызти радæй æмæ мæрдты бæсты æдзæрæг быдырты араст. Цыди куырмæджы цæуæгау æмæ боныфæстагмæ иу фæндагмæ æрбафтыди. Уыцы фæндагыл бирæ адæм цыди. Цæугæ та кодтой гуыбыртæ мæ уæнтæхъилæй. Хуан дæр сæ фæдыл фæраст, уæдæ цы уыдаид, æмæ дын иуахæмы тæригъæдтæ сыгъдæггæнæн бынаты кулдуары раз куы февзæрид.

«Ардæм, æвæццæгæн, æнцондæр бахауæн у, – ахъуыды кодта лæг, – æмæ иугæр куы бахауон, уæд мæ комкоммæ уæларвмæ арвитдзысты».

– Гъей, æфсымæр, кæдæм цæуыс?

Хуан фæкаст. Йæ уæлхъус лæууыди зæд. Уыдис ыл цыллæ дзыкъуыладжын худ, йæ фæсхъус та цавæрдæр маргъы сис.

Зæд Хуанмæ каст йæ кæсæнцæстыты сæрты. Сæрæй къæхтæм ыл йæ цæст æрхаста, стæй йæ чъылдымырдæм разилын кодта. Æппынфæстаг ын тарæрфыгæй загъта:

– Гъы, ахæм æнахъинон хабарыл никуыма сæмбæлдтæн. Къахæй-къухмæ цъæх куы дæ. Арыхъсапондонæй дзаг аджы дæ куы ныппарæм, уæд дзы æнæхъæнæй куы атайдзынæ. Фæлтау дзæнæты дуарырдæм дæхи айс.

«Дзæнæты дуар!»

Хуан уыцы ныхас куы фехъуыста, уæд мастæй йæ зæрдæ адæнгæл. Йæ царды бонты фыццаг хатт рамæсты афтæ тынг. Цыфæнды хиуылхæцгæ, бараг адæймаг дæр нæ бафæрæзтаид ахæм æфхæрдæн: ацы зæд цыма раст бынтон æдылыимæ ныхас кæны!

Йæ ныфс бынтондæр асаст, афтæмæй араст и зындонмæ фæндагыл. Ам радæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæ уыдис. Уæрæх æмæ бæрзонд рудзгуытæй æддæмæ бырстой бæзджын, сау мылазон фæздæджы къуыбылæйттæ, мидæгæй хъуыст æвирхъау гыбар-гыбур, æнахуыр уынæртæ. Къæсæрыл бадт иу мæгуыр хæйрæг, хъисын фæндырæй цагъта æмæ фæсус хъæлæсæй хъæр кодта:

– Сеньортæ, саккаг кæнут мидæмæ... Ам сымах бакæсдзыстут адæймаджы комедимæ... Табуафси, кæмæндæриддæр цæуыны бар ис...

Хуан Мансо йæ цæстытæ бацъынд кодта.

– Гъей, æфсымæр, æрлæуу! – фæхъæр ласта мæгуыр хæйрæг.

– Омæ, алкæмæн дæр цæуыны бар ис, зæгъгæ, куы загътай.

– О, фæлæ хъуыддаг куыд у, уый зоныс? – йæ къæдзил лæгъзытæгæнгæ зæрдиагæй дзурын райдыдта хæйрæг. – Æфсармæй ма нæм цыдæр муртæ аззади... Стæй, раст дын куы зæгъон, уæд... ды...

– Хорз, хорз, – дзуапп радта Хуан Мансо æмæ разылди: фæздæг йæ уæнгæл уыд.

Æмæ ма йæ хъус ацахста, хæйрæджы рихиты бынæй цы ныхас райхъуыст, уый: «Мæгуырæг!»

«Мæгуырæг! Суанг ма мын хæйрæг дæр тæригъæд кæны».

Уæдæй фæстæмæ йæ хал йæ бæндæн фæхауд, йæ зæрдæ асаст æмæ æнæсæрфат рахау-бахау кодта мæрдты бæсты æнæкæрон быдырты. Мæнæ æхсныфы океаны уылæнтæ куыд раппар-баппар кæной, афтæ æппындæр æнцой нал зыдта.

Иуахæмы цыдæр æхцон тæф йæ фындзыл ауади. Æвæццæгæн, дзæнæтæй цæуы ацы диссаджы тæф, зæгъгæ, йæхи байста йæ зонгæ сисырдæм æмæ смудын байдыдта – мидæгæй цы хæринаг кæнынц, уый базонын æй тынг æрфæндыди. Фæссихор уыд, æмæ Сфæлдисæг тезгъо кодта дзæнæты райдзаст къохы. Хуан Мансо сисы цур æрлæууыд. Уæле йæм Дунесфæлдисæджы сæр куы разынд, уæд йæ цæнгтæ хæрдмæ систа æмæ удаистæй сдзырдта:

– О ме Сфæлдисæг! Тæнзæрдæ, æнæмаст адæймæгтæн куы æвæрдтай зæрдæ дæ дзæнæтæй...

– О, фæлæ бахъуаджы сахат рæхойын дæр чи базона, ахæмтæн, йæ сыкъатæ æмбæхстæй чи дары, ахæмтæн нæ, фæлæ.

Сфæлдисæг уыцы ныхæстæ загъта, стæй Хуан Мансомæ йæ чъылдым раздæхта.

Рагон таурæгъ куыд дзуры, афтæмæй Хуыцау уæддæр фæтæригъæд кодта Хуанæн æмæ йын фæстæмæ тæригъæдджын, мæнг дунемæ раздæхыны бар радта. Уым Хуан Мансо йæхи æндæрхуызон дарын райдыдта: кæуыл хæст кодта, уыдонмæ лæбурдта æгъатырæй, æфхæрдта сæ бынтон ницæй тыххæй дæр. Дыккаг хатт куы амард, уæд, рады чи лæууыд, уыдоны фæйнæрдæм азыввыттытæ ласта æмæ дзæнæты скуыси. Уым æппынæдзух уыцы иу ныхас кодта:

– Адæймагæн зæххыл цæрын цыфæнды карз хæсты хæцынæй зындæр у!


Miguel
de Unamuno
Vida de Don Quijote
y Sancho
Biblioteca Unamuno
Alianza Editorial


МИГЕЛЬ ДЕ УНАМУНО
ЖИТИЕ
ДОН КИХОТА
И САНЧО

* * *

Цы тых и, цы фарн и кристаллы,
кæцæй рантыст утæппæт рухс? –
Æнусы куыд ивта æнус,
ыстъалымæ афтæ ыстъалы
йæ цæхæр æфтыдта – ныццæндтæ:
хуыдалынджы мин азты сыгъд,
кристалл дзы æрцыди фæрсыгъд,
ныр цупæлттау калы тæмæнтæ.
Уый хурмæ фæзыны фæлурсæй,
фæлæ йын нæй тары æмбал –
æрттывдтытæ калы кристалл...
Хуыдалынг – йæ ратæдзæн рухсæн.

## НÆ ХИЦÆУТТÆМ

Сымах ыстут нæ фыдызæххыл хастау,
Испанийæн æцæгæлон – уæ хъæстæ.
Мæнæн та ам, æцæгæлæтты астæу,
цæры мæ риуы, амондау, мæ бæстæ.

* * *

Мæ уды зæхх, мæ сагъæс,
мæ зæххы уд, мæ цард,
мæ амонд дæр мын ахæсс,
уæддæр мæ ма у дард.

Цы дæн æнæ дæу, чи дæн?
Фыдызнæгтæн – мысан.
Мæ уды зæхх – мæ фидæн,
мæ зæххы уд – мæ фарн.

## ИУНÆДЖЫ БОН

О ме ‘нтъыснæг уд, иунæг дæ, æвæгæс,
æдзæрæг бæсты аууонау хæтыс,
нæй иу дæр ахæм, чи ‘мбара дæ тыхст,
æцæгæлон у дунейæн дæ хъæлæс.

Хъысмæты цур æнæбон дæ, æвæрæз,
йæ хъомысæй дæ ардæм дæр æрвыст...
Гиенæты бал д‘ алыварс æртыхст,
æвзиды дæм уæлæрвтæй та «хъæндзæргæс».

Цард – Иунæджы Бон. Ирвæзæн дзы нæй.
Дæу рардæуыдис иунæгæй. Фæстæмæ
фæцу, мæ иунæг, де ‘цæджы бæстæмæ.

Дæ хай мын фесты удхæрттæ æрдзæй.
Дæу Иунæджы Бон хъуыд æмæ йæ ссардтай,
æнтъыснæг уд, цæуыл ма у дæ катай?

* * *

Мæ уды туг, испайнаг æвзаг, ды.
Кæм азæлай, ис уыцы ран мæ бæстæ.
Дæумæ хъусгæ мæ тыхыл тых æфты,
æнхъæвзы донау дунейыл дæ хъæстæ.

Латинаг дзырдæн чи скодта цæсгом?
Сенекæ: уый дæ туг уыд æмæ де стæг.
Европæ сси дæ ахъазæй цæрдхъом,
æниу бæстыл кæм нæ чындæуы «де стæн!»

У науау ме ‘взаг – айгæрста фæндаг
æгæрон фурды, ал‘ адæмтæй дзаг –
Рисалы* æмæ Хуаресы** фæдонтæй.

Испайнаг æвзаг, цæр æмæ мын цæр!
Нæ пехуымпар Сервантес дыл кæддæр
Евангели ныффыста – Дон Кихотæй.

* * *

Мæ адæмы ‘взаг, ма мæ бамбæхс, курын,
дæ сусæгтæ. Дæ рæбынты цы ис?
Дæ хæзнаты рухс атар кæнид хуры.
Дæ хъæбулæн дæ диссæгтæ æвдис.

* Хосе Рисаль – номдзыд филиппинаг ахуыргонд æмæ фыссæг, 1892 азы сарæзта сусæг æхсæнад «Филиппины лигæ». Фæмард испайнаг колонизаторты къухæй.

** Бенито Хуарес – прогрессивон политикон кусæг, 1858 – 1872 азты Мексикæйы республикæйы президент.

Толедойаг ӕрмдӕсныты ӕфтауцтӕ...
Дӕ дадзинтӕ сӕ тугӕй сты цӕрдхъом.
Нӕ дзыллӕйӕн йӕ удхос дӕ, ӕвдадз дӕ,
фӕхастай йын тырысайау йӕ ном.

Дӕ ныфсӕй цыд Ламанчаг «ӕрра» тохмӕ,
уыдтӕ йӕ арц, йӕ карды комыл – ард.
Ӕнӕ дӕу мын нӕй ирвӕзӕн фыдохӕй,
ӕнӕ дӕу нӕй мӕ Фыдыбӕстӕн цард.

* * *

Антей куыд иста ног хъару нӕ зӕххӕй,
мӕнӕн дӕр афтӕ сонты дуг – тыхдӕттӕг:
кӕд мемӕ уа – хызт уыдзынӕн фыдӕхӕй,
мӕ цард нӕ уыдзӕн джидзӕггаг, ӕрхӕндӕг.

Уыдзынӕн хайджын ирд арвы уӕрӕхӕй,
ӕнхъӕлдзынӕн: дӕн алцӕмӕй ӕххӕст лӕг.
Хъысмӕт, фӕлвар мӕ, бабӕтт мӕ уӕрдӕхӕй –
нӕ басӕтдзынӕн: ис мӕнӕн хӕрзгӕнӕг.

Сӕттӕн мын нӕй: мӕ хӕдзар у мӕ мӕсыг,
Бильбаомӕ – мӕ ахстонмӕ тӕхдзынӕн,
ӕз уый ныфсӕй, ӕз уый фарнӕй цӕрдзынӕн.

Мӕ артдзӕст уым и, ис ма дзы ӕмбӕхст зынг,
уым ме Знон дӕр, йӕ комулӕфт ын хатын,
уым Фидӕн сисы булӕмаргъау зарын.

* * *

Ӕнустау мӕ фынӕй кӕнын фӕнды.
Фӕлӕ, бецау, фыдӕхсӕвтӕ ӕрвитын:
мӕ ивгъуыд бонтӕй дарын ӕз ӕфстау,
хъӕуы мӕ хӕс мӕ фидӕнӕн дӕр фидын.

# АФОРИЗМТÆ, ЦИТАТÆТÆ

♦ Хъуыдыйæн æцæг хуыз ратты, дарæсты йæ чи банорды, уый нæ, фæлæ йæ гомæй чи равдисы, уый. Стилисттæ хуыйджыты хуызæн сты æмæ хъуыды раргом кæнын сæ бон нæу.

♦ Чидæр кæмæйдæр æгæр куы феппæла, уæд æнæмæнг бафæрсын фæхъæуы: «Кæй ныхмæ арæзт сты уыцы æппæлдтытæ?»

♦ Бæрæг сахæтты, бæрæг бынаты æмæ сæрмагонд позæйы куы кувай, уæд уый æцæг куывд нæу. Æцæг куывд у табуйаг цыдæр, Хуыцауыл иудадзыг хъуыды кæнгæйæ, дæ зæрдæйы арфæй цы æнкъарæн рацæуы, уый.

♦ Куыд хъуамæ бафæнда адæймаджы йæхицæй фæхицæн уæвын?

♦ Примитивон, сыдывд хъуыдыйы хицæуттæн, рæстæмбис курдиатæй уæлдæр схизын кæй бон нæу, уыдонæн иннæты æнтыст сæ уæнгæл у æмæ сæ удæй арт фæцæгъдынц, цæмæй сæ цæсты æфтауой, иумæйаг догмæйы дарæсы сæ «сфæлындой». Цæвиттон, уыцы иннæтæ хъуамæ курдиатцух ничитæй мацæмæй хицæн кæной.

♦ Уадз æмæ быцæу кæна, уадз æмæ ма сæтта, æрмæст адæймаг уæд!

♦ Цард трагеди у, цард иугæндзон тох у – æнæ уæлахизæй, стæй уæлахизыл зæрдæ нæ даргæйæ.

♦ Чырыстæтты ‘хсæн ис хуытæ: ахæм æдзæсгом сты æмæ сæхæдæг сæхи хонын райдайынц æгъдауджын, уæздан.

♦ Сылгоймаг сыгъдæгуд æмæ табуйаг у, фæлæ йæ азарæй иннæтæ тæригъæдджын свæййынц.

♦ Алы адæймаг дæр æнæхъæн дуне у.

♦ Цæрынхъом вæййы, æрмæстдæр разæнгардæй, зæрдиагæй чи фæархайы, уый.

♦ Æвирхъау у иунæг адæймаджы хъысмæт, раст ныхас зæгъæг ын куы нæ уа, уæд.

♦ А дунейыл адæймагæй æнæуагдæр, хæлддæр цæрæгой нæй.

♦ Кувын нæ уæлдæф у. Кувын нæ зæрдыл æрлæууы, хуыдуг кæнын куы райдайæм, æрмæст уæд.

♦ А дунейыл иунæг уæвынæй хуыздæр ницы ис.

♦ Æндæр адæймаджы миддуне иртасыныл куы фæцалх уай,

уæд дæхимæ дæр æркæсдзынæ, чи дæ, цы дæ, уый равзарыныл архайдзынæ.

♦ Йæхи иннæтæй хуыздæр чи нæ хоны, уый æнæсæр, къуымых у, æндæр ницы. Уазал æмбæрзæны ауон дæр гæнæн ис æмæ судза, чи дæ ацараудзæн, ахæм æмбæхст цырен арт.

♦ Æрмæстдæр иунæг ирвæзæн хос ис а дунейы стыр фыдтæй – мæлæт.

♦ Ныфсытæй цæрыны бæсты фæлтау мысинæгтæй цæр.

♦ Иуæй-иу хатт кæуын дæр æвзæр нæу: цы хъылматæ, чъизитæ федтай, уыдон цæссыгтæй уæддæр æрæхсдзынæ.

♦ Æцæг адæймаджы базонæн æмæ снывгæнæн ис йæ иунæг ми, йæ иунæг ныхас, йæ иунæг хъæрæй дæр.

♦ Æгъдауджыны ном кæуыл сбады, уыцы адæймæгтæй фæлитойдæр, цæстфæлдахæгдæр нæй.

♦ Æнæджелбетт, курдиатцух, сыдывд адæймæгтæ (уыдон та иууылдæр хæлæггæнаг сты) æрымысыдысты цавæрдæр иугъæдон модæ. Модæ та ортодоксийы* хуызтæй иу у.

♦ Нæ культурæйы уавæрмæ куы ‘ркæсай, уæд зæрдыл æрлæууынц, мæнæ фæсвæд, талынг хъæуты цы иугай дуканитæ вæййы, уыдон: уæй дзы кæнынц алыхуызон товартæ.

♦ Не ‘хсæнады хъуыдытæ сты иугъæдон, æнтъыснæг, мæлдзой. Ахæм æнуд ран адæймагæн улæфт нал фæфаг кæны. Æддæрдыгæй куы бакæсай, уæд дæм хъæбæр цъары хуызæн цыдæр разындзæни. Мидæгæй та ницы ис, тутт у, æрмæст дзы фендзынæ æвирхъау æвидауц-æнаив нывтæ.

♦ Фæсивæд кæм нæй, уым нæй адæмы иугæнæг фарн. Фарн та фæзыны царды монцæй æмæ дзы хъарутæ сты æвидийгæ, уæлеисгæ-бынæйахадгæ.

♦ Испанийы адæм сты æрмæст æвзарджытæ æмæ хъалонфидджытæ. Уымæй ма катайагдæр цы уа! Хицæуттæ адæмы кæй нæ уарзынц, уымæ гæсгæ сæ сæ базонын дæр нæ фæнды. Сæ базоныныл, раиртасыныл кæй нæ архайынц, зонгæ дæр æмæ сæ уарзгæ дæр уый тыххæй нæ кæнынц.

♦ Тæригъæддаг æнус! Зыбыты тæригъæддаг æнус. Адæм кæрæдзийы куыдзы хъуыды дæр нæ кæнынц. Ничи ницы æмæ никæй ницæмæ дары. Искуы-иу исчи исты хъуыддагыл дзурын

---

* Ортодокси – иставæр ахуырадыл, хъуыддагыл, зондахастыл иудадзыг фидар хæцын.

куы райдайы, ахæм æмæ ахæм хабармæ хъус æрдарын хъæуы, зæгъгæ, уæд иннæтæ æвиппайды ахъуыды кæнынц, ай йæхи пайдайæн кусы, йе та, йæ ном цæмæй айхъуыса, ууыл архайы, зæгъгæ. Искæмæн хаттæй-хатт йæ зонд кæй фæцæуы, адæм суанг уый бамбарынхъом дæр нал сты. Зондцухы тыххæй нæм афтæ хъуыды кæнын æмæ дзурын дæр райдыдтой, ома ай хинæйдзаг у, алцыдæр ын нымад у æмæ барæй сæрра.

♦ Исчи хæрæмтты ныхмæ куы сдзуры, галиу митæ, царды аиппытæ хурмæ хæссын куы байдайы, уæд ницæйаг цагъартæ сусу-бусутыл схæцынц, ома ацы лæджы цы хъæуы, цы пайдамæ æнхъæлмæ кæсы. Хатгай афтæ дæр ахъуыды кæнынц æмæ фæдзурынц: ай тынг фæнды, цæмæй йын йæ дзых сызгъæринæй сæхгæной. Уæдæ ахæм дзурджытæ дæр вæййы: ай цъаммар зондыл хæст у æмæ йе йæ маст исы, йе та хæлæгæй мæлы æмæ уымæн змæнты. Вæййы ахæм дзурджытæ дæр: ацы змæнтæгæн цæмæй йæ ном айхъуыса, уый тыххæй нæ лæууы иу ран. Ахæм дам-думтæ дæр райхъуысы: ацы змæнтæг йæ зæрдæйы дзæбæхæн афтæтæ кæны, æндæр куыст ын нæй æмæ ахæм спортмæ рахызти.

Ехх, æвæдза куыд гыццыл, куыд иугæйттæ сты, ахæм спортыл хæст чи у, уыдон!

♦ Фидæн нæй. Фидæн никуы вæййы. Фидæн кæй хонынц, уый æрмæстдæр егъау Мæнг у. Æцæг фидæн абоны бон у. Райсом цы уыдзыстæм? Нæй райсом, нæй! Ис æрмæстдæр абон, мæнæ ныры рæстæг. Æмæ фарст æвæрын хъæуы афтæ: мах нæхæдæг абоны бон чи стæм, цы стæм?

♦ Литераторты ‘хсæн ис ахæм æгъдау: сæ сæры сын сагъдæуы зонд нæ, фæлæ хинæйдзаг цыдæр. Æмæ къæрта иудадзыг дæлæмæ, чи бахуыскъ, уыцы цъаймæ уагъдæуы. Иутæ бийынц къæр-къæргæнаг рæнхъытæ, æмæ уыцы ницытæ ‘мæ мацытæ дзыхæй-дзыхмæ цæуынц; иннæтæ та ахæм куыстыл хæст сты: змисыл цыдæр къæлæсы-мæлæсы нывæфтыдтæ афыссынц, фæлæ куыддæр дымгæ рацæуы, афтæ уыцы нывæфтыдтæн сæ кой, сæ хъæр дæр нал вæййы.

♦ Наукæйы рæзты та цы уынæм? Компиляцитæ, журналтæй æмæ æндæр автортæй ист хъуыдытæ кæрæдзиуыл аныхæстæуы, æцæг сфæлдыстадон куыст та нæ цæсты кæронæй дæр нæ уынæм, исты иртасынхъом чи у, ахæмтæ – хæрз стæм. Гъемæ бахаудыстæм

наукææнгæс дзæнгæдайы æмæ мæнг литературон дзымандыты уацары.

♦ Рæстдзинад зæгъыныл хъуыды дæр ма акæнут! Æхсарджынæй, бæрзонд хицæуттæ-йедты ницæмæ даргæйæ, раст ныхас куы зæгъай, уæд æдзæллаг, тæнтъихæг удтæ уайсахат дæ хъуыры абаддзысты, пессимисты ном дыл авæрдзысты.

♦ Нæ журналистикæ у хуымæтæджы цъымара – дон дзы змæлгæ нæ кæны æмæ схъуына вæййы.

♦ Политикон ницæйагдзинады вирус бахæццæ алкæмæ дæр, уыимæ национ характеры рæбынтæм дæр.

♦ Æцæг æхсарджын æмæ сæрибар фæсивæд бавдæлæнт æмæ аскъуынæнт, хурх нæ чи кæны, уыцы бæттæн, иудадзыг ныл дæлæмæ чи хæцы æмæ нæ иухуызон скæныныл чи архайы, уыцы æгъдæуттыл хъоды бакæнæнт æмæ цæстуарзонæй ахуыр кæнын райдайæнт, не 'ппæтæн дæр ахсджиаг чи у, уыцы адæмы...

***ХЪОДЗАТЫ Æхсары*** *тæлмацтæ*

*ГАСАНТЫ Валери*

## ХОРЗДЗИНАД НÆ СÆФЫ

Кæд ирон адæм сæ царды бирæ зынтæ федтой, уæддæр се стырдæр бæллиц уыд сæ кæстæрты ахуыры фæндагыл саразын. Се 'рдзон, дардмæуынаг зондæй æмбæрстой, царды уæрæх фæндæгтыл: æдæрсгæйæ, фидар къахдзæфтæ кæнынц, бирæвæрсыг зонындзинæдтæ кæмæ ис, уыцы фæсивæд. Чиныг зонды суадон у, зæгъгæ, ахæм ныхас дæр хуымæтæджы нæ баззад.



*Гæдиаты -Къорнаты Верæ.*

Ирыстоны фæсивæды зонджын æмæ фæрнджынæй уынынмæ бæллыд ирон литературæйы зæрингуырд Гæдиаты Секъа. Хохæй быдырмæ хуыздæр цардагур йæ бинонтимæ куы ралыгъд, уæд йе 'ппæт хъарутæй бацархайдта, цæмæй йæхи цот (æхсæз лæппуйы æмæ иу чызг) ахуырад райсой. Æмæ йæ бæллиц сæххæст. Зындгонд фыссæджы цотæй радзурдзыстæм йæ чызг, ботаник, биологон наукæты доктор, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты доцент, Советон Цæдисы уæлдæр скъолайы кадджын кусæг Гæдиаты-Къорнаты Верæйы тыххæй. Уый фæрцы бирæ кæстæртæ базыдтой, Ирыстоны зæхх æрдзы лæвæрттæй куыд хъæздыг у, стæй сæ алкæцы дæр цавæр миниуджытæй хайджын у, уый. Йæ дæсныйад кæмæн бауарзын кодта, уыдон æй абон дæр нæ рох кæнынц.

Къорнаты Верæ райгуырди 1898 азы Джызæлы. Ахуыр кодта Уфайы, сылгоймæгты гимназы. Йæхи равдыста бонзонгæ æмæ фæзминагæй. Фæлæ йæ социалон уавæртæ бæллиццаг кæй нæ уыдысты, уый йæ тыхсын кодта. Йæ мысинæгты афтæ фыста:

«Хъуыды ма йæ кæнын, гимназы мæ фæлварæнтæм куыд нæ уагътой, мæ ныййарджытæ ахуыры тыххæй æхца кæй нæ бахастой, уымæ гæсгæ. Æмæ уæд мæ мад, æнахуыргонд хæххон сылгоймаг, хицаумæ бацыд, йæ разы йæ зонгуытыл æрхауд æмæ дзы йæ цæссыг калгæйæ куырдта, мæ сывæллоны мын ахуырæй ма фæхауын кæн, зæгъгæ. Ахуыры тыххæй æхца бафидынæй дæр ын зæрдæ бавæрдта. Гъе ахæм аргъæй æфтыди нæ къухы ахуыркæнын».

Гимназ сыгъзæрин майданимæ каст фæуыны фæстæ Верæ куыста Дигорайы районы училищæйы ахуыргæнæгæй. Фæстæдæр йæ рухстауæн куыст кодта педагогон техникумы цур райдиан скъолайы. Цы зонындзинæдтæ йæм уыд, уыдон фæфылдæр кæныныл куыста иудадзыг. Æмæ йын фадат фæци Цæгат Кавказы педагогон институты химион-биологон факультетмæ бацæуынæн. Верæ фылдæр зонынмæ разæнгардæй кæй тырны, наукон иртасæн куыстмæ йе 'ргом кæй здахы, уый уайтагъд рахатыдтой факультеты ахуыргæндтæ. Æмæ Верæ институт каст фæуыны фæстæ кусын райдыдта ботаникæйы кафедрæйы ассистентæй. Наукæйы йе 'нтыстытæ уыдысты бæллиццаг. Зæрдиагæй бавнæлдта флористикæйы æмæ геоботаникæйы фарстатæ иртасынмæ. Æрдзы хъæбысы æмæ факультеты кодта фæлварæн куыстытæ. Уыдоны бындурыл профессор Виноградовы разамындæй 1956 азы бахъахъхъæдта биологон наукæты кандидаты диссертаци æмæ сси педагогон институты ботаникæйы кафедрæйы доцент.

Цæгат Ирыстоны цы кæрдæджытæ зайы, кæмæ дзы цавæр пайдайаг миниуджытæ ис, стæй сæ рæзтыл боныхъæды уавæртæ куыд зынынц, уый сбæлвырд кæныны тыххæй Верæ иу æмæ дыууæ хатты нæ уыди хохаг æмæ быдираг хъæуты, быдырты æмæ хъæдты. Наукон æгъдауæй сбæрæг кодта кæрдæгджын зайæгойтæн сæ 2067 хуызы. Сæ алкæцы дæр дзы бæлвырдæй æрфыста латинаг, уырыссаг æмæ ирон æвзагыл. Уымæй уæлдай ма иттæг хорз зыдта, кæрдæджытæй чи цавæр низтæ дзæбæх кæны, уый дæр. Канд университеты нæ, фæлæ нæ бæстæйы ботаникон лабораториты дæр ахуыргонд кодта иртасæн куыст. Æмæ 1978 азы Тбилисы ботаникæйы институты бахъахъхъæдта биологон наукæты докторы диссертаци (йæ темæ «Флора и растительность Северной Осетии, их анализ и перспективы использования»). Верæйæн йæ иртасæн куыстытæ стыр зонадон

сгуыхтыл банымадта зындгонд уырыссаг ботаник, профессор Прилипко. Уый фыста: «Вся работа раскрывает богатство и особенности природной флоры Северной Осетии, интереснейшего участка Северного Кавказа – что является главным достижением соискателя. По материалам диссертации опубликовано 12 работ.

Вера Юрьевна Корнаева известна нам как ветеран научного и педагогического труда, внесшего значительный вклад в познание флоры и растительности республики и всю свою жизнь, передававшая молодежи ботанические знания и прививавшая ей любовь к природе».

«Æз мæхи амондджын хонын, Верæйы хуызæн зонджын æмæ фендджын ахуыргæнджытæ мын кæй уыд, уымæй, – зæгъы Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты профессор, биологон наукæты доктор Лидия Чопикашвили. – Уый уыд арф æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдты хицау. Йæ фæд ирдæй бæрæг дары нæ университеты æмæ факультеты азфысты. Æз ардæм ахуыр кæнынмæ куы ‘рбацыдтæн, уæдмæ Верæ кардзыд уыд, фæлæ – рухс зонды хицау. Лекцитæй уæлдай ма немæ (быдырты) кодта практикон ахуыртæ. Уым дæр йæ алы фезмæлдæй, хъару æмæ фæразондзинадæй дисы æфтыдта студентты. Æз куыд зонын, афтæмæй йæ рæстæджы Верæ каст фæци Петербурджы Уæздан чызджыты институт. Хорз зыдта францаг æмæ немыцаг æвзæгтæ. Фæсарæйнаг æвзагыл-иу арæх ныхас кодта зындгонд ботаник Виноградовимæ дæр. Верæ флористикæйы цы зонадон куыстытæ бакодта, уыдон ахъаззаг сты. Арæх æм консультацитæм цыдысты ахуыргæндтæ Советон Цæдисы горæттæй. Алкæмæн дæр-иу сæ радта бæлвырд дзуæппытæ, баххуыс сын-иу кодта. Уымæй уæлдай ма йе ‘ргом здæхта, астæуккаг скъолаты æрдззонæн æмæ биологийы уроктæ куыд амонынц, уымæ. Верæйы æнтыстытæ бирæ сты. Сæ иу – Цæгат Ирыстоны «Сырх чиныг» саразыныл кæй бацархайдта (авторты къордимæ), уый. Кæд бирæ зынтæ федта, уæддæр йæ уд сыгъдæгæй баззад. Зыдта кæстæртыл баузæлын, раст зондыл сæ бафтауын. Ахæм миниуджытæй та хайджын вæййы æцæг цæстуарзон хистæр».

Верæйæн йæ цард æнцон нæ уыд. Федта бирæ зынтæ. Йæ цардæмбал Къорнаты Захар уыди зындгонд партион кусæг. Бахауди 30-æм азты тугуарæн репресситы æмæ фесæфт. Йæ

хъысмæты æбуалгъ цæфæй нæ фæцудыдта Верæ. Сидзæргæсæй схаста æмæ царды раст фæндагыл сæвæрдта йе 'ртæ хъæбулы. Уыдон райстой уæлдæр ахуырад. Дыууæ лæппуйы систы иженертæ, йæ чызг та дохтыр.

Йæ зындгонд æрвады тыххæй нын йæ мысинæгтæ радзырдта Гæдиаты Эльбрус: «Верæйы æз хорз хъуыды кæнын. Арæх-иу мæ йемæ акодта йæ цæхæрадонмæ дæр. Кæддæриддæр мæм диссаг касти, куыд хорз зоны зайæгойты, кæрдæджыты æмæ дидинджыты нæмттæ. Сæ алкæцыйы тыххæй дын-иу бæстон радзырдтаид. Университеты куы ахуыр кодтон, уæддæр мыл тынг аудыдта, царды галиу митæй мæ хъахъхъæдта».

Верæ зыдта студенттæй алкæй зæрдæмæ дæр фæндаг ссарын. Практикон ахуырты рæстæг та сæ-иу йемæ хæхтæм акодта. Уым-иу ахуыргонд æмбырд кодта алыхузон кæрдæджытæ æмæ дидинджытæ. Арæзта сæ гербаритæ. Ныртæккæ уыдон æфснайд сты ботаникæйы кафедрæйы.

Верæйæн йæ раздæры студенттæй иу – Тохтиаты Кларæ афтæ зæгъы: «Биологон факультеты куы ахуыр кодтон, уыцы рæстæгæй кæд бирæ азтæ рацыд, уæддæр мæ Къорнаты Верæйы ном нæ



*Гæдиаты Верæ (бады, галиуырдыгæй æртыккаг) профессор Раздорский æмæ йе 'мкусонтимæ.*

рох кæны, йæ рухс сурæт ныртæккæ дæр мæ цæстытыл уайы. Йæ ирон æгъдауæй, йæ ацыд æмæ йе 'рбацыдæй нæ дисы æфтыдта. Йæ лекцитæ та нын цас цин хастой, уымæн зæгъæн дæр нæй. Практикæйы рæстæг-иу йемæ арæх ацыдыстæм Къобмæ кæнæ Куырттаты коммæ. Уым дæр ныл, цыма йæхи хъæбултæ уыдыстæм, раст афтæ узæлыдис. Æдзухдæр нæ уæлхъус цырагъау лæууыд, лæггад нын кодта».

Ныртæккæ нæ экологийы уавæр бæллиццаг нæу. Уымæ гæсгæ, нæ Ирыстоны æрдзон хъæздыгдзинæдтæм биноныгдæр цæстæй кæсын кæй хъæуы, уый сусæггаг никæмæн у. Хуыздæр сæ базоныны æмæ сыл аудыны тыххæй зындгонд ахуыргонд Къорнаты Верæйы æвидигæ зонды бæркæдтæ уымæн уыдзысты хорз ахъаз.

# АХУЫРГӔНӔГӔН ӔХХУЫСӔН

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

## ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆДЖЫ СФÆЛДЫСТАД*

### 3-АГ КЪЛАС

**Урочы темæ.** ***Дзесты Куыдзæджы радзырд «Æвддæс мин цæрынхъуаг адæймаджы».*** (1 сах.)

Къласы къæйыл, мидхæсты заман урсгвардионтимæ тохы цы æфсæддонтæ фæмард, уыдоны цыртдзæвæны хуызист. Цыртдзæвæн ис Дзæуджыхъæуы хуссаргæрон.

Радзырд аив кæсдзæн ахуыргæнæг. Уый фæстæ бацамондзæн æнæзонгæ æмæ зынæмбарæн ныхæсты нысаниуæг: *æппынæдзух, æнусон цырагъ, цæргæ-цæрæнбонтæм, цыртдзæвæн, урсгвардионтæ, æнусмæ кад æмæ ном, сæраппонд, цалынмæ хохы дур тула, быдыры цалх зила.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Аив бакæсут радзырд.

2. Кæцæй калы сырх пиллон æнусон цырагъ æмбисæхсæв Дзæуджыхъæуы?

3. Цæмæн судзы æнусон цырагъ æхсæв дæр æмæ бон дæр?

4. «Уый судзы цæхæркалгæ... цалынмæ зæххы къорийыл адæймаг цæра, нæ фыдæлты загъдау, *цалынмæ хохы дур тула, быдыры цалх зила.* Курсивæй фыст дзырдты бæсты зæгъут æндæр дзырдтæ.

5. Кæм лæууы цырт? Кæмæн æвæрд æрцыд?

6. Цавæр ныхæстæ ис бакæсæн цырты фарсыл?

7. Чи уыдысты уыцы *«æвддæс мин цæрынхъуаг адæймаджы»*, сæ цард Советон хицаудзинады сæраппонд чи радта, уыдон?

8. Цæмæн хонæм, цырты хъæбысы цы арт судзы, уый *«æнусон»*?

9. Кæд уыдтæ фæстаг хатт нæ хъæбатырты цырты раз? Радзур, цы федтай уым, уый тыххæй.

10. Уæ хъæуæй хæсты чи уыд, уыдоны нæмттæ зоныс?

---

* Райдайæн кæс «Мах дуджы» ацы азы 8-æм номыры.

**Хæдзармæ куыст:** радзырд зонын аив кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын.

**Урочы темæ.** ***Дзесты Куыдзæджы радзырд «Æдзæсгом фыр»*** (1 сах.)

Ацы радзырды фыссæг равдыста, йæ сабибонты фыййауæй фыстæ куы хызта, уыцы заман. Ахуыргæнæг радзурдзæн ахуырдзаутæн Куыдзæджы сабидуджы тыххæй, æмæ аив бакæсдзæн радзырд.

Æнæзонгæ ныхæстæ æмæ дзырдбæстытæ: *тыхкъул сæрвæтты, йæ бон базонын, уый у састы нысан, сапп, дурты цæнд, йæхи уæлейæ раскъæрын, цæстыфæныкъуылдмæ, хъен алæууын, дæ балгъитæг афтæ, саппы сæрæй асхъиуын, цæстытæ цæхæртæ акалдтой, кæуын мæ сæрмæ не ‘рхастон, сайдæй рацæуын йе мбалыл.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Куыдзæг йæ сабийы бонты цыди фыййауæй. Зæгъут-ма, искуы уæ исчи хызта фыстæ кæнæ сæгътæ? Æнцон у фыййауы куыст?

2. Федтат, фырытæ куыд хъазынц, уый? Кæд райдайынц фырытæ тох кæнын?

3. Цы бафæдзæхста Куыдзæгæн йæ фыд фырыты тыххæй?

4. Ссарут тексты уыцы рæнхъытæ, куыд фæхæцынц фырытæ фæзы æмæ сæрвæтты тыхкъул ран.

5. Цæмæн афтæ бирæ рæстæг тох кодтой фæстаг дыууæ фыры? Кæцы фыр разынд тыхджындæр æмæ цæмæн?

6. Цæмæн схуыдта Куыдзæг йæ радзырд «Æдзæсгом фыр»?

**Чиныджы нывимæ куыст:** Æркæсут нывмæ. Цы архайд дзы æвдыст цæуы, ууыл саразут бархийæ радзырд ахæм темæтæм гæсгæ: «Фыййауы хæстæ», «Хинæйдзаг фыр», «Фæстаг дыууæ фыры хæст», «Куыд тох кæнынц фырытæ сæрды æмбис».

Адæмон æмбисæндтимæ куыст:

1. Цæуыл дзурæг сты адæмон æмбисæндтæ: *«Фыры цæф фырæн нæ риссы», «Æмбаргæ сæгъ иу «дзæхæс»-æй здæхы»,* «*Æ*ууæндæн кæуыл нæ уа, уый лæгыл нымад нæу»?

2. Фæстаг æмбисонд куыд баст у Дзесты Куыдзæджы радзырдимæ?

**Хæдзармæ куыст:** зонын радзырд аив кæсын æмæ хи ныхæстæй цыбырæй радзурын; бархийæ саразын нывтæ радзырдмæ.

## 4-ÆМ КЪЛАС

Ахуырдзаутæ базонгæ уыдзысты Куыдзæджы дыууæ радзырдимæ («Мæкъуылтæ фервæзын кодта» æмæ «Тегайы бæлас»). Ацы радзырдты куысты æмæ фæллойы æвдыстæуы ахадындзинад.

**Урочы темæ.** ***Дзесты Куыдзæджы радзырд «Мæкъуылтæ фервæзын кодта»*** (2 сах.)

Урочы райдайæны ахуыргæнæг бакæсдзæн цалдæр адæмон æмбисонды, уыдон сты куысты æмæ фæллойы тыххæй: *«Зæхх кусын уарзы», «Абоны куыстагæн райсоммæ æмгъуыд ма кæн», «Адæмы дарæг хур æмæ зæхх сты», «Хорздзинад зæххы ис, æмæ йæ сис».* Скъоладзаутæ ратдзысты дзуаппытæ ахуыргæнæджы фарстытæн:

1. Цавæр хъуыды æвæрд ис адæмон æмбисæндты?

2. Цæмæн хъæуы кусын? Ис æнæ куыстæй цæрæн? Уæ ныййарджытæ кæм фæллой кæнынц?

3. Зæгъут, цавæр аргъ кæнут куыстæн; цавæр куыстытæ фæкæнут хæдзары уалдзæджы, сæрды, фæззæджы?

Ахæм ныхасы фæстæ ахуыргæнæг аив бакæсдзæн радзырд «Мæкъуылтæ фервæзын кодта», сбæрæг кæндзæн æнæзонгæ дзырдты æмæ дзырдбæстыты нысаниуæг: *рæгъаугæс, фæсарц сæвæрын, саргъы гопп, идадзæй ласын, бæхы идон, тъизын, æнтæф рæстæг, дзынгатæ, богъ, йæ къух ауыгъта, атындзыдта, мæкъуыл, æфтауц, арты пиллон мынæгдæр кæны, ставд мих.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Азæмæты фыд кæм æмæ цæмæй куыста?

2. Кæм-иу уыд Азæмæт йæ фыдимæ?

3. Радзурут, куыд сахуыр лæппу бæхыл бадын.

4. Цæмæн фæндыд Азæмæты Дзаттеимæ быдырмæ ацæуын?

5. Цы федта лæппу, зæронд бæласы бын аууоны куы бадти йæ фыдимæ, уæд?

6. Цавæр хъазтæй хъазыдысты сывæллæттæ фермæйы холлагдоны цур?

7. Цæмæн атындзыдта Дзатте фермæйырдæм?

8. Азæмæты руаджы колхозы мæкъуылтæ артæй хъахъхъæд куыд æрцыдысты?

9. Кæй аххосæй ссыгъди мæкъуылтæй иу?

10. Чи ахуыссын кодта судзгæ мæкъуыл?

11. Зæгъут уæ хъуыдытæ, фермæйы холлагдоны цур арт цы сывæллæттæ скодтой, уыдоны тыххæй. Радзырдæй скъуыддзæгтæ кæсут, афтæмæй.

12. Цæмæн алыгъдысты сывæллæттæ Дзаттейæ? Цæмæй фæтарстысты?

13. Цæмæн хъæуы хъахъхъæнын æхсæнадон мулк? Раст бакодта Азæмæт?

**Нывимæ куыст:** 1. Кæй уынæм чиныджы нывы? Чи хуыссын кодта судзгæ мæкъуыл?

2. Нывмæ гæсгæ радзурут, куыд хуыссын кодтой арт Азæмæты фыд Дзатте, хъугдуцæг сылгоймæгтæ, фæдисæттæ хъæуæй, адæм.

3. Куыд æмбарут æмбисонд: *«Арт ахуыссы – кад нæ»?*

**Хæдзармæ куыст:** зонын радзырд аив кæсын æмæ хи ныхæстæй радзурын; бацæттæ кæнын радзырд *«Азæмæт мæкъуылтæ куыд фервæзын кодта».*

**Урочы темæ. Дзесты Куыдзæджы радзырд «Тегайы бæлас».** (2 сах.)

Урочы райдайæны ахуырдзаутæ радзурдзысты чиныгмæ нæ кæсгæйæ Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ «Цæмæ бæллы бæлццон». Поэты уацмысы ис ахæм рæнхъытæ:

*Тæхуды ‘мæ йæ адæмы æхсæн*
*Æнусмæ хорз ном чи скæны йæхицæн!*
*Фæлæ æрмæст бæллынæй нæй цæрæн,*
*Æцæгдзинадæй никуыдæм ис лидзæн...*

Цæмæ тæхуды кæны поэт? Цавæр адæймагæн баззайы æнусмæ йæ ном? («Зæххыл йæ цардæй чи аразы цард, Æнусондзинад уымæн ис æрмæстдæр»).

Ахуыргæнæг аив кæсы Куыдзæджы радзырд «Тегайы бæлас». Уый фæстæ базонгæ кæндзæн ахуырдзауты æнæзонгæ дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуæгимæ: *фæндаг фæсаджил, хынцфарст кæнын, рын бахæрын, нæ хид нæ къæхты бынæй акалд, рагъы сæр фæгæмæх, тырты, уагъылыйы къутæртæ, тæгæр бæлас, лæгмæ хатын, æндзалм, мардæн дугъ фæуадзын, уыд æддагон, йæ ном баззад, цал æмæ цал фæлтæры аивта, хорз лæджы фæд зæйы бын дæр нæ сæфы.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Кæдæм фæцæйцыдысты бæлццæттæ æмæ кæуыл фембæлдысты?

2. Цы куыста зæронд лæг «Нæзыты рагъы» быны?
3. Тегайы бæласы тыххæй цы радзырдта зæронд лæг фæндаггæттæн?
4. Ссар тексты Тегайы бæласы æрфыст æмæ йæ лæмбынæг бакæс. Цæимæ бары бæласы бæрзæнд зæронд лæг?
5. Чи уыд Тега æмæ цæмæн баззад адæмы зæрдæты?
6. Автор зæгъы: *«Фæлæ Тегайы ном баззад, æмæ ма абон дæр, ацы бæласы бын чи фæцæуы, уый «Рухсаг у, Тега!» – æнæ зæгъгæ нæ фæуыдзæн».* Цæмæн æрлæууы адæмы зæрдæтыл Тега?
7. Чи у радзырды Тегайы хуызæн лæг æмæ цæмæй?
8. Куыд æмбарут ацы адæмон æмбисонды мидис: *«Хорз лæджы фæд зæйы бын дæр нæ сæфы»?*
9. Радзурут-ма, «Ногдзауты хъæд» куыд æрцыди сагъд æмæ цæмæн?
10. Цæмæн баззад Тегайы ном адæмы ʻхсæн *арфæйагæй?*

Адæмон æмбисæндтимæ куыст: Къласы къæйыл фыст æмбисæндтæ – *«Адæмæн хорз чи кæны, уый æфстау уары», «Лæппуйæ цы байтауай, уый зæрондæй æркæрддзынæ», «Лæг куы бæзза, уæд адæм иууылдæр уый сты», «Куыст мард у, лæг – æгас».*

Цæуыл сты ацы адæмон æмбисæндтæ? Цæмæй кæны лæг йæхицæн кад? Цæмæн хъæуы адæмæн хорз кæнын? Куыд баст у ацы æмбисæндты мидис Куыдзæджы радзырд «Тегайы бæлас»-имæ?

**Хæдзармæ куыст:** зонын аив кæсын æмæ бæстонæй радзурын «Тегайы бæласы хабар»; бархийæ саразын цыбыр радзырд – дзуапп фарстæн «Цæмæн у Тегайы ном адæмæн арфæйаг»?

## 5-ÆМ КЪЛАС

**Урочы темæ.** ***Дзесты Куыдзæг. Радзырд «Æрдхæрæны лæвар»*** (3 сах.)

Куыдзæджы радзырд ахуыр кæнынмæ дихгонд цæуы æртæ сахаты. Уыцы рæстæг ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты хъæудзæн радзырд æнæхъæнæй бакæсын æмæ йæ мидисыл бæстон æрдзурын. Цæмæй ахуырдзаутæ хуыздæр базоной текст æвзарын, йæ мидис рафæлгъауын æмæ йæ радзурын, уый тыххæй ахуыргæнæджы хъæуы спайда кæнын Куыдзæджы мысинæгты чиныгæй

«Нæ буц хистæртæ»-йæ (Дзæуджыхъæу: Ир, 1981, 3–19 ф.). Ацы чиныджы дыууæ сæргонды – «Цæры æмæ цæрдзæн» æмæ «Хуымæтæджы лæг» дзурæг сты Куыдзæджы цæстæнгасыл Къостайы цард æмæ сфæлдыстадмæ. Куыдзæгæн Къоста уыд йæ сабибонтæй йæ фæстаг сулæфтмæ фыссæджы идеал, уымæн ныууагъта йæ мысинæгтæ поэты тыххæй (йæ сывæллоны бонты куыд ахуыр кодта Къостайы æмдзæвгæтæ, йæ хæстæджытæй æмæ æмхъæуккæгтæй цы хабæрттæ фехъуыста поэты тыххæй). Радзырд «Æрдхæрæны лæвар» ахуырдзаутæ куы бакæсой, уæд æнæмæнг хъæудзæн скъоладзаутæн фæсурокты бакæсын мысинæгты дыккаг сæргонд – «Хуымæтæджы лæг». Асæй стыр нæу, кæсынæн бирæ рæстæг нæ бахъæудзæн. Зруггоймаг зæронд лæджы фембæлд Асаты Къостаимæ рабæрæг кæндзæн, чи уыд уыцы «хуымæтæджы лæг», адæмы зæрдæты кæй ном баззад абоны онг.

Фыццаг урок. Хохаг царды нывтæ. Сидзæр лæппуйы уавæр. Йæ тырнындзинад ахуырмæ. Ахуыргæнæджы лæвар Гæбилæн. Лæппуйы нысан.

Дыккаг урок. Адæмы ахаст Хетæггаты Къоста æмæ йæ чиныг «Ирон фæндыр»-мæ. Адæм хъусынц Къостайы ныхасмæ. Æгас комы уынаффæ. Арфæ Къостайæн.

Æртыккаг урок. Гæбил æмæ ахуыргæнæджы ахастытæ. Ахуыргæнæджы лæвар. Гæбилы удыхъæд, йæ фæзминаг миниуджытæ.

**Фыццаг урок р**айдайдзæн цыбыр ныхасæй, Куыдзæг сывæллæттæн цы радзырдтæ ныффыста, уыдоны тыххæй. Ахуыргæнæджы фарстæн: «Цавæр радзырдтæ ныффыста Куыдзæг сывæллæттæн?», уыдон ранымайдзысты «Диссаджы кукла», «Ичъи», «Къæрмæг», «Къуызыппа», «Уæлыгæсы радзырдтæ», «Хъæбатыр тæрхъус», «Фыййауы сагъæс», «Æдзæсгом фыр» æмæ æндæртæ. Цалдæр ныхасы хъæудзæн зæгъын Куыдзæджы ахасты тыххæй Къостайы сфæлдыстадмæ, йæ уацмыстæм. Уый фæстæ ахуыргæнæг рахиздзæн радзырд «Æрдхæрæны лæвар»-мæ. Йæ фыццаг хай йын йæхæдæг аив бакæсдзæн æмæ бацамондзæн æнæзонгæ дзырдты æмæ дзырдбæстыты нысаниуæг. Уыдон баст сты ивгъуыд цардимæ: *фаджысы рагъ, рæгъаугæс, сæрвæттæ, æрчъитæ, къона, хъæбæрхоры кæрдзын, ахуыйæн (нуазинаг), æлгъин фысым, аходæн хæрын, гæнах, сæнары фæздæг, æмбай, мах æрсытимæ кæрдо нæ*

*цæгъдæм, балхæдта «туджы аргъæй», фосы лыстæн, фæркджын дидинæг, дæ армы дзыхъхъы цы бацæуа, куырис, худæгæй бакъæцæл, дæ хуын бирæ уæд, азымджын уæвын, гæды ныхæстæ кæнын, йæ куыдзы бынат нæ зоны, над баййæфта, цъиусуры цавд ныккодта йæхи хызыныл, къæдзæхы æххæлы, йæ зæрдæ тынг нал ради.*

**Æнахуыйæн кæрдзын** – афтид кæрдзын æнæ æндæр исты (æхсыр, цыхт, дзидза æмæ а. д.) хæринаг.

**Тарваз** – дуары фæлгæты хæрдмæ цы дыууæ цæджындзы ис, уыдон уæлейæ иунæгæй фæйнæг кæнæ хъæды лыггаг.

**Хъугом** – хæхты искуы уæрæх фæз бынат хуым кæнынæн.

**Арсимæ кæрдо цæгъдын** – тыхджындæр дæхицæй чи у, ахæм адæймагимæ тых æвзарын.

**Йæ куыдзы бынат нæ зоны** – цы уавæры ис адæймаг, уый не ‘мбары.

**Туджы аргъæй балхæнын** – исты æгæр зынаргъæй балхæнын.

**Худæгæй бакъæцæл** – фырхудтæй сдзурын нал фæразын.

**Цæсгом нæ хъæцы** – æфсæрмы кæнын.

**Йæ зæрдæ йе ‘муд æрцыд** – тынг фæтæрсыны фæстæ æрсабыр.

**Арсы хъуыны мæлдзыг** – уымæй мын тас нæу; уый бон мæнæн æппындæр ницы у.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырды фыццаг хаймæ:**

1. Чи уыд Куыдзæджы радзырды сæйраг хъайтар? Куыд хуынди йæ ном?

2. Цал хæдзары уыд Æхсайнаг хъæуы æмæ кæм æрбынат кодта?

3. Ссар радзырды Æхсайнаг хъæуы æрфыст, бакæс æй лæмбынæг æмæ зæгъ: хъæздыг æви мæгуыр цардысты ацы хъæуы?

4. Куыд бантыст комы цæрджытæн, цæмæй хъæуы ног скъола байгом кæной, уый?

5. Цæуылнæ ахуыр кодта скъолайы Гæбил? Цы загъта Гæбилæн йæ мад, скъоламæ бацæуыныл куы афæлвæрдта лæппу, уæд? Куыд æмбарут Берозоны ныхæсты мидис: *«мах, дам, æрсытимæ кæрдо нæ цæгъдæм»?*

6. Цæмæ бæллыди йæ царды Гæбил? Цæмæн хъуыды кодта афтæ: *«Ныр мæнæй фыддæр чи у, уыдон чиныджы кæсын куы базоной, æз та куы нæ базонон, уæд мæ мæлæт хуыздæр нæу»?*

7. Кæй руаджы базыдта Гæбил дамгъæтæ?

8. Цавæр цин сæмбæлд лæппуйыл иу сæрдыгон изæр? Куыд бафтыд йæ къухы æнæнхъæлæджы лæвар – абеты чиныг?

9. Куыд базонгæ Гæбил ахуыргæнæгимæ?

10. Куыд бацамыдта лæппу йæхи æмæ цæмæн загъта афтæ?

11. Кæмæй балхæдта абеты чиныг Гæбил æмæ цавæр аргъæй?

12. Цæуыл уыд сæ ныхас ахуыргæнæг æмæ Гæбилæн? Де 'мбалимæ бацæттæ кæн урочы заман ахуыргæнæг æмæ лæппуйы диалог.

13. Цæмæн радта ахуыргæнæг Гæбилæн дзыхъхъынног абеты чиныг? Цавæр нысан сæвæрдта уый Гæбилы раз?

14. Куыд æмбарут ацы хъуыдыйады мидис: *«Йæ фысымтæн хъыг уыдис, сæ фыййау «йæ куыдзы бон кæй нæ зоны» æмæ чингуытимæ кæй архайы, уый»?*

15. Радзурут, куыд каст абеты чиныджы Гæбил. Бафсæст чиныджы кæсынæй?

16. Æрлæууын ма кæн дæ зæрдыл: ды та кæд æмæ куыд базыдтай чиныджы кæсын? Чи дын базонын кодта дамгъæтæ? Цавæр уыд æмæ цæй тыххæй дæ фыццаг чиныг? Чи уыд йæ автор?

**Хæдзармæ куыст:** зонын аив бакæсын радзырды дыккаг хай; бацæттæ кæнын радзырд *«Куыд базыдтон кæсын: мæ фæндаг чиныгмæ».*

**Дыккаг урочы** райдианы ахуырдзаутæ радзурдзысты, кæсын куыд базыдтой æмæ фыццаг хатт цавæр чингуытимæ базонгæ сты, уый тыххæй. Уый фæстæ ахуыргæнæг рахиздзæн радзырдæн йæ дыккаг хайы мидис равзарынмæ.

Æнæзонгæ æмæ зынæмбарæн дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ: *дыууæ хоры астæу, фæлгæсын, чиныг æрæрвитын, уæлувады къæйттæ, ныттыгуыр уæвын, гæххæтт хъалон фидыны тыххæй, зæххы зиллаччы тъæпæн, цавддуртæ фестадысты, æдзæм лæугæйæ, уæлæфтау, хæлынхуд, мисхалы бæрц, дæ рын бахæрон, лæскъыл кусын, хоры къуту, кæфой, чыртæ-чыртæй тындзын, сæнар, æвадат адæймаг, цым лæдзæг, мисыны къус, хъæбæрхоры кæрдзын, цæсты уæлтъыфæлттæ, таппызарты хай фесты, цары сæгтæ, къæсæры тарваз.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырды дыккаг хаймæ:**

1. Куыд хызта йæ фос Гæбил Æхсырдуцæн къуылдымыл? Куыдæй аивгъуыдта лæппуйыл йæ æххуырсты бонтæй иу?

2. Цавæр диссаджы чиныг касти ахуыргæнæг адæмæн ныхасы?

3. Куыд хъуыстой хъæубæстæ стырæй, чысылæй ахуыргæнæджы кастмæ? Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ гуырыди Æхсайнаг хъæуы цæрджыты зæрдæты?

4. Цæуыл хъуыды кодта Гæбил? Цавæр æмдзæвгæ ныххызти арф лæппуйы зæрдæйы?

5. *«Нæ зымæг ингæн у, – Нæ зæйтæ – нæ мæт…»* – Къостайы ныхæстæ дисы æфтыдтой хъæуы цæрджыты æмæ кæрæдзи фарстой: *«Цавæр адæймаджы бон бацис уыцы ингæны дзыназæг адæмы сагъæс æгас дунейы размæ рахæссын æмæ йыл чингуытæ фыссын?»* Чи уыд уыцы адæймаг?

6. Дæумæ гæсгæ, цæмæн афтæ тынг фæцыдысты Къостайы «Ирон фæндыр»-ы æмдзæвгæтæ адæмы зæрдæмæ?

7. Куыд раарфæ кодта ахуыргæнæгæн Бегаты Гамсыр? Чи уыд уый, цавæр уыд йæ арфæ?

8. Къостайы æмдзæвгæйы кæцы рæнхъытæ æрлæууыдысты Гæбилы зæрдыл дыккаг бон? *(«Хоры къутуйау – йæ тæнтæ… Бинаг был – кæфой…»)*

9. Цæуыл уыд йæ ныхас Цыппуйæн, Гæбилы фыды 'фсымæры лæппуйæн? Ссарут уыцы бынат тексты æмæ йæ лæмбынæг бакæсут. Чи æмæ цы сдзурын кодта Цыппуйы?

10. Гæбил куы схуыссыд, уæд цæуыл сагъæс кодта? Цæмæн нæ хицæн кодта Къостайы кой йæ сæрæй?

11. Цы бауынаффæ кодтой æгас комы адæм æмæ цæмæн?

**Хæдзармæ куыст:** зонын радзырд аив кæсын æмæ цыбырæй хи ныхæстæй радзурын; бархийæ сныв кæнын ахорæнтæй Гæбилы сурæт.

**Æртыккаг урок** Куыдзæджы радзырдæй рабæрæг кæндзæн Гæбил æмæ ахуыргæнæджы ахастытæ. Раздæр къласы къæйыл ахуырдзаутæ фендзысты сæхи конд нывтæ сидзæр лæппуйы сурæтимæ. Ныхас цæудзæн Гæбилы удыхъæд, йæ фæзминаг миниуджытыл.

Æнæзонгæ æмæ зынæмбарæн дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ: *иугæндзон хъуыды, галвæндаг Цæгат хъуггоммæ, пæлæхсар бæлас, цæстыфæныкъуылдмæ æртахт, йæ зæрдæ йе 'муд æрцыд, цикъæйæ фæлурсдæр ныцци, йæ ныфс асаст, уыцы фарстæн йæ уæлвæд ницы дзуапп радта, къæбæда митæ кæнын, исдугмæ йæ мидбынаты лæугæйæ баззад, мæнæн ахæм къæдзæхты бауайын – арсы хъуыны – мæлдзыг.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырды æртыккаг хаймæ:**

1. Цæуыл хъуыды кодта Гæбил хъæугæрон Сæрзилæдждджын къæдзæхы сæрмæ? Цавæр бæллиццæй дзаг уыд лæппуйы зæрдæ?

2. Цæмæн афтæ тынг бауарзта Гæбил ахуыргæнæджы?

3. Радзурут бæстон, куыд райста Гæбил ахуыргæнæджы шляпæ-худ къæдзæхы сæр пæлæхсар бæласы къалиуæй.

4. Цы хорзы бацыд ахуыргæнæг Гæбилæн?

5. Лæмбынæг бакæс радзырды тексты уыцы бынат, фыссæг лæппуйы цин кæм æвдисы. Цæмæн кодта Гæбил афтæ тынг цин?

6. Йæхи куыд æнкъардта Гæбил, йæ бæллиц куы сæххæст, уæд? Ссарут тексты мивдисджытæ æмæ сæ бахахх кæнут кърандасæй. Цæуыл дзурæг сты уыдон? Цавæрæй æвдисынц Гæбилы удыконд? *«Гæбил рагæй кæмæ* ***бæллыд,*** *уыцы чиныг йæхи къухты куы* ***ауыдта,*** *уæд æй* ***æрбалхъывта*** *йæ риумæ... ницыуал* ***уыны,*** *ницыуал* ***хъусы.*** *Гæбил* ***фестъæлфыд.*** *Йæ цæсгом* ***фæрайдзаст,*** *йæ цæстытæ* ***сæрттывтой,*** *йæ дзых ныххудынæввонг* ***гомæй баззад»).***

7. Радзырд фæвæййы ахæм хъуыдыйадæй: *«Зæххы къорийыл фыццаг хатт адæймаг куы сæвзæрд, уæдæй ардæм цыдæриддæр лæвæрттæ фæчындæуыд, уыдон мур дæр ницы уыдысты, Гæбил цы лæвар райста, уый цур...»* Цæмæн схуыдта йæ радзырд Куыдзæг «Æрдхæрæны лæвар»? *«Ард хæрын»* цы у, уый зоныс? Кæй номæй ард хордтой æмæ ныр дæр ма ард хæрынц ирон адæм?

8. Цавæр лæппу уыд Гæбил? Ранымайут ын йæ хуыздæр адæймаджы миниуджытæ?

9. Радзырд «Æрдхæрæны лæвар»-æй кæцы бынат фæцыдис дæ зæрдæмæ тынгдæр æмæ цæмæн?

10. Цавæр цæстæй кастысты ахуыргæнæгмæ Æхсайнаг хъæу æмæ æгас комы цæрджытæ? Аргъ ын кодтой йæ куыстæн? Цы ахадындзинад ис ахуыргæнæджы куыстæн нæ нырыккон дуджы?

11. Раргом кæнут Куыдзæджы радзырдæн йæ темæ æмæ йæ идейон мидис.

12. Радзырды ис бирæ æрдзы нывтæ *(пейзажтæ).* Уыцы нывтæ цы пайда сты фыссæгæн?

13. Ныффысс цыбыр нывæцæн – бархийæ равзар дæ куысты темæ: *«Мæ фыццаг чиныг», «Цæмæн хъæуы кæсын чингуытæ?» «Мæ уарзон ирон чиныг», «Чи уыд ирон адæмæн Хетæггаты*

*Къоста?», «Мæ хъуыдытæ Дзесты Куыдзæджы радзырды фæдыл», «Гæбилы фæлгонц Куыдзæджы радзырды», «Гæбилы миниуджытæй махæн цавæртæ сты фæзминаг?», «Гæбилы «æрдхæрæны лæвар».*

**Нывимæ куыст.** Æркæсут чиныджы дыууæ нывмæ. Куыд æвдыст цæуы нывты Гæбил? Цавæр ахорæнтæй пайда кæны нывгæнæг Гæбилы сурæт аразгæйæ? (Гæбил тоны ахуыргæнæгæн дидинджытæ, Гæбил бæласы къалиуыл ныббырыд ахуыргæнæджы шляпæ-худы фæдыл). Цавæр ныв саразис ды Гæбилы тыххæй?

**Хæдзармæ куыст:** ныффыссын нывæцæн уæлдæр лæвæрд темæтæм гæсгæ; зонын дзурын хи ныхæстæй Гæбилы фæлгонцы тыххæй; бархийæ сныв кæнын ахорæнтæй радзырды иу эпизод.

## 6-ÆМ КЪЛАС

**Урочы темæ.** ***Дзесты Куыдзæг. Радзырд «Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы»*** (*2* сах.)

**Фыццаг урок.** Фыссæджы царды хабæрттæ. Радзырды темæ. Дзырдуатон куыст. Дзанджы монументалон сурæт. Йæ характеры сæйраг æууæлтæ: æхсар æмæ намыс. Радзырды аив каст æмæ анализ (райдайæн).

**Дыккаг урок.** Радзырды анализ (дарддæр). Меньшевикты æнæуаг митæ. Дзанджы хъысмæты бæрзонд трагизм. Æрдзы нывты нысаниуæг. Уацмысы идейон мидис (Æгады бæсты – мæлæт) æмæ аивадон фæрæзты иудзинад. Куыдзæг – радзырдтæ фыссыны дæсны.

6-æм къласы хрестоматийы фыццаг хатт уынæм хицæн сæргонд Дзесты Куыдзæджы тыххæй. Ам бакæсæн ис фыссæджы царды хабæрттæ æмæ йе сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй, амынд цæуынц йæ райгуырд æмæ амæлæты азтæ (1905 – 1981). Ам ма фенæн ис фыссæджы сурæт дæр ацæргæ кары. Ахуыргæнæгæн фыссæджы царды тыххæй радзурынæн стыр æххуыс фæуыдзæн Мамиаты Изетæйы чиныг «Кудзаг Дзесов: Очерк творчества (Дзæуджыхъæу: Ир, 1990). Радзырд «Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы» куыд ахуыр кæнын хъæуы? Хуыздæр уыдзæн фыццаг урочы Куыдзæджы биографийы хабæрттæ базонын æмæ радзырд æнæхъæнæй аив бакæсын, дыккаг сахаты та радзырды мидисыл æрдзурын,

йæ сæйраг сурæттæ равзарын æмæ рабæрæг кæнын Куыдзæджы æвзаджы аивадон мадзæлттæ.

**Æнæзонгæ дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуæг:** *хъримаг топп, хæтæл, фугæ, æрæвæрын цагъары ‘фсондз, сапджын уыгæрдæнтæ, æргъæвæгджын рон, фæсмын зæнгæйттæ, фæсмын уæлфад дзабыртæ, стæнхъфæрæдывсттæ, æхсаргард, æхсонджын дамбаца, хотыхтæ, гæзæмæ, фæхæбуз кодта, æфсæйнаг арц, хъабахъ æхсын, царвы хъуырæуттæ, хæппуд зæрдæ, æхсидав, рæхснæг бæрзонд бæрз, цыллæхуыз къалиутæ.* Ныхæстæн сæ фылдæр амонынц хæцæнгарз æмæ адæймаджы дарæсы нæмттæ.

**Æрцындз** – æртæтигъон ставдгомау судзин, дзабыры бынтæ хуыйынæн.

**Гуымбыл** – 1) ногахст цыхт; 2) æхсыр куы бацахсы, уæд уый ном.

**Дывæлдæх ныхас** – дыууæрдæм бамбарæн кæмæн ис, ахæм.

**Мæстæлгъæд** – тынг мæсты адæймаг.

**Стæнхъ** – сæрак.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Цавæр рæстæг æмæ ран цæуы Куыдзæджы радзырды архайд?

2. Цæмæн райдайы радзырд Фугæджын хъæуы æрфыстæй? Цавæр уавæрты цардысты Фугæджыны адæм? Ссар радзырды уыцы бынат æмæ йæ лæмбынæг бакæс.

3. Куыд æмбарут ацы хъуыдыйады мидис: *«Паддзахы æфсады руаджы мæгуыр адæмыл æлдæрттæ æрæвæрдтой цагъары ‘фсондз»?*

4. Чи уыдысты меньшевиктæ, цавæр зондахастыл лæуд уыдысты?

5. Радзырд арæзт у дыууæ хайæ. Фыццаг мах зонгæ кæны Фугæджын хъæуы адæмы цард æмæ уæззау дуджы цаутимæ. Дыккаг хайы æвдыст цæуы йæ сæйраг архайд. Цæмæн равзæрста йæ уацмысæн фыссæг ахæм композици?

6. Чи уыд Дзанг? Ссар тексты Дзанджы фæлгонцы æрфыст æмæ йæ лæмбынæг бакæс. Цæмæн афтæ бæстон дзуры Куыдзæг Дзанджы дарæс æмæ хæцæнгæрзтыл (худ, цухъхъа, рон, зæнгæйттæ, дзабыртæ, хъама, æхсаргард, дамбаца, ставд лæдзæг, йæ кæроныл æфсæйнаг арц)?

7. Цæмæн у афтæ арæзт Дзанг? Цавæр хъуыдыты аныгъуылди, йæ бæрæгбоны цухъхъа куы скодта, уæд? Цæуыл у йæ мæт?

8. Дзанг хъуыды кодта: *«...знаджы раз дæр аргъ лæджы ныхасæн ис, лæг та йæ бакастæй дæр хъуамæ лæджы хуызæн уа. Лæууы Дзанг, лæгау лæгæн куыд æмбæлы, ахæм хуызы».* Куыд æмбарут ацы хъуыдыйæдты мидис? Цавæр лæгæй уынæм мах ам Дзанджы?

9. Цæуылнæ акуымдта Дзанг йæ бинонтимæ Фугæджынæй алидзын? Цавæр дзуапп радта йæ фырттæн? Цæуыл дзурæг сты Дзанджы ныхæстæ?

10. Цавæр фæндтимæ лæууыд Дзанг хъæумæ æрбахизæны йæ урс-хæцъил тырысайы цур?

11. Цы нысан кодта уыцы урс-хæцъил тырыса?

12. Куыд дардта знаджы æфсæддонты раз йæхи Дзанг? Цæуыл уыд сæ ныхас?

13. Цавæр митæ кодтой меньшевиктæ Фугæджыны æмæ æндæр ирон хъæуты?

14. Цы нысаниуæг ис афицеры дзырдæн: *«Райдайут!»* (*«Уыцы дзырдмæ гвардионтæ фæпырх сты фæйнæрдæм. Ахуыр уыдысты ныхасыл, æмбæрстой йæ. Фæлæ йæ Дзанг дæр базыдта».*)

15. Цæмæн æмæ цæуыл худтысты дыууæ хистæр афицеры? Цавæр хынджылæггаг ныхæстæ кодтой зæронд лæгæн?

16. Ссарут радзырды тексты хистæр афицеры ныхæстæ (*«Калачы музейæн... бынылзад ирон лæг», «зæронды буар уазал кæны, кæд схъарм уаис», «Дæ цухъхъа цинелæй ивынмæ хъавыс? И? Гъей, Ос-Бæгъатыр! Ха-ха!», «зæронд хæррæгъ», «зæронд халон», «нымбийдзынæ ам», «зæронд хæрæг»*). Цавæр лæгæй æвдыст цæуы афицер?

17. Кæмæй загъта Дзанг: *«Мæнг зæгъыс, афицер! Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы, нæдæр цæгатмæ! Ардæм сæ хъæуы!»*

18. Радзурут, уацмысы ныхæстæй пайда кæнгæйæ, куыд хъавыд йæ маст исынмæ зæронд Дзанг йæ карды комæй æмæ йын цæуылнæ фæрæстмæ? (*«...дæ кады сидт дæр худæджы хос фæци де знагæн»*).

19. Цы цæстæй кæсы æхсар æмæ намысмæ радзырды сæйраг герой Дзанг?

20. Куыд фесæфт Дзанг? Цавæр æууæлтæ равдыста йæ амæлæты размæ? Æгады цард æви хъæбатыры мæлæт: кæцы фæндагыл дзы ацыд зæронд лæг? Цæмæн?

21. Цавæр у радзырды кæрон – трагикон æви оптимистон (ома, фыссæджы уырны, цард йæ къахыл фæстæмæ кæй слæудзæн)? Ссар тексты уыцы ныхæстæ *(«О бецау, зæронд Дзанг! Иу хатт-ма уæддæр куы ракæсис! Иунæг, æрмæст иунæг сыбыртт фæцыд фæсæфцæгæй æмæ, кæс-ма!.. Раст загътай, зæронд! Хур скæсæнмæ нæ ныгуылы, нæдæр цæгатмæ... Туджы зæй рауадзæг йæ тымыгъы бахаудта, зæй йыл фæстæмæ дагъæй æрбасчъил... Сар кæны уыдон бон, скæсæнмæ нæ, ныгуылæнмæ чи лидзы!»)*.

22. Уацмысы ис ссарæн бирæ æрдзы нывтæ (райдианы – нарæг ком, Фугæджын хъæу, æдзæрæг хъæу, судзгæ хъæу, сыгъд бæрз бæлас хъæуы астæу). Уыдон баст сты Дзанджы фæлгонцимæ, æвдисынц ын йæ зæрдæйы уаг. Куыд пайда кæны фыссæг ахæм аивадон мадзалæй? Цы ахадындзинад ис æрдзы нывтæн уацмысы?

23. Цавæр æндæр аивадон мадзæлттæй пайда кæны фыссæг? (Эпитет, абарст, диалог, фæлхатæн, ныхмæвæрд æмæ а. д.)

24. Уæ зæрдæмæ фæцыди Куыдзæджы радзырд? Цæмæй? Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ равзæрын кодта уæ зæрдæты?

**Дыккаг урочы** кæрон скъоладзаутæ байхъусдзысты ахуырдзауты бацæттæ рефераттæм.

1-аг скъоладзауы реферат. «Джыккайты Шамил Куыдзæджы радзырды тыххæй».

Дзесты Куыдзæг фынддæсаздзыдæй бавзæрста лидзæг адæмы хъысмæт. Цаутæ фыссæгæн радтой бар уыдоны нывæфтыд кæнын йæ хицæн уацмысты. Сæ ахадгæдæр у романтикон радзырд «Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы». Ам Куыдзæг равдыста иу эпизод 1920 азы историон цаутæй.

Шамил зæгъы радзырды тыххæй: «Йæ конфликты бындур у социалон æмæ национ. Революцийы тымыгъы Гуырдзыстон рацыд Уæрæсейы дæлбазырæй, тыхбар дзы райстой æлдæрттæ æмæ националистон буржуази. Фæллойгæнæг Хуссар Ир агуырдта бартæ, тох кодта социалон сæрибар æмæ национ хæдбарадыл. Уыйадыл Гуырдзыстоны æфсад æрбабырстой Ирыстонмæ. Судзынц хъæутæ, цæуынц туджы лæсæнтæ. Уыцы трагикон цаутæй Куыдзæг райста иу адæймаджы хъысмæт – ирон лæг Дзанджы мæлæт.

Радзырдæн ис оригиналон сюжет. Зæронд Дзанг нæ ныуагъта йæ артдзæст, – уый фæнды знаджы зынгæй йæ хъæу

бахъахъхъæнын. Йæхи ирон арæзт скодта æмæ урс тырысаимæ цæуы тыхгæнджыты размæ. Фæлæ нæй фидауæн гуырдзиаг æлдар æмæ ирон зæхкусæгæн. Дзанг йæ сæрæй нæ уадзы хъазын æмæ йæ бахъæуы хотыхмæ æвналын. Хъайтар лæг ссары кады мæлæт.

Дзанджы фæлгонц арæзт у ирд ахорæнтæй. Уый у сыгъдæгзæрдæ, хуымæтæг хохаг. Йæхæдæг куыд уæздан у, афтæ æнхъæл у знагæн дæр. Фыдæлтыккон хæцæнгæрзтæ æрбаста, афтæ цæуы урс тырысаимæ, – ацы нывæй зыны, Дзанг патриархалон лæг кæй у, уый. Нывы ис комедион эффект дæр – худæг у къалссон знаджы ныхмæ ахæм фæрæзтæй лæууын. Лæг йæхæдæг дæр хаты йæ уавæр æмæ хъуыды кæны йæхимидæг: «Урс тырыса. Састы нысан. Цымæ йæ чи æрхъуыды кодта? Урс цæмæн? Сау боныл сау хуыз хуыздæр куы фидауы!» Фæлæ нывæн ис æндæр нысаниуæг. Урс тырыса сау артæй нæ бахызта хъæу. Уый нымады нæу агрессортæм. Йæ разы бæлвырддæр зынынц знæгты сау митæ. Афтæмæй нывы бацæуы символон мидис. Урстырысаджын урсбоцъо лæг æмæ «сау афицер» сты контрастон тыхтæ. Нæй фидауæн социалон знæгтæн. Сюжет рæзы æмæ комедион уавæр рахизы трагикон уавæрмæ. Дзанг разынд гæрзарм. Афицертæм нæ разынд нæдæр æгъдау, нæдæр æфсæддон лæджыхъæд».

2-аг скъоладзауы реферат. «Æгады бæсты мæлæт».

Дзанг йæ лæгдзинад, йæ арæхстæй, суанг йæ мæлæтæй дæр худинаджы гакк æвæры знæгтыл, уæлахиз сыл кæны канд хæстон фæлтæрддзинадæй нæ, – намысæй æмæ зæрдæйы хорзæй. Радзырды кæрон нывтæ райстой сау хуыз. Сыгъд хæдзæрттæ зынынц сауæй, урс бæрз бæласмæ бахæццæ арт. Уый «саутæ æркодта, царциаты диссæгтæн, æбуалгъ фыдракæндæн хъæуы бæстастæу саударæг баззад...» Хуызджын сценæйы арф мидис (бæлас саутæ скодта) уæлдай æмбарынгæнæнтæ нæ домы фыссæгæй. Уый поэтикон æгъдауæй æвдисы радзырды хъайтары мæлæты трагизм, гуырдзиаг лæгмар меньшевикты цъаммар зæрдæйы уаг. Фæлæ радзырды ис оптимистон пафос. Дзанг мæлгæ-мæлын дæр йæ зæрдæйæ хаты дард уынæр – кæмдæр æрцæуынц сæрибары хæстонтæ, хæссынц рæстдзинады сырх тырыса! Сау хуызыл фæйлауы сырх – сæуæхсид æмæ хуры хуыз. «Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы», нæй басæттæн сæрибарыл тохæн, – уый уыд Дзан-

джы фæстаг хъуыды. Уыцы хъуыды радзырды кæроны зæлы симфонийау, хæссы рухс æмæ уæлахизы цин.

Дзанджы сурæт зæрдыл æрлæууын кæны Нарты эпосы хъайтарты. «Персонажы монументализм иппæрд нæу йæ удыхъæды сæрмагонд æуууæлтæй, у цардхъом, цæстуынгæ, аивадон æгъдауæй æххæст», – ахæм цæстæнгас дары Дзанджы сурæтмæ литературæиртасæг Мамиаты Изетæ.

**Хæдзармæ куыст:** (бархийæ) 1) ратт дзуапп фарстæн: «Цавæр мидис ис радзырды номы?» 2) бацæттæ кæнын радзырд ахæм темæйыл «Куыдзæджы радзырды аивадон фæрæзтæ æмæ сæ ахадындзинад».

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## РÆСТÆГÆЙ ИППÆРД ÆМДЗÆВГÆТÆ

Ирон советон литературæйы чысыл нæй, советон цард раст чи æвдисы, ахæм уацмыстæ. Фæлæ суанг тæккæ стырдæр ирон фысджыты уацмысты дæр вæййы рæдыдтæ, нæ социалистон æцæгдзинад гуымиры хуызы чи æвдисы, ахæмтæ.

Дзырдæн райсæн ис зынгæ ирон поэт Нигеры æмдзæвгæ «Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст» æмæ поэмæ «Сырхæфсæддон дзурдзæн».

Уыцы æмдзæвгæты Райгуырæн бæстæйы тыххæй хъуыды дарддæр нæ цæуы Цæгат Ирыстонæй. Æмдзæвгæтæ фыст æрцыдысты гитлерон лæбурджыты ныхмæ Советон Цæдисы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй. Фæлæ уыцы уацмысты бынмæ куы нæ уаид, кæд фыст æрцыдысты, уыцы датæтæ, уæд ничи бамбарид, ныхас Фыдыбæстæйы Стыр хæстыл кæй цæуы, уый. Иу ныхас дæр дзы нæй, знæгтæ чи сты, уый тыххæй. Æмдзæвгæты æвдыст не' рцыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæст канд Ирыстоны нæ, фæлæ æппæт Советон Цæдисы сæраппонд кæй цыдис æмæ уыцы хæсты архайæг канд ирæттæ нæ, фæлæ нæ бæстæйы иннæ æппæт адæмтæ дæр кæй уыдысты, уый. Ирыстон æфсымæрон иннæ республикæтæй хицæнгонд кæй цæуы, уый у уыцы уацмысты сахъатдзинад.

Национ цыбыркъуыхдзинад уæлдай тынгдæр зыны, «Сырхæфсæддон дзурдзæн», зæгъгæ, уыцы поэмæйы.

...Хæсты быдыры мæлы ирон сырхæфсæддон. Мадæлон æвзагыл уый æхххуысмæ дзуры йе 'мбæлттæм. Уæд æм æндæр цæф ирон йæ дзырдмæ гæсгæ æрбацыд. «Ау, ды ирон дæ?» – дисгæнгæ фæрсы мæлæг æфсæддон. «О, æз ирон дæн», – дзуапп ын радта уый. Мæлæг æфсæддон ын уæд радзырдта йæ ныстуантæ æмæ дзы ракуырдта, цæмæй йæ уæлсыджыт ма ныууадза.

Афтæ зыны, хæсты быдыры мæлæг ирон æфсæддонмæ цыма уырыссагæн дæр, украинагæн дæр, гуырдзиагæн дæр æрбацæуæн

нæ уыди, æмæ уымæ ирон куы нæ æрбацыдаид, уæд иунæгæй амардаид, уый хуызæн.

«...Советон патриотизмы, – дзырдта æмбал Сталин, – иумæ баст сты адæмты национ традицитæ æмæ Советон Цæдисы æппæт фæллойгæнджыты царды иумæйаг тырнындзинæдтæ. Советон патриотизм хицæнтæ нæ кæны, фæлæ иумæ æнгом кæны нæ бæстæйы æппæт нациты æмæ адæмыхаттыты иугонд æфсымæрон бинонты мидæг».

Уыцы иугонд æфсымæрон бинонтæ æвдыст не 'рцыдысты Нигеры уыцы уацмысты.

Хъыгаг у, ацы æмдзæвгæтæ Нигеры уацмысты æмбырдгонды фыццаг томмæ кæй бацыдысты, æмæ скъолаты æмæ педагогон институтты ирон æвзаджы æмæ литературæйы факультеты ахуыргонд кæй цæуынц, уый.

Фысджыты хистæр фæлтæры рæдыдтытæ æнæфæзынгæ нæ фесты литературон фæсивæдыл, йæ сфæлдыстадон рæзындзинады фысджыты хистæр фæлтæрыл ахуыр кæнгæйæ.

Уыцы хъуыддаг тæккæ бæлвырддæр зыны Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæты æмбырдгонд «Царды хъæбыс»-ы, ирон критиктæ стыр аргъ кæмæн скодтой, уым. Æмбырдгонды фылдæр æмдзæвгæтæ фыст æрцыдысты советон рæстæг не 'вдисгæйæ. Æмдзæвгæтæ «Фыдыбæстæ»-йы, «Мæ хæс»-ы, «Кавказ»-ы раст æвдыст нæ цæуы советон Райгуырæн бæстæ, Нигеры поэмæйы куыд раст æвдыст нæ цæуы, афтæ.

Афтæ зыгъуыммæ хуызы æвдыст цæуы нæ советон цард æмдзæвгæтæ «Хъæмæ», «Фыстæг мæ мадмæ»-йы.

Æмдзæвгæ «Хъæмæ»-йы автор фыссы:

*Мæ цæстытыл уайы*
*Нæ ныллæг хæдзар,*
*Йæ сæгæйдзаг къултæ,*
*Йæ сæгæйдзаг цар.*

*Мæ цæстытыл уайыс,*
*Ныййарæг, ды дæр,*
*Цыма та мын сæрдмæ*
*Æмпъузыс цыдæр.*

Ахæм рæнхъытæ мах уынæм, «Фыстæг мæ мадмæ», зæгъгæ, уыцы æмдзæвгæйы дæр.

*Мæ цæстыл уайы райгуырæн хъæубæстæ,*
*Нæ хъæдын къул, нæ æлыгбын хæдзар.*

Мæнæ цæуыл дзурæг сты ацы æмдзæвгæтæ! Уыдон æппындæр не ‘вдисынц нырыккон ирон хъæуы хъæздыг æмæ культурон цард.

Советон æцæгдзинад зыгъуыммæ æвдисы Кочысаты М. æндæр æмдзæвгæ «Фæстаг салам» дæр. Лирикон герой кæуы йæ уарзон чызгимæ фембæлдыл, хæрзбон зæгъы уымæн, уыдонæн кæрæдзийы уарзæн нал ис чызджы тызмæг фыды тыххæй.

*Æз уарзтон дæу, дæхи зæрдæ æвдисæн,*
*Фæлæ дæ сонт, тызмæг фыды тыххæй*
*...Аскъуыди нæ уарзондзинад æмбисыл.*

Ацы æмдзæвгæйы мотив цæрынхъом уыди зæронд рæстæджы, æмæ арæзт уыди феодалон-мыггагон ахастдзинæдты бындурыл, сылгоймагæн йæ фадат куы нæ амыдта, йæ хъысмæтæн хицау уæвынæн, уæд. Бафæрсæн ис, ацы æмдзæвгæйы сюжет цы хуызы æвдисы нæ советон лæппуты æмæ чызджыты?

Æрыгон фысджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй кæй ныффыстой, уыцы уацмыстæй дæр бирæты ис ахæм хъуагдзинæдтæ – советон рæстæгæй иппæрддзинад.

Беджызаты В.-йы поэмæ «Фæдзæхст»-ы герой зæронд Хъуыдайнад йæ фырт Битарæн ралæвар кодта йæ хъама æмæ уый уыцы хъамаимæ цæуы знаджы марынмæ.

Зын бауырнинаг у, автор ацы поэмæйы советон адæмы, уыдоны цард, фашистты ныхмæ сæ тох кæй æвдисы, уый. Цæвиттонæн æгъгъæд уыдзæн поэмæйæ цалдæр рæнхъы æрхæссын:

*Сæ фæныкмæ касти, уым кæрдзынтæ симдтой,*
*Сæ артдзæсты сæрмæ уыд ауыгъд рæхыс.*
*Фæрнджын уыд йæ рæхыс фыдæлтæй фæстæмæ.*
.......................................................................
*Сæ къона æвдыста, фыдæлтыккон нывтæ:*
*Йæ фæрстæм быцæуæй сæнæрттæ лæууыд.*
*Æндзарæнæн с ‘астæу нæзыйы æхсныфтæ,*
*Сындæггай сыгъдысты, сæ сау фæздæг цыд.*
*Сæгуыты сыкъатыл уыд рагъæныл ауыгъд:*
*Хъыримаг, æхсаргард, фыдæлтыккон уарт.*

Уыцы æппæт музейон нывтæ зæрдыл лæууын кæнынц, раджы чи ахицæн, уыцы замантæ. Чи бауæнддзæн авторыл, уыдон нырыккон царды нывтæ сты, зæгъгæ, ууыл?

Поэмæ «Фæдзæхст»-ы герой фронтмæ цæуыны агъоммæ фæдзæхстгонд æрцыд Уастырджийæн. Кæд мыййаг уый дæр нырыккон царды нывтæй иу у?

Диссаг у, ахæм æдылыдзинæдтæй дзаг чи у, цард бынтон зыгъуыммæ хуызы чи æвдисы, уыцы уацмыс мыхуыры ирон зындгонд фыссæг Мамсыраты Дæбейы редакцигондæй кæй фæзынди, уый.

Нæ бирæ æндæр æрыгон поэттæ дæр арæх иуварс рацæуынц нырыккон æцæг цардæй. Уый фæдыл фæзыны бирæ идеологион зыгъуыммæдзинæдтæ дæр, советон ирон литературæйы рæзындзинад фæстиат чи кæны, дзыллæты коммунистон хъомылады хъуыддаджы аивадон дзырды цыргъ хотых къуымых чи кæны, ахæм зыгъуыммæдзинæдтæ.

Æрыгон фысджытæ хъуамæ цæхгæр аиуварс кæной, ирон литературæйы цы рæдыдтæ уыди, уыдоны тæваг, биноныгдæрæй ахуыр кæной нырыккон царды æцæгдзинад, цардимæ цæуой иумæ, цæмæй йæ раст æвдисой аивадон уацмысты æмæ æнтыстджындæрæй кусой советон адæмы коммунистон хъомылады ахсджиаг хъуыддагæн.

*ДЖИОТЫ Х.,*
*ХЪЫБЫЗТЫ Т.*
*«Æрыгон большевик»*
*1952.21.09*

# ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

♦ Æрдзон зонд адæймагмæ цас фылдæр хæццæ кæны, уый-ас адæймаджы зонд æрдзыл фылдæр ахады.

♦ Дзуджы разæй чи цæуы, уыцы цæуæн йæ сыкъатæ хъуамæ дзæбæх зыной, суанг фæсте цы фыс цæуы, уымæ дæр.

♦ Цард æрмæст хъуыдаттæй куы уаид, уæд каркæй каддджындæр ничи уаид.

♦ Сыкъаджынтæ куы сбирæ сты, уæд гуымыдза дæр райгуырди.

♦ Æрмæст йæхи чи уарзы, уый, йæхи йын чи уарзы, уыцы сылгоймагмæ дæр хæлæг кæны.

♦ Лæгæн йæ ныхасы уæз куы нæ уа, уæд ын йæ хъуыдытæ комы тæф дæр ахæсдзæн.

♦ Алкæмæ йæхи хæрзгæнæгæй чи æвдисы, ахæм адæймагыл макуы бауæнд.

♦ Æнæ дæхи æхxуысæй дæ зондджын дæр ничи схондзæн, æдылы дæр.

♦ Йæ хорздзинад фыддзинадæй кæмæ здæхы, уый амондæй æлгъыст у.

♦ Айкæй каркæй чи хистæр у, ууыл хъайлахæрæг хъуыды дæр нæ акæны.

♦ Царды стыр фæндæгтæ дæр райдайынц æмæ фæвæййынц къахвæндæгтæй.

♦ Зонд æмæ кад æрмæст карæй аразгæ куы уаиккой, уæд халон мыггагмæ хистæрæн бадид, булæмæргътæ та йын уырдыг лæууиккой.

♦ Хъæхъхъаг куыдзы дзидзайы хæйттæй ма сай, куы бафсæда, уæд дыл тынгдæр фæхæцдзæн.

***Бызъуылты Къола***

# «МАХ ДУГ» 2014 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

### АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 90 АЗЫ

*АЙЛАРТЫ Измаил.* **Мæ цардвæндаг.** Уац. VIII, 6.

### АХМАТОВА АННÆ: 125 азы

*АХМАТОВА Аннæ.* **Реквием.** *Æмдзæвгæтæ.* VII, 92.

### ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 75 АЗЫ

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар.* **Хъуамæ истæуыл судза дæ зæрдæ.** Æмдзæвгæтæ. V–VI, 182.

### ГАССИТЫ АФАНАСИ: 170 АЗЫ

**Фыццаг ирон философ.** VIII, 89.

### ДЖАМИ: 600 АЗЫ

*ДЖАМИ.* **Уацмыстæ.** V-VI, 243.

### КОКАЙТЫ ТОТРАДЗ: 70 АЗЫ

*КОКАЙТЫ Тотрадз.* **Цардвæндаг фыдыуæзæгыл хизы.** Æмдзæвгæтæ. IX, 67.

### КЪОСТА: 155 АЗЫ

*ЦОМАЙТЫ Хадзырæт.* **Рухсаг.** X, 6.
*КЪОСТА.* **Æмдзæвгæтæ.** X, 7.
**Къостайы афоризмтæ, хъуыдытæ, цитатæтæ.** X, 19.
*БАРАХЪТЫ Еленæ.* **Къостайы фыццаг мысæн бон.** X, 28.
**Поэттæ Къостайы тыххæй.** X, 31.

### ЛЕРМОНТОВ МИХАИЛ: 200 АЗЫ

*ЛЕРМОНТОВ Михаил.* **Æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ, цитатæтæ.** X, 54.

## «МАХ ДУГ»: 80 АЗЫ

**Арфæтæ.** V–VI, 6.

## САНАТЫ УАРИ: 130 АЗЫ

*САНАТЫ Уари.* **Тугвæндаг.** (Сафирæты таурæгъ). II, 6; III, 13.

## СИТОХАТЫ САЛАМДЖЕРИ: 80 АЗЫ

*СИТОХАТЫ Саламджери.* **Адæм – цырæгътæ.** Æмдзæвгæтæ. X, 114.

## ТЕДЕТЫ ЕФИМ: 85 АЗЫ

*ТЕДЕТЫ Ефим.* **Цин æмæ маст.** Æмдзæвгæтæ. IV, 29.

## ТЫДЖЫТЫ ЮРИ: 80 АЗЫ

*ТЫДЖЫТЫ Юри.* **Бонты цалх.** Æмдзæвгæтæ. V–VI, 176.

## МИГЕЛЬ ДЕ УНАМУНО: 150 АЗЫ

Мигель де Унамуно. **Уацмыстæ.** XII, 95.

## ЦÆРУКЪАТЫ ВАЛОДЯ: 85 АЗЫ

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр, ЦÆРУКЪАТЫ Валодя.* **Уидæгты хъæрзын.** Уацау. VII, 6; VIII, 59.

## ЦЫРЫХАТЫ МИХАЛ: 95 АЗЫ

*ЦЫРЫХАТЫ Михал.* **Хæхты зæлтæ.** Æмдзæвгæтæ. II, 32.

## ШЕВЧЕНКО ТАРАС: 200 АЗЫ

*ШЕВЧЕНКО Тарас.* **Æмдзæвгæтæ.** II, 81.

## ПОЭЗИ

*АБОЙТЫ Зарæ.* **Æрвæрттывды тæгтæ.** Æмдзæвгæтæ. I, 64; **Нæртон симд.** Æмдзæвгæ. VII, 77.
*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Цъæхбазыр уалдзæг.** Æмдзæвгæтæ. XI, 87.
*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Æмдзæвгæтæ.** V–VI, 236.
*ГАДЖИТЫ Барис.* **Ирыстоны мысгæйæ.** Æмдзæвгæтæ. I, 42.
*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя.* **Сыгъдæг уд у мæ фаг.** Æмдзæвгæтæ. V–VI, 218.

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Фарны арт.** Æмдзæвгæтæ. VII, 73; **Æртæ æмдзæвгæйы.** XI, 48.
*ДАУЫРÆ, ÆЛБОРТЫ Беллæ, БУТАТЫ Ритæ, ДЖУСОЙТЫ Майæ, КОКОЙТЫ Эльзæ, КУЫМÆРИДТАТЫ Ирмæ, ХУЫДЖЕТЫ Азæ, ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Æмдзæвгæтæ.** III, 52.
*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.* **Удæй зынаргъдæр.** Æмдзæвгæтæ. VII, 85.
*КОСТЫ Лизæ.* **Сойын цырагъ.** Æмдзæвгæтæ. IX, 7.
*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Рæстдзинады фатыл.** Æмдзæвгæтæ. VII, 28; **Мысинæгтæ – мысайнагау.** Æмдзæвгæтæ. XI, 6.
*КЪОДОТЫ Альберт.* **Рухсæй гуырд зарæг.** Æмдзæвгæтæ. II, 71; **Уарзт – æрдзы уидаг.** Æмдзæвгæтæ. VIII, 50; **Æууæнчы фарн.** Æмдзæвгæтæ. XII, 6.
*МАЛИТЫ Хасан.* **Малиты Геуæрги зар.** I, 66.
*РÆМОНТЫ Геор.* **Дзымандытæ.** Æмдзæвгæтæ. XII, 48.
*СКЪОДТАТЫ Эльбрус.* **Алдæнбид рæнгъитæ.** Æмдзæвгитæ. VIII, 82.
*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** IX, 87.
*ФИДАРАТЫ Руслан.* **Æртæ æмдзæвгæйы.** IX, 88.
*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Гыцци.** Æмдзæвгæ. XI,
*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Фидæны чиныг «Исчи»-йæ.** Æмдзæвгæтæ. IV, 77.

## ПРОЗÆ

*БУТАТЫ Победæ.* **Æвзаг.** Элегии. IX, 86.
*БЫГЪУЫЛТЫ Къола.* **Æлвæст хъуыдытæ.** XII, 134.
*ГÆБÆРАТЫ Юри.* **Новеллæты баст.** IV, 36.
*ГУСАЛТЫ Замирæт.* **Сырдты æлдар.** Æмбисонд. III, 71.
*ГУСАЛТЫ Барис.* **Стæмтæй иу.** Цардвæндаджы уацау. XI, 50; XII, 51.
*ГУЫЦМÆЗТЫ Миланæ.* **Бурдым мæргъты æмбырд.** Новеллæ. III, 70.
*ДЖЫККАЙТЫ Зæлинæ.* **Æмбисæндтæ.** IV, 91.
*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Мæйты дæргъæн азтæ.** XI, 17; XII, 17.
*КОЦОЙТЫ Арсен, МАМСЫРАТЫ Дæбе, ЕПХИТЫ Тæтæри, ЦÆГÆРАТЫ Максим.* **Радзырдтæ.** V–VI, 23.
*НАФИ.* **Сосо бадзуры.** Уацау. I, 5; II, 39.
**Сылгоймаг, уарзондзинад, фидауц.** III, 6.
*ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан.* **Даргъ сомтæ.** Радзырд. I, 50; **Дыууæ радзырды.** III, 73; **Ног уарзт.** Новеллæ. VII, 78.
*ХОРАНТЫ Валодя.* **Хъæлдзæг ныхæстæ.** I, 68.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Зын кары зарæг.** Уацау. V–VI, 191; VII, 34.
*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт, МÆРЗОЙТЫ Сергей, АГЪНИАН, ХÆ-*

*БЛИАТЫ Сафар, ДОЦОЙТЫ Зойæ.* **Радзырдтæ, новеллæтæ.** V–VI, 69.

*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Сусæг зæгъинæгтæ.** Новеллæ. V-VI, 226; **Хъæбул æви ардбахæрд.** Новеллæ. IX, 79.

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Цъæхдзаст донычызг.** Уацау. IX, 16; X, 61.

## ДРАМАТУРГИ

*МОЛЬЕР ЖАН-БАТИСТ.* **Æнæбары лечъыр.** (Æмбалты Цоцкойы тæлмац.) V–VI, 120.

## ФАРНХÆСДЖЫТÆ

*АБАЙТЫ Арбилянæ.* **Йæ фыды фæндиаг чызг.** III, 82.

**Ирон дзырды сæрвæлтау.** III, 89.

*РЕЗНИК Ольгæ.* **Амондджын бинонтæ.** III, 91.

## НÆ АХУЫРГÆНДТÆ

*ГАСАНТЫ Валери.* **Хорздзинад нæ сæфы.** Уац. XII, 109.

*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æрдзы хæлар.** Уац. XI, 103.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ДЗЕСТЫ Куыдзæг.* **Радзырдтæ, аргъæуттæ.** V–VI, 251.

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**Аргъæуттæ.** I, 70.

## ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

*БЕКЪОЙТЫ Елиоз.* **Мады цæссыгтæ.** Радзырд. IX, 112.

*БЕСАТЫ Тазе.* **Хæхты астæу.** Цыбыртæгондæй. XI, 118.

*ДЗЕСТЫ Куыдзæг.* **Радзырдтæ.** I, 110.

*МАМСЫРАТЫ Дæбе.* **Радзырдтæ.** III, 122.

*НИГЕР.* **Радзырд, этюдтæ, таурæгъ.** II, 114.

*ТОКАТЫ Асæх.* **Алцæмæн дæр – рад æмæ æгъдау.** Радзырд. VII, 123.

*ФÆРНИАТЫ Къоста.* **Уады уынæр.** Сæргæндтæ романæй. IV, 113.

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*ЗОЛОЙТЫ Аркади.* **Немыцаг поэзийæ.** VIII, 93.

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*МАМИАТЫ Изетæ.* **Хивæнд зæрдæйы дуне.** Уац. IX, 90.

## КРИТИКÆ ÆМÆ БИБЛИОГРАФИ

*РУБАЙТЫ Барис.* **Иу чиныджы тыхххæй.** X, 134.
*ТАХЪАЗТЫ Харум.* **Ирон æвзаджы программæтæ æмæ ахуыргæнæн чингуыты тыххæй.** I, 97.

## АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*БАГАТЫ Аврам.* **«Сæрыстыр дæн, ирон кæй дæн, уымæй».** Уац. X, 128.

## ФЫССÆГ ÆМÆ ЦАРД

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Фыссæджы хæс – адæмы хъæрмæ хъусын.** Интервью. IV, 6.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Не 'взаг – нæ дарæг, нæ уромæг.** Уац. IV, 16.

## УИДÆГТÆ

**Нæртон афоризмтæ, æмбисæндтæ, нывтæ, хабæрттæ.** V-VI, 286; VIII, 124.

## ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ БЫНДУР

**Хъуыдытæ, æмдзæвгæтæ, базырджын ныхæстæ.** II, 95.

## АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Уæхи Али фон Токаты – дæргъæвсаг паша».** Кæрон. I, 90; **Дзесты Куыдзæджы сфæлдыстад астæуккаг скъолайы.** VIII, 114; XII, 114.

## ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**Анонимон уацтæ.** II, 109; III, 117. М. Никитин. **Гнездо буржуазных националистов в Госиздате СОАССР.** IV, 107.

*ДЖИОТЫ Х., ХЪЫБЫЗТЫ Т.* **Плиты Гришы иуæй-иу зианхæссæг æмдзæвгæты тыххæй.** V–VI, 278. *МАМСЫРАТЫ Д., ХЪАНЫХЪУАТЫ В.* **Ирон поэты иуæй-иу уацмысты идеологион рæдыдты тыххæй.** VII, 112. **Ирон литературæзонынады фарстаты фæдыл конференци.** X, 137. **Разворошить гнездо буржуазных националистов.** XI, 113. **Рæстæгæй иппæрд æмдзæвгæтæ.** XII, 130.

## «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

I, 77 – *ГÆБÆРАТЫ Феликсы* куыстытæ. II, 85 – Историон иллюстрацитæ. III, 99 – Кавказаг сылгоймæгтæ. IV, 96 – *Майкл ГРЭБЫ* куыстытæ. V–VI, 159 – *ЕДЗИТЫ Сослæнбеджы* куыстытæ æмæ хуызтæ. VII, 109 – Алы диссæгтæ. VIII, 101 – *ЕСЕНАТЫ Æхсары* куыстытæ. IX, 102 – *Эрнестинæ ГАЛЛИНАТЫ* куыстытæ. X, 15, 122, – Къостайы хуызтæ æмæ куыстытæ.

## АРВИСТОН

I, 138; II, 135; IV, 134; V-VI, 296; VII, 134; VIII, 133; IX, 133; XI, 134.

## ТÆФÆРФÆС

**ХÆМЫЦАТЫ Албег** – II, 143.



*Индиаг лæппу фервæзын кодта саджы лæппыны.*





*Лæппу ирвæзын кæны къæбылайы.*

* * *

*Шеф-редактор* *Ирида КОДЗАТИ*
*Корректор* *Заира КАРАЦЕВА*
*Дизайн* *Залина ГУРИЕВА*
*Компьютерный набор* *Марина КИРГУЕВА*

* * *

Цъары фæрстыл:

*Цæрæгойтæ-бинонтæ.*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ авторты фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; ответсекретарь, отдел прозы – 25-20-52; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

*Подписано к печати 15.12.14. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 583. Цена свободная. Выход из печати 20 декабря 2014 г.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247